

KREYÒL

PWOGRAM SEGONDÈ



Gouvènman Repiblik Dayiti

**Ministè Edikasyon
Nasyonal ak Fòmasyon
Pwofesyonèl**





Pwogram Kreyòl Segondè

**MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK
FÒMASYON PWOFESEYONÈL (MENFP)**

DÈNYE VÈSYON –24 jiyè 2024

PREYANBIL

Pawòl Minis lan,

Zanmi mwen yo,

Jodi a, kòm Minis Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl, Mwen santi mwen kontan pou mwen ekri nou, pou mwen fè nou konnen mwen pibliye nouvo pwogram pou klas segondè yo. Pandan dènye ane sa yo gen yon pakèt efò ki fèt pou revize epi mete pwogram nouvo segondè yo ajou. Desizyon sa se yon gran avanse ki fèt pou nou rive genyen yon pi bon kalite sistèm edikatif ki pa kite pèsonn sou kote.

Pandan lekòl fenk sot ouvri la a, mwen te otorize yo itilize dènye vèsyon pwogram segondè yo. Travay sa a montre volonte mwen genyen kòm Minis pou mwen travay, men tou, li montre volonte gouvènman an genyen pou l fè tout moun gen aksè ak yon pi bon kalite edikasyon. Yon kalite edikasyon k ap ede yo kalifye, pou yo gen konpetans yo bezwen pou fè fas ak pwoblèm sosyal ak ekonomik yo.

Nou te revize pwogram yo nan objektif pou nou te reponn ak bezwen sosyete a vin genyen jounen jodi a pandan nou ap ajoute lòt konpetans ki nesè epi k'ap ede jèn nou yo transfòme tèt yo pou yo vin sitwayen ki responsab. Bò kote pa mwen, mwen gen konviksyon edikasyon pa dwe yon privilèj, men yon dwa fondamantal pou tout ayisyen alawonnbadè.

Mwen fè tout sak posib pou pwogram sa yo disponib yon fason pou mwen ankouraje nou toujou gen angouman poun fòme tèt nou pèsonèlman. Se yon fason tou pou mwen soutni fanmi yo ak gwoup kominotè yo e pou mwen ankouraje nou edike tèt nou pandan tout lavi nou. Edikasyon se motè pou fè devlopman se li ki pèmèt chanjman fèt anndan yon sosyete. Se poutèt sa, mwen envite paran yo, pwofesè yo, ak tout lòt moun k'ap viv nan sosyete a pou yo pran tout resous ki disponib yo, eseye itilize yo nan bon moman, pou jèn nou yo ka genyen yon eksperyans rich.

Mwen di tout moun ki te kontribiye nan travay sou pwogram yo yon gran mèsi, sitou Ajans Fransè pou Devlopman(AFD). Gras ak pwojè NECTAR, gen yon pakèt zanmi ministè a ki te ede nan gwo travay li t'ap fè a. Mwen voye yon pakèt remèsiman pou tout ayisyen ak etranje ki t ap panse sou revizyon pwogram yo. Mwen salye Kowòdinasyon Pòl Ansèyman ak kalite tou (KOPAK), Mwen salye detèminasyon Direksyon Ansèyman Segondè (DAS) ak kolaborasyon "Inite Teknoloji Edikasyon"(ITE).

Se pou pwogram sa yo kontribye nan transfòmasyon sosyal n ap tann depi lontan an!

**Augustin ANTOINE, Minis
Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl**

Tab matyè

Prezantasyon	5
Poukisa pwogram sa ?	5
Ansèyman Segondè a.	6
Plas li nan kourikoulòm ayisyen an.	6
Konpetans elèv yo dwe devlope aprè etid klasik yo.	7
Yon chanjman anpwofondè nan sistèm edikatif ayisyen an.	13
Elèv yo dwe aktè prensipal nan pwòp aprantisaj yo.	13
Yon nosyon esansyèl: konpetans.	13
Yon egzijans: evalyasyon	14
Sa nap atann ak tout fòs	15
Li epi itilize pwogram yo	17
Wòl pwogram yo	18
Kisa ki gen anndan pwogram yo?	19
Domèn aprantisaj yo-Matyè yo	19
Pakou aprantisaj ak orè.	21
Itilize pwogram yo	23
Nesesite pou gen inite nan mitan pwofesè yo	24
Domèn Lang ak kominikasyon	26

PREZANTASYON

Poukisa pwogram sa yo ?

Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) te kòmanse yon gwo travay pou vini ak bagay tou nèf nan sistèm edikatif ayisyen an pandan plizyè lane. Objektif prensipal refòm sa yo, se pou tout elèv ka reyisi, pou yo kapab fè fas ak gwo pwoblèm ki poze nan 21nyèm syèk la, epi pou yo ka pote kontribisyon yo nan pwogrè peyi nou. Tout sa fèt nan objektif pou kontinye ak refòm Minis Joseph C. Bernard ki te fèt nan lane 1982. Te gen yon gwo avanse ki te fèt nan lekòl ayisyen nan objektif pou te favorize yon metòd pedagogik ki t'ap anbrase ak mobilize tout moun. Li te vize travay elèv yo te dwe fè nan klas epi li te baze sou devlopman plizyè Lang.

Se nan menm ide sa, Minis lan tanmen yon revizyon sou ansanm pwogram ofisyèl yo pou yo ka toujou ajou epi rete koyeran. Sou pwèn sa, yo te pwodwi yon tèks ki bay oryantasyon sistèm edikasyon ayisyen an dwe pran, tèks sa a rele: << kad oryantasyon kourikoulòm pou sistèm edikatif ayisyen>> Dokiman sa bay yon lòt direksyon ak sistèm edikatif ayisyen an dwe pran gras avèk yon seri gwo kesyon li bay repons pou yo: **ki fòmasyon? Pou ki sitwayen? Pou ki sosyete? Pou ki rezilta ?**

Dokiman sila a bay yon seri prensip fondamantal ki pèmèt nou elabore pwogram k ap pèmèt nou atenn objektif nou vize yo epi defini sa elèv yo dwe jwenn nan pwogram yo pou pwòp aprantisaj yo. << kad oryantasyon kourikoulòm sistèm edikatif ayisyen an>> pa sèlman vize sa ki gen anndan pwogram yo ak fason yo prezante, men tou li presize metòd pou nou itilize pwogram yo, pou nou evalye elèv yo. E pou li ale pi lwen toujou, li fè konnen kisa y ap atann de pwofesè yo ak moun ki gen responsablite pou fòme elèv yo. Tout anseyan yo ak tout lòt aktè nan sistèm edikatif ayisyen an dwe byen konnen kisa ki nan dokiman sa a.

Yo te kòmanse refòm sou kourikoulòm ayisyen an avèk twazyèm sik (3 zyèm sik) ansèyman fondamantal la. Aktyèlman tout pwogram twazyèm sik fondamantal la deja ajou. Kounye a nou dwe elaji refòm sa a nan lòt sik ansèyman yo, sitou nan segondè.

Nan dis(10) dènye ane ki pase yo, yo te deja fè gwo refòm nan ansèyman segondè a lè yo te defini epi reyòganize kat klas ki fè pati segondè yo epi separe 4 klas sa yo ak 3 klas sa yo ki se :7^e, 8^e, 9^e. Epoutan, pwogram segondè yo te dwe revize pou yo ka an amoni ak objektif sistèm edikatif ayisyen an. Sa vle di pwogram sa yo dwe ajou parapò ak devlopman k'ap fèt nan lasyans ak nan teknoloji


epi yo dwe se pwolonjman fòmasyon k'ap bay nan lekòl fondamantal yo. Plis n'ap devlope filyè Anseyman Teknolojik la, pwogram filyè sa yo pral konplete pwogram yo.

ANSÈYMAN SEGONDÈ

Plas Anseyman Segondè nan kourikouloum Ayisyen an

Kou elèv yo soti nan seksyon fondamantal, yo tou antre nan anseyman segondè pou yo kontinye fòmasyon tèt yo, swa yon fason jeneral, swa sou plan teknolojik oswa sou plan Pwofesyonèl. Anseyman Segondè Jeneral oswa teknolojik bay elèv yo fòmasyon pou katran epi li prepare yo pou yo kontinye etid siperyè swa nan inivèsite oubyen nan sant Pwofesyonèl. Lè elèv yo fini ak etid sa a, yo ba yo yon diplòm . Elèv ki chwazi pati Anseyman Segondè Jeneral yo swiv tout kou yo pandan dezan, aprè, yo chwazi yon filyè pou de lòt ane.

Filyè ki genyen aktyèlman se : Matematik ak fizik, syans ki etidye vi ak tè a, syans ekonomik ak sosyal, epi lèt: lang ak atizay. Jounen jodi a, pati teknolojik la ouvè. Tanzantan plizyè espesyalite pral ajoute ladann yon opsyon depi nan nivo dezyèm ane. Menmsi anseyman segondè pèmèt nou chwazi filyè ki plis mete an valè yon domèn an patikilye, li se yon pwolonjman anseyman fondamantal la e prensipal objektif li se ede chak elèv devlope konpetans k'ap pèmèt yon entegre yo nan sosyete a epi devlope potansyèl yo gen lakay yo.



Sa elèv yo dwe konnen lè yo fini etid klasik yo

Kad oryantasyon kourikoulòm nan dekri yon fason byen klè tout kalifikasyon elèv ayisyen yo dwe genyen lè yo fini klas sègondè yo. Li prezante tout konpetans ki enpòtan pou yo ka reyisi nan etid siperyè yo pral fè; pou yo ka kalifye epi jwenn travay, an menm tan li bay yon seri konpetans ki dwe fè pati pwofil elèv ki soti nan lekòl ayisyen an (sa nou rele pwofil elèv la lè li fini klas li).

Nou rive idantifye sèt (7) konpetans:

kominike yon fason ki efikas nan tout sitiyasyon kominikasyon pandan fòmasyon l, nan lavi sosyal li e pandan l'ap egzèse metye l :

- Kit se an fransè, kit se an kreyòl, li ka eksprime panse li ak devlope yon rezònman ki byen konstwi ak byen agimante. Li ka patisipe nan yon deba oubyen fè ekspoze. Li ka ekri klè, kòrèk epi travay sou yon sijè konplèks. Li kapab li epi entèprete zèv literè ak filozofik yo ;
- Li gen kapasite lengwistik ki nesèsè pou li etidye nan inivèsite oswa nan lekòl pwofesyonèl ;
- Li ka adapte kominikasyonl epi byen itilize rejis lang yo nan tout sitiyasyon kominikasyon nan lavi Pwofesyonèl, famiyal, asosyativ oubyen politik ;
- Li ka itilize anglè ak espanyòl nan pifò sitiyasyon l'ap viv chak jou oswa itilize lang sa yo nan kontèks Pwofesyonèl. Li ka itilize enfòmasyon ki pwodui nan 2 lang sa yo. Li gen konesans sou kilti peyi vwazen nou yo, ki pale anglè ak espanyòl epi li ka li tèks naratif, agimantatif, oubyen enfòmatif san difikilte nan nenpòt lang sa yo ;
- Pami lang yo itilize nan relasyon entènasyonal yo, li metrize omwen youn nan yo;
- Li maton nan itilize teknoloji nimerik pou li kominike.

Genyen metòd ak teknik ki nesèsè pou reflechi, pou aprann epi travay san depann de lòt moun.

Pami tout **metòd ak teknik ki genyen, nou ka bay priyorite ak sa yo :**

- Elèv la itilize metòd ak teknik li aprann nan lekòl pou rezoud pwoblèm konplèks nan chak sitiyasyon ki vin devanl;
- Li se yon apranti syantifik. Li itilize teknik matematik ki nesèsè pou trete enfòmasyon, konstwi rezònman li, byen konprann reyalyte a ak bagay yo, pwopoze solisyon, fè bon chwa oswa analize aksyon li poze ;
- Li ka devlope refleksyon li epi ekspoze li nan yon tèks ki byen òganize oswa aloral yon fason klè e byen agimante;
- Li ka itilize teknik ki efikas pou li jwenn enfòmasyon, chwazi sa ki pi enpòtan yo ak sa ki pi fyab yo, epi sèvi ak yo nan tout aktivite l ap mennen toutpandan l ap verifye enfòmasyon sa yo;

- Li metrize enfòmatrik ak pwogramasyon aparèy elektwonik. Li ka chwazi epi itilize aplikasyon pou li rezoud pwoblèm. Li pwoteje tèt li lè l'ap navige sou entènèt. Li montre li pridan nan fason li itilize entènèt. Li pwoteje enfòmasyon pèsònèl li ki sou entènèt ;
- Li se yon pwofesyonèl ki otonòm. Li jere epi byen òganize ajanda li;
- Li byen ranje nòt li pran ak byen ranje dokiman li yo.

Aji tankou sitwayen responsab

Gras ak bon jan konesans li genyen sou sosyete a ak sou istwa sosyete a, sa ka pèmèt li aji tankou yon sitwayen responsab. Nan lojik sa a, nap site kek kalite yon sitwayen responsab:

- Selon sitiyasyon jewografik, politik, ekonomik ak istorik Ayiti li plase peyi a nan kontèks parapò ak evolisyon mond lan ;
- Li konsyan de pwoblèm sosyete yo ap fè fas jodi a: anviwònman an k'ap degrade, pwoblèm sante, trafik dwòg, vyolans, ak teworis. Li pran yo an kont nan angajman li pran pou li sèvi kominote a epi li montre li ka adapte l pou li fè fas ak pwoblèm yo ;
- Li konprann prensip fondamantal sosyete ayisyen an: respè, solidarite, tolerans, onètete, ak ekite, ansanm ak prensip " tout moun ladan" an. Li defann yo epi li pran pozisyon kont tout fòm diskriminasyon, kit se sou baz sèks, orijin, kilti, relijyon, lang, oswa andikap. Li konnen prensip dwa moun yo ak kijan enstitisyon yo fonksyone. Li kolabore epi li enplike tèt li aktivman nan travay kolektif. Li ka dirije yon ekip epi mennen yon pwojè ki mande kolaborasyon;
- Li egzèse wòl li antanke sitwayen nèt epi li kontribye nan pwogrè demokrasi a. Li pare pou pran responsabilite fanmi ak paran nan respè chak moun. Li jwe yon wòl aktif nan kominote li.

Elaji konesans syantifik li epi sèvi ak konesans sa yo pou yon devlopman dirab

Konesans syantifik sa yo ka itilize konsa:

- Li fè lyen ant konesans li genyen nan chak disiplin epi itilize konesans sa yo pou li byen konprann anviwònman an ak sa sa enplike pou gen devlopman dirab;
- Li renmen konnen epi ouvè ak pwogrè rechèch yo, li konstwi yon kilti syantifik. Li itilize zouti nimerik pou reponn kesyon li yo, dekouvri nouvo domèn konesans, mete an dout sa li kwè yo ak prejije li genyen yo. Li baze demach li sou konsèp ak metòd refleksyon li devlope nan filozofi;
- Li pare pou enplike nan aktivite pou pwoteje anviwònman an epi pran inisyativ pwojè ki favorize devlopman;
- Li metrize konpetans ki nesèse pou patisipe nan prevansyon kont dezast natirèl epi pou bay premye swen.

Anvizaje, planifye epi reyalize pwojè tou nèf

Nan lespri kreyativite li, li ka anvizaje, planifye ak reyalize anpil pwojè. Pami aktivite kreyatif sa yo, nou ka site:

- Nan tout aktivite li kòm etidyan oswa sitwayen angaje, li montre kreyativite, pwopoze solisyon ki orijinal, li adapte l ak chak sitiyasyon, epi li prevwayan. Li gen rèv pou l vini ak nouvo pwojè epi li enfòme sou metòd antreprenarya yo;
- Li pran inisyativ pwojè endividyèl oswa kolektif. Li konnen kijan pou defini objektif yo, evalye enpòtans ak fezabilite yo, planifye etap yo, reyalize pwojè a, simonte obstak yo, epi fè bilan aksyon li yo;
- Li itilize kreyativite li nan pwodiksyon atistik oswa literè, nan demach rechèch, nan fason li itilize teknoloji nimerik pou anvizaje, pwograme oswa simile, epi nan konstwi refleksyon filozofik, politik oswa ekonomik li.

Afime tout dimansyon pèsonalite li

Men plizyè manyè li ka afime pèsonalite l:

- Li reflechi sou lavi li, sou sa l'ap atann nan lavi a, sou plas li pami lòt moun, epi sou responsablite li yo. Li ekspriime epi jistifye lide li pandan li respekte pa lòt moun. Li prepare tèt li pou pran desizyon ki pral afekte lavi li epi pou asime konsekans yo. Li gen sousi pou devlope ak dekouvri tout kapasite li genyen nan nivo entelektiyèl, fizik, relasyonèl, atistik, sosyal. Li pran swen pou li montre li se yon moun ki ekilibre nan lavi li chak jou epi deside li byen sèvi ak tan lib li;
- Li bay sante l ak byennèt fizik li enpòtans epi li enplike nan aktivite espò. Li pran swen tèt li nan domèn liyèn ak nan swen sante. Li angaje nan prevansyon kont dwòg ak nan gwo koz sante piblik yo;
- Li konstwi yon kilti pèsonèl ouvè sou tout domèn aktivite moun. Li pran plezi nan lekti epi li devlope konesans li ak eksperyans li nan atizay(atizana), pandan li afime gou ak chwa estetik li yo.

Prepare epi pran detèminasyon pou bay fòmasyon li ak lavi pwofesyonèl li direksyon

Men kèk nan fason li ka pran detèminasyon li:

- Li konnen kontèks ekonomik peyi li, sektè aktivite ki bezwen devlope yo, ak prensip biznis. Nan kad sa, li idantifye metye ki enterese li. Li deja fè premye eksperyans li nan mond travay la ;
- Li enfòme tèt li sou kondisyon pou jwenn aksè nan metye sa yo, sou posiblite travay oswa kreye aktivite, ak sou fòmasyon ki nesèsè ;
- Li pran an konsiderasyon kapasite li, gou li, ak atant li, men tou, kontrent ki gen nan kontèks la pou deside sou fòmasyon li ap pran. Li tire pwofi nan eksperyans li te genyen nan seri li te chwazi nan fen 11^{èm} ane a pou konfime oswa chanje premye chwa li yo ;

Pwogram yo fèt an fonksyon konpetans sa yo, ki pral sèvi kòm referans pou evalyasyon final elèv yo nan karyè yo ;

Chak pwofesè dwe òganize travay li ak aprantisaj yo nan disiplin li an fonksyon konpetans sa yo epi swiv pwogrè chak elèv nan fason yo devlope konpetans yo. Pou sa, li dwe tou pran an konsiderasyon sa elèv yo te metrize lè yo antre nan segondè, paraparò ak konpetans sa yo. Pou ede pwofesè a nan demach sa a, yo ka raple sa yo espere elèv yo rive fè nan fen edikasyon fondamantal.

A. Kominike avèk fasilite nan tout sitiyasyon nan lavi chak jou ak nan aktivite li kòm elèv

Men sak ka fè elèv la gen metrize lang pou li pale nan chak sitiyasyon ki prezante devanl:

- Li metrize konpetans langaj nan kreyòl, franse, epi ann anglè ak/oswa espanyòl ki pèmèt li kominike avèk fasilite, ni lè l'ap pale, ni lè l'ap ekri, pandan li montre yon bilengwis/miltilengwis ki itil li. Nan chak lang, li konprann sa tout entèlokitè li di epi li eksprime panse li klè epi byen òganize, menm sou sijè konplike, san ezitasyon oswa konfizyon. Li ekri ak ekspoze san difikilte pou enfòmè, rakonte, dekri, eksplike, ak bay agiman. Li pran plezi nan lekti epi li konprann tèks long ki literè oswa dokimantè;
- Li adapte ak sitiyasyon nòmal nan lavi pèsònèl, sosyal, ak lekòl li, pandan li chwazi mòd kominikasyon ki pi apwopriye yo. Daprè kontèks la, li itilize lang ki pi favorab pou bon konpreyansyon. Li koute ak pran an konsiderasyon pwennvi entèlokitè li yo. Li gen konsyans enpòtans kominikasyon ki pa vèbal ;
- Li gen resous langaj ki nesèsè pou kontinye karyè aprantisaj li nan ansèyman segondè jeneral, teknolojik oswa pwofesyonèl. Nan tout disiplin, li konprann san efò enstriksyon ak enfòmasyon pwofesè li yo bay. Li metrize vokabilè espesifik ak estrikti gramatikal ki esansyèl pou gen aksè ak metòd ak mòd refleksyon chak disiplin ;
- Li angaje nan aprann de lòt lang nan rejyon an, anglè ak espanyòl, pandan li baze sou konesans li te devlope nan franse ak kreyòl. Nan de lang yo, li konprann epi pwodui mesaj senp lè li itilize vokabilè kouran. Li kapab patisipe nan yon konvèsasyon lavi chak jou sou sijè ki reyèl ;
- Li byen itilize zouti nimerik pou li kominike. Li enfòmè sou limit ak règ ki genyen sou itilizasyon yo. Li deja kòmanse gen konesans sou prensip enfòmatis ak kodaj.

B. Yon lòt metodoloji pou yon pi bon aprantisaj

Itilize mòd refleksyon, metòd, ak zouti ki apwopriye pou rezoud pwoblèm ki poze nan lavi chak jou ak nan sitiyasyon aprantisaj aprenan an ap fè fas

- Nan sitiyasyon lavi chak jou, aprenan an ka idantifye epi dekri yon pwoblèm, angaje yon demach rezolasyon, mobilize resous ki nesèsè, anvizaje solisyon, teste yo, ak valide yo. Li itilize resous langaj li pou dekri, analize, eksplike, fòmile ipotèz, fè

agiman, epi ekspoze konklizyon li yo. Li itilize zouti matematik ak disiplin syantifik yo pou fè kalkil, reprezante objè, fè eksperyans, oswa prezante yon sitiyasyon.

- Li aplike teknik ak metòd sa yo nan tout disiplin yo, menm pou trete sitiyasyon imajinè oswa pou fè demonstrasyon.
- Li planifye epi òganize travay pèsonèl li. Li kreye pwòp zouti li: nòt, bouyon, fich, leksik, dyagram, tablo. Li itilize yo pou pratike, revize, ak memorize. Li devlope yon sèten otonomi.
- Li chèche enfòmasyon li bezwen, li chwazi yo avèk yon lespri kritik, epi li itilize yo nan aktivite lekòl ak pèsonèl li. Apre nan an li epi entèprete san difikilte kat, plan, dyagram, tablo enfòmasyon.
- Li konnen kijan pou li itilize aplikasyon dijital yo nan aktivite li pou jwenn enfòmasyon, pwodui tèks ak imaj, rasanble ak trete enfòmasyon, travay ansanm ak lòt elèv. Li deja gen inisyasyon nan algoritmik.

B. Pran plas li nan sosyete a epi aji kòm yon sitwayen responsab

Gras ak nouvel metodoloji sa, aprenan an an pral poze kèk aksyon kòm sitwayen responsab.

- Li gen yon bon konesans sou tèritwa kote li ap viv ak sou jewografi Ayiti. Li kapab itilize konpreyansyon li genyen sou sosyete ayisyen an, istwa li, ak defi li ap fè fas yo pou patisipe aktivman nan lavi ak devlopman kominote li ak peyi li.
- Li devlope respè ki nesè pou mete reyalyte ayisyen yo nan kontèks rejyonal ak mondyal.
- Li gen inisyasyon ak tout aspè kilti ak patrimwàn peyi li pandan li gen konesans sou lòt peyi yo, espesyalman nan espas rejyonal la. Li enplike nan aktivite kiltirèl.
- Li konnen epi aplike, nan lavi lekòl li ak nan lavi pèsonèl li, valè fondamantal sosyete ayisyen an: respè, solidarite, tolerans, onètete, ak ekite, ansanm ak prensip " tout moun ladan an " an. Li konnen prensip dwa moun yo epi jistifye prensip li pratike ak defann yo. Li atantif sou dwa lòt elèv yo. Li kolabore avèk yo epi etabli relasyon ki baze sou konfyans ak respè.
- Li pare pou egzèse konplètman responsablite li kòm sitwayen nan respè demokrasi ak jijman kritik ki nesè. Li patisipe aktivman nan lavi kominote a.

C. Angajman aktiv aprenan an nan etid sou anviwònman an ak nan pwoteksyon li

Konesans aprenan an sou anviwònman an se yon zouti k'ap ede l kòm yon sitwayen responsab epi konsyan.

- Apre nan an dwe aplike prensip ak demach pou pèmèt li dekouvri ak konprann anviwònman li. Li obsève kote l'ap viv, poze kesyon, fòmile ipotèz, fè eksperyans, analize rezilta yo, tire konklizyon, epi prezante yo. Li gen konesans sou kò moun, sou mond vivan an, sou tè a, sou estrikti linivè a, sou matyè ak sou enèji. Li mobilize ak konekte konesans sa yo pou konprann pwoblèm prensipal anviwònman li poze.

- Li itilize konesans li ak lòt resous avèk efikasite pou adapte aktivite li nan respè anviwònman an. Li pran konsyans de enpak aktivite moun sou anviwònman an ak enpòtans yon konpòtman responsab. Li pare pou pran responsabilite li anvè anviwònman an epi kontribye nan pwoteksyon li.
- Li konnen dezas natirèl ki ka menase tèt li kote li ap viv. Li gen inisyasyon sou prevansyon yo. Li konnen konpòtman li dwe adopte nan sitiyasyon grav ki gen rapò ak dezas sa yo epi li montre adaptasyon.

E.LIDE POU ENTREPRANN AK KREYE EPI AJI

aprenan an ap Anvizaje epi reyalize yon pwojè ki egzijè kreyativite li ak sans inovasyon li

- Apre nan an pran inisyativ, antreprann, epi mete pwojè an aplikasyon. Li planifye travay yo, fikse etap yo, epi evalye rezilta yo. Li kapab pran yon responsablite nan yon pwojè kolektif. Li travay an ekip epi kolabore nan yon fason ki konstriktif.
- Li aplike kreyativite li atravè ekspresyon atistik oswa literè, konsepsyon teknolojik, ak inisyasyon nan rechèch syantifik. Li imajine, anvizaje, epi reyalize divès kalite pwodiksyon pandan li mobilize teknik kreyasyon, konesans li, imajinasyon li, ak abilitè fizik li.
- Li gen inisyasyon nan aktivite pwodiksyon ak anvi pou antreprann ak inovè. Li obsève avèk kiryozi aktivite moun ki antoure li. Li kapab dekri yo ak konekte yo ansanm. Li poze tèt li kesyon sou fonksyonman objè li itilize chak jou, sou itilite yo, ak sou fason yo pwodui objè sa yo. Li kapab anvizaje epi reyalize kèk nan objè sa yo pandan li aplike yon demach teknolojik.

F. Devlopman tout aspè pèsonalite aprenan an nan amoni

Kondisyon pou aprenan an amonize relasyon l ak anviwonman l ap viv la pandan l ap gen yon devlopman ekilibre nan pèsonalite l

- Apre nan an konsyan neseste ki genyen pou yon bon ekilib nan lavi pèsònèl li epi pou itilize tout kapasite entèlektyèl, fizik ak afektif li, pandan li gen konfyans nan kapasite li pou pwogrese. Li gen resous ki neseste pou reflechi sou chwa lavi li.
- Li pran swen lavi fizik li epi li pratike espò regilyèman. Li angaje l nan aktivite espòtif. Li gen sans efò ak volonte pou pwogrese nan jès oswa pèfòmans li yo.
- Li devlope bon abitid liyèn epi li konnen prensip debaz yon bon sante. Li konsyan sou enpòtans yon mòd vi ekilibre. Li enfòme sou risk sante epi li adapte konpòtman li pou prevansyon epidemi.
- Li devlope sansiblite ak sans estetik li atravè frekansasyon zèv atistik ak lekti. Li ekspri santiman ak emosyon li yo avèk yon vokabilè egzakt ak adapte. Li ekspri gou li epi li kapab eksplike oswa jistifye yo.
- Li atantif ak relasyon moun ak moun epi li rekonèt enpòtans dimansyon sa a nan lavi pèsònèl li.

G. Preparasyon ak angajman nan oryantasyon fòmasyon ak lavi pwofesyonèl li

Kouman aprenan an kapab fè yon chwa responsab oubyen konsyan pou reyisi karyè pèsònèl li ak pwofesyonèl li.

- Aprenanan dekouvri aktivite pwofesyonèl nan anviwònman li epi li konstwi yon premye reprezantasyon sou mond travay la. Li inisye nan aktivite biznis.
- Li kapab chache enfòmasyon sou metye ki disponib pou li ak sou kondisyon pou jwenn travay sa yo nan domèn sa yo.
- Li konsyan sou enpòtans chwa li dwe fè ak resous pou mobilize pou prepare avni lekòl ak pwofesyonèl li.
- Li konnen prensip jesyon finansye epi li aplike yo nan lavi pèsònèl li.

Premye travay yon pwofesè 10^{em} ane se konsidere chak elèv li yo paraparò ak atant sa yo epi pran tan pou ranfòse konpetans yo anvan yo rantre nan klas segondè.

Yon Volonte pou chanjman

Kad oryantasyon kourikoulòm nan ekspriye yon volonte pou chanje lekòl ayisyen ak ansèyman ki fèt ladan l an pwofondè. Nouvo pwogram segondè yo antre nèt nan objektif sa a:

YON KONSEPSYON KLAS KI SANTRE SOU ELÈV

"Sa ki enpòtan, se pa sa pwofesè a anseye, men sa elèv la aprann." Kad oryantasyon kourikoulòm nan ak tout refòm resan yo montre yon volonte pou santre ansèyman an sou elèv la, sou sa li vrèman aprann ak sou pwogrè li fè pandan tout tan li lekòl. Objektif lekòl la se siksè chak elèv.

Wòl pwofesè a se òganize sitiyasyon aprantisaj selon sa yo vle elèv la aprann, bay sipò, zouti ak èd ki nesèsè, ankouraje aktivite elèv yo epi swiv pwogrè yo. Atansyon li santre sou bezwen aprantisaj chak elèv: Kisa li deja konnen? Kisa li bezwen aprann? Èske li pwogrese pandan sesyon an? Kisa mwen ka fè pou ede li?

Elèv la dwe toujou aktif. Li dwe angaje nan travay ki ka fè l avanse nan aprantisaj li: rezoud pwoblèm, kreye, ekspriye tèt li, analize, diskite, obsève, eksperimente, elatriye. Si ekspoze pwofesè a toujou nesèsè, yo dwe konsidere yo kòm yon resous pou aprantisaj epi fè yo tandè ak yon "ekout aktif". Yo pa esansyèl nan ansèyman an, men se yon moman nan yon sekans kote aktè prensipal la se elèv la. Wòl pwofesè a se ede elèv la aji ak aprann.

YON NOSYON ESANSYÈL: KONPETANS

Yo chwazi anvizaje pwogram sa yo selon konpetans elèv la dwe devlope olye de kontni pwofesè a dwe transmèt.

Nou dwe sonje yon konpetans defini kòm kapasite pou itilize konesans, men tou kapasite ak atitid, pou bay repons efikas pou rezoud pwoblèm nan yon seri sitiyasyon.¹ Avèk chwa sa a, objektif la se fè elèv la kapab jere tout sitiyasyon li pral rankontre nan lavi li kòm yon gason oswa yon fanm, nan egzèsis sitwayènte li ak nan travay li.

Premye konsekan lan se lyen endispansab ant kontni pwogram chak disiplin ak gwo konpetans ansèyman segondè a vize. Disiplin yo sèvi pou devlope konpetans sa yo epi konesans oswa kapasite pwogram yo fikse yo se resous ki pèmèt egzès konpetans sa yo avèk pi gwo efikasite.

Menm jan an, pwofesè yo dwe mete elèv yo devan sitiyasyon ki pèmèt yo pwogrese nan konpetans sa yo. Sa mande yon konsepsyon klas ki bay priorite a aktivite elèv yo ak lyen ant travay yo pwopoze ak konpetans yo vize a. Yon konsepsyon konsa mande yon lòt fason pou prepare, dirije, ak evalye travay elèv yo.

YON EGZIJANS: EVALYASYON

"Evalyasyon fè pati integral nan pwosesis aprantisaj la. Li gen rapò dirèk ak pwogram etid yo epi li jwe yon wòl santral nan aplikasyon pwogram yo".²

Evalyasyon gen kòm premye objektif verifiye, etap pa etap si chak elèv te rive akonpli aprantisaj yo defini nan pwogram yo, pou, si sa nesèsè, remède difikilte yo rankontre epi pèmèt yo rive nan sa yo vize a. Pa gen aprantisaj san evalyasyon. Kèlkeswa disiplin lan, apwòch oswa metòd yo itilize, pwofesè a dwe defini klèman sa yo atann, asire li tout moun metrize li, konprann, si se pa sa, poukisa kèk pa reyisi epi ede yo simonte obstak yo.

Evalyasyon se yon nesèsite pandan tout aprantisaj la:

Nan kòmansman chak etap (sekans)³, li enpòtan, yon bò, pou mande ki kote elèv la ye paralapò ak aprantisaj vize a, lòt bò, pou verifiye si li gen konesans ak kapasite nesèsè yo (sa yo rele "prereki"). Sa yo rele anjeneral "evalyasyon dyagnostik". Li endispansab pou elèv la aprann ak pwogrese.

Pandan aktivite yo, nou dwe verifiye konpreyansyon enstriksyon yo ak sitiyasyon yo, akonplisman efikas nan travay yo, epi, sitou, pètinanans ak kalite repons yo bay nan sitiyasyon chak elèv ap fè fas. Evalyasyon sa a se "fòmatif" paske li pèmèt elèv la ak pwofesè a reyaji epi simonte obstak ak difikilte yo rankontre.

1 Nan kad oryantasyon kourikoulè a, yo defini yon konpetans kòm "kapasite pou mobilize ak itilize resous entèn tankou konesans, aptitud ak atitid, ansanm ak resous ekstèn pou reponn efikasman a pwoblèm nan yon seri sitiyasyon"

2 Kad oryantasyon kourikoulè (chapit 2.4).

3 Sekans: Yon sekans ka defini kòm yon seri koreyan ak kontinyèl nan sesyon ki vize aplike yon pati nan pwogram nan

Nan fen etap la, li enpòtan pou evalye rezilta a: kisa elèv yo te aprann? Èske yo te aprann sa ki te prevwa a? Èske yo te pwogrese pararapò ak konpetans yo vize yo ? Sinon, poukisa? Twazyèm moman sa a se sa yo rele "evalyasyon somatif". Li pèmèt yon bò pou "valide" etap elèv la te franchi a, menm sètifye akizasyon li yo, epi angaje remèd nesèsè yo nan ede elèv la konprann siksè li ak mank li yo epi ba li èd ki nesèsè yo.

Pou aprantisaj la efikas, li enpòtan pou elèv la angaje nan evalyasyon pwòp tèt li : li dwe konnen objektif ak sijè sesyon an (oswa sekans lan), konnen sa yo espere de li. Li dwe kapab evalye repons li yo ak pwodiksyon li yo dapre kritè klè yo tabli depi nan kòmansman an, pozisyon pwogrè li yo, idantifye nouvo konsepsyon ak konpetans li devlope. Li dwe kapab detekte erè li yo, konprann koz yo, chèche solisyon, epi amelyore pwodiksyon li yo. Evalyasyon se yon zouti pou aprann. Se pa tan pèdi, okontrè, li se yon moman esansyèl nan pwosesis aprantisaj la. Yon elèv ki konprann sa yo atann de li, ki òganize aktivite li, epi ki evalye rezilta yo dapre atant sa yo, se yon elèv ki ap aprann ak pwogrese.

Sa tou mennen nou rekonsidere fason yo fè evalyasyon somatif yo nan fen peryòd la. Li nesèsè, an patikilye, pou wè bilan peryodik yo kòm yon mwayen pou bay elèv yo enfòmasyon sou pwogrè yo ak sou pwensip ki bezwen plis atansyon ak regilasyon pandan pwochen peryòd la. Olye pou l yon konsta global sou "nivo" elèv la, bilan fen peryòd la ta dwe fèt tankou yon evalyasyon ankourajan nan objektif pou ede elèv yo avanse nan aprantisaj yo epi adapte aktivite yo ak sa yo metrize ak bezwen yo.

Bilan an ka baze sou evalyasyon espesifik ki fèt nan fen chak sekans oswa sou obsèvasyon kontini nan sitiyasyon yo rankontre pandan aprantisaj yo. Pou fè bilan sa yo, li enpòtan pou mete elèv la nan sitiyasyon kote yo ka evalye nivo konpetans yo nan domèn ki konsène a. Nan nenpòt ka, sitiyasyon yo pwopoze ak kritè yo chwazi pou evalye pwodiksyon elèv la dwe ede pou detèmine si elèv la pwogrese epi si li reyitilize konsepsyon, konpetans, ak konpòtman li metrize pandan peryòd la nan egzèsis konpetans sa yo. Evalyasyon somatif pa ka limite sèlman nan bay yon nòt. Li dwe pèmèt yo analize pèfòmans elèv la pararapò ak konpetans yo vize (pa egzanp, avèk yon ti tablo senp) epi detaye sa yo metrize, pwogrè yo fè, ak difikilte yo genyen (omwen nan yon evalyasyon ekri). Si yo bay yon nòt final, li dwe baze sou kritè ki klè epi eksplike pou elèv la ak paran li.

GWO ATANT YO

Yon edikasyon "tout moun ladann".

Lekòl Ayisyen an se yon lekòl enklizif, sa vle di yon lekòl ki pran an konsiderasyon sitiyasyon, bezwen, ak potansyèl chak timoun san distenksyon sèks, relijyon, oswa klas sosyal. Li vize siksè tout moun, enkli sila yo ki nan sitiyasyon andikap, maladi, oswa gwo difikilte.

“Chak timoun se yon potansyèl richès pou kominote li ak pou nasyon an. Li merite pou yo pran l an konsiderasyon ni nan fòs li ni nan feblès li. Enklizyon nan lekòl òdinè a se yon fason pou bay chak moun yon plas li merite nan sosyete a.”⁴

Tout moun dwe kapab pwogrese nan pwòp vitès pa yo. Pwogram yo te fèt ak enkyetid sa a nan tèt nou. Se chak pwofesè pou adapte sitiyasyon aprantisaj, sipò, pwogresyon ak èd ak divèsite bezwen yo.

Atansyon sou valè fondamantal yo

Kad oryantasyon kourikoulòm lan mete gwo aksan sou valè fondamantal sosyete ayisyen an: respè, solidarite, tolerans, onètete, jistis, patriyotis ak angajman.

Lekòl la gen yon responsablite prensipal nan transmisyon yo. Si edikasyon sitwayèn se yon disiplin ki anseye valè fondamantal sosyete ayisyen an espesyalman, li esansyèl pou valè sa yo parèt nan ansèyman tout disiplin yo, nan lavi a, nan klas la ak pataje nan tout aspè nan lavi lekòl la ak kominote a.

Finalman, si respè se valè ki santral nan kourikoulòm ayisyen an, li ensepab ak prensip non vyolans. Sistèm edikatif ayisyen an pa tolere vyolans, sou nenpòt fòm, ak ansèyman, nan lavi chak jou, dwe entegre prensip fondamantal sa a.

Kapasite pou pale plizyè lang ak yon rega sou lemond

Lekòl ayisyen yo dwe pèmèt chak elèv metrize tou de lang ofisyèl yo ansanm ak omwen youn nan de lang rejyonal yo. Li dwe kapab sèvi ak lang sa yo pandan y ap adapte ak tout sitiyasyon komunikasyon nan lavi li. Se atravè lang sa yo li bati yon kilti ki rich nan eritaj peyi l', pandan y ap rete ouvè ak mond lan. Kounye a, yo anseye kreyòl ak fransè nan tout lekòl, jis nan fen lekòl segondè. Yo anseye anglè ak espanyòl depi nan 5^{èm} ane lekòl primè, sa ki pa eskli aprantisaj bonè yo.

Anbasyon lekòl ayisyen an se fè tout moun pale, konprann, li ak ekri ak menm fasilite nan omwen twa lang. Finalman, konpetans lengwistik sa a dwe ankouraje ouvèti a lang prensipal yo nan rejyon an soti nan lekòl primè, answit nan lòt lang nan komunikasyon mondyal, pandan lekòl segondè.

Inovasyon

Pou reponn ak defi yo k ap tann peyi nou an, pwogram yo bay yon plas enpòtan pou inovasyon ak kreyasyon. Kit se syans, disiplin lengwistik, teknolojik ak enfòmatis, edikasyon fizik ak espò oswa dekouvèt anviwònman an, elèv yo dwe kapab egzèse kreyativite yo epi yo dwe mete nan pozisyon pou imajine, envante, ak konsepsyon nouvo solisyon an repons nan pwoblèm konplèks. Yo dwe prepare pou transfere kapasite sa a nan tout sitiyasyon, enprevizib jodi a, yo pral rankontre nan lavi yo nan lavni.

4 Kad Oryantasyon kourikoulòm (paj 11)

Mèt zouti dijital yo ak aprantisaj enfòmatrik yo se yon aks esansyèl nan pwogram segondè yo. Menm si yo sipòte pa yon matyè espesifik, yo prezan nan tout domèn aprantisaj yo, pou tout seri jeneral ak teknolojik.

Li epi aplike pwogram yo

GWO ATANT YO

Yon edikasyon enklizif

Lekòl Ayisyen an se yon lekòl enklizif, sa vle di li pran an konsiderasyon sitiyasyon, bezwen, ak potansyèl chak timoun, san okenn distenksyon sèks, relijyon, oswa klas sosyal. Li gen pou objektif pou pèmèt tout elèv reyalize siksè, enkli sila ki nan sitiyasyon andikap, maladi, oswa gwo difikilte.

"Chak timoun se yon potansyèl richès pou kominote li ak pou Nasyon an. Li merite pou yo pran l an konsiderasyon ni nan fòs li ni nan feblès li. Enklizyon nan lekòl òdinè a se yon fason pou bay chak moun yon plas merite nan sosyete a."⁵

Chak timoun dwe kapab pwogrese nan pwòp rit pa yo. Pwogram yo fèt ak konsyans sa. Se responsablite chak pwofesè pou adapte sitiyasyon aprantisaj yo, sipò yo, ak pwogrè yo selon divèsite bezwen yo.

Atansyon pou valè fondamantal yo

Kad oryantasyon kourikoulòm nan mete yon gwo aksan sou valè fondamantal sosyete Ayisyen an: respè, solidarite, tolerans, onètete, ekite, patriyotis, ak angajman.

Lekòl la gen yon responsabilite esansyèl nan transmisyon valè sa yo. Malgre edikasyon pou sitwayènte se yon matyè apa ki jwe yon wòl enpòtan nan fè elèv yo apwopriye valè yo, li enpòtan pou tout matyè yo, ansanm ak lavi chak jou nan klas la ak nan kominote lekòl la, pote valè sa yo.

Finalman, si respè se valè santral nan kourikoulòm ayisyen an, li makonnen ak prensip nonvyolans. Sistèm edikatif Ayisyen an pa tolere vyolans sou okenn fòm, e ansèyman nan lavi chak jou dwe entegre prensip fondamantal sa a.

Kapasite pou pale plizyè lang

5 Kad Oryantasyon kourikoulè, (paj 11)

Lekòl Ayisyen an dwe pèmèt chak elèv metrize de lang ofisyèl yo ansanm ak omwen youn nan de lang rejyonal yo. Elèv yo dwe kapab sèvi ak lang sa yo pou adapte yo nan tout sitiyasyon komunikasyon nan lavi yo. Se atravè lang sa yo tou, yo konstwi yon kilti ki rich nan patrimwàn peyi yo, pandan y ap gen je yo sou lemonn. Kreyòl ak fransè ap anseye kounye a pandan tout sik eskolarite a, jiska fen nivo segondè a. Anglè ak espanyòl ap kòmanse anseye depi 5^{èm} ane fondamantal, sa ki pa retire posiblite pou yo kòmanse aprann yo pi bonè.

Anbasyon lekòl Ayisyen an se pèmèt chak elèv pale, konprann, li, ak ekri, avèk menm fasilite, omwen nan twa lang. Finalman, konpetans lengwistik sa a dwe ankouraje ouvèti sou prensipal lang nan rejyon an depi nivo fondamantal, epi sou lòt lang komunikasyon mondyal pandan nivo segondè a.

Inovasyon

Pou reponn ak defi yo k ap tann peyi nou an alavni, pwogram yo mete yon gwo aksan sou inovasyon ak kreyativite. Kit se nan syans, matyè lengwistik yo, teknoloji ak enfòmatrik, zafè atistik, edikasyon fizik ak espò, oswa nan dekouvèt anviwònman an, elèv yo dwe kapab egzèsè kreyativite yo epi jwenn opòtinite pou imajine, envante, ak anvizaje nouvo solisyon pou reponn ak pwoblèm konplèks. Yo dwe prepare pou yo ka transfere kapasite sa a nan tout sitiyasyon yo, menm sa yo ki enprevizib jodi a, yo ka rankontre nan lavi yo alavni.

Itilizasyon zouti nimerik yo ak aprantisaj enfòmatrik reprezante yon aspè esansyèl nan pwogram segondè yo. Malgre yon matyè espesifik ki anseye yo, yo prezan nan tout domèn aprantisaj yo, kit se nan seri jeneral oswa teknolojik.

Li epi aplike pwogram yo

Wòl yo

Pwogram yo etabli sa elèv yo dwe metrize nan chak etap nan eskolarite yo.

Yo pibliye epi yo distribye nan tout peyi a. Menm si kontèks lokal yo ka mande adaptasyon, pwogram yo reprezante yon nòm ki obligatwa nan tout lekòl, ni piblik ni prive, nan peyi a. Pwofesè yo oblije konnen yo epi aplike yo. Pwogram yo sèvi kòm yon referans ofisyèl komen pou tout aktè yo, kit se konseptè liv yo, evalyatè yo, kad edikasyon yo, oswa enstiti fòmasyon pou pwofesè yo.

KI FASON YO WÈ PWOGRAM YO

pwogram yo kòmanse ak pwofil sòti ansèyman segondè a, ki rasanble tout konpetans yon elèv dwe metrize nan fen 13^{em} ane eskolarite li. Pwogram chak matyè fèt pararapò ak pwofil sa a.

- Premyèman, yo esplike poukisa matyè a anseye epi ki jan li kontribye nan metrize konpetans yo atann yo.
- Dezyèmman, yo prezante konpetans espesifik matyè a vize. Pou chak konpetans, yo defini sa yo atann elèv la metrize nan fen segondè, estrateji ki pral aplike pou sa, ak fason yo pral evalye li.
- Apre sa, yo bay detay nan yon seri tablo sou etap ("inite aprantisaj") ki pral pèmèt elèv la pwogrese nan metrize konpetans sa yo. Pou chak etap, yo presize konesans, aptitud, ak atitud elèv la dwe genyen, sitiyasyon yo dwe mete li ladan, ansanm ak modalite evalyasyon ki dwe fèt.

Distribisyon inite aprantisaj yo pandan kat ane segondè yo ak dapre seri yo prezante nan yon tablo.

Pwogram yo fèt nan yon fason ki ede pwofesè yo konstwi ak prepare aktivite nan klas yo pandan y ap konsantre sou aprantisaj reyèl tout elèv yo reyalize: Ki konpetans chak elèv dwe devlope? Ki sa li dwe aprann pou sa? Ki sitiyasyon ki dwe mete an plas? Kijan pou evalye pwogrè li?

DOMÈN APRANTISAJ YO - MATYÈ YO

Konpetans yo vize pandan segondè yo devlope nan 14 matyè oswa gwoup matyè ki kontribye nan edikasyon tout jèn Ayisyen. Yo rasanble nan senk gwo domèn aprantisaj:

- Lang ak kominikasyon,
- Devlopman pèsònèl,
- Syans matematik ak eksperimantal,
- Syans sosyal,
- Teknoloji ak enfòmatrik

Edikasyon fondamantal	5 domèn	Langaj ak kominikasyon	Devlopman pèsonèl ak sosyal	Syans Matematik ak eksperimental		Syans sosyal	Teknoloji enfòmatis
	10 matyè (Oubyen ansanm matyè)	Kreyòl	Edikasyon estetik ak atistik	Matematik	Syans eksperimental	Istwa Ak Jewografi	ETAP: Edikasyon teknolojik ak ansanm aktivite pwodiktiv
		Fransè	Edikasyon fizik ak espòtiv				
		Anglè Espanyòl	Edikasyon pou sitwayen				
	14 matyè (Oubyen ansanm matyè)			Matematik	Fizik	Istwa ak jewografi Ekonomi	Nimerik enfòmatis
		Kreyòl	Atizay				

Edikasyon segondè		Fransè	Edikasyon fizik ak espòtiv			Ekonomi	
		Anglè	Filozofi				
		Espanyòl	Edikasyon pou sitwayen				
					Byoloji Fizyoloji Jewoloji		

Rapwoche disiplin ki nan menm domèn pèmèt yo mete yon koyerans nan vokabilè ak nosyon yo itilize, amonize pwogresyon yo ak modalite evalyasyon yo, epi pataje aprantisaj kèk kontni ki komen.

PAKOU APRANTISAJ- ORÈ YO

Nan 1^e ak 2^{èm} ane, elèv yo swiv menm ansèyman. Sèlman, yon opsyon ka mete an plas nan 2^{èm} ane pou prepare oryantasyon yo chwazi a depi nan 3^{èm} ane, espesyalman pou elèv ki vle antre nan chemen teknolojik.

Depi 3^{èm} ane, ansèyman yo òganize selon seri ki mete an plas. Anplis seri teknolojik ki gen pwogram espesifik, kat seri jeneral louvri pou elèv yo:

Seri "Matematik ak Fizik".

Seri "Syans lavi ak tè".

Seri "Syans ekonomik ak sosyal".

Seri "Lèt, lang ak atizay".

Seri yo pa reprezante yon chemen fèmèn ki fòse elèv la pran yon oryantasyon twò bonè. Menm si yo ede prepare chwa li yo pou lavni, yo dwe kite li ak anpil posiblite epi mete pasaj fleksib nan fen 3^{èm} ane. Menm jan an tou, tout seri yo gen menm objektif: pèmèt tout elèv devlope tout konpetans ki fè pati pwofil sòti yo.

Orè total la se 30 èdtan pa semèn pou tout elèv nan segondè, eksepte pou 4^{èm} ane nan seri "Lèt, lang ak atizay". Detay sou distribisyon orè ofisyèl yo presize nan tablo ki anba a.

Fason orè ansèyman segondè yo divize	1 ^e ak 2 ^e Ane	3 ^e ak 4 ^e Ane (S3 ak S4)								
		SMP		SVT		SES		LET/LA/AR		
		S3	S4	S3	S4	S3	S4	S3	S4	
Fransè/Filozofi	4	3	4	4	4	5	4	5	6	
Kreyòl	3	2	2	2	2	2	2	3	3	
Anglè	2	2	2	2	2	2	2	2	3	
Espanyòl								2	3	
Istwa ak jewografi	3	2	2	2	2	3	3	3	3	
Edikasyon pou sitwayen	1	1	1	1	1	1	1	1	1	
Syans Ekonomik	1	1	-	1	-	6	6	2	2	

ak sosyal										
Matematik	5	7	8	5	6	5	5	2	2	
Fizik	2	4	4	3	2	3	3	3	3	
Chimi	2	1	1	2	3					
Fizyoloji/Biyoloji /jewoloji	3	3	2	5						
Enfòmatrik	2	3	3	2	3	2	3	2	2	
Edikasyon fizik ak espòtiv	1	1	1	1	1	1	1	1	1	
Atizay	1							4	6	
Orè total	30	30	30	30	31	30	30	30	35	

APLIKE PWOGRAM YO

Chak pwofesè dwe li tout pwogram yo ki gen rapò ak matyè li anseye a, san limite l sèlman nan nivo kote li ap travay. Pwogram yo fòme yon ansanm epi yo pa ka neglijè yon etap nan yon pwosesis aprantisaj ki kontinyèl ak koyeran. Li ta bon tou pou pwofesè a pran konsepsyon de pwogram lòt matyè yo pou li ka kolabore avèk lòt pwofesè yo yon fason efikas.

Premyèman, li nesè pou pwofesè a li pwogram yo pou li ka reponn klèman senk kesyon sa yo:

- Ki itilite matyè a nan sa yo atann elèv yo reyalize lè yo fini ansèyman fondamantal la?
- Ki konpetans tout elèv yo dwe metrize nan fen segondè?

- Pou chak konpetans, kisa yo atann presizeman epi kisa ki dwe fèt pou sa? Ki estrateji pou mete an plas?

- Kijan pou evalye si chak elèv pwogrese nan metrize konpetans sa yo?

-Ki etap pwogram yo fikse? Ki konesans, ki kapasite ak atitid elèv la dwe metrize nan chak etap, epi kijan pou verifye yo?

Se apati repons pou kesyon sa yo pwofesè a pral bati epi prepare travay li, planifye aplikasyon pwogrè ki pwopoze yo an plizyè sekans⁶, fikse presizeman rezilta yo atann pou chak sekans, detèmine fason pou evalye yo, epi prevwa sitiyasyon ki dwe mete an plas ansanm ak sipò ki nesèsè.

Pwogram sa yo egzije yon konsepsyon klas ki santre sou elèv la.

Elèv la se premye responsab aprantisaj li: li dwe konnen klèman sa li ap aprann, poukisa li ap aprann li, epi sa li bezwen pou fè sa. Li gen plis chans reyisi si li konprann sa yo atann nan men li ak sans aktivite li. Li dwe kapab evalye konesans li ak kapasite li, swiv pwogrè li, epi idantifye difikilte li rankontre pou li ka pi byen simonte yo. Sa mande pwofesè a mete elèv yo nan sitiyasyon kote yo pran responsabilite pou aprantisaj yo, eksplike yo rezon aktivite a ak sa yo atann nan travay yo, epi ba yo mwayen pou evalye pa yo kalite ak efikasite travay yo.

Pa gen elèv ki dwe echwe: aplikasyon yon ansèyman ki santre sou elèv mande pwofesè a adapte entèvansyon li yo, kidonk diferansye aktivite yo, rit aprantisaj yo, ak sipò yo dapre sitiyasyon ak bezwen espesifik elèv yo. Evalyasyon jwe yon wòl esansyèl nan sa. Li pèmèt asire pwogrè chak elèv epi adapte, chak jou, chemen aprantisaj yo.

NESESITE POU GEN YON TÈT KOLE NAN MITAN ANSEYAN YO

Tout disiplin kontribye nan devlopman gwo konpetans ki fè pati pwofil sòti elèv yo. Anplis, gen kèk disiplin tankou matematik ki bay lòt disiplin zouti. Pwogram yo pran an kont nesosite pou disiplin yo mache ansanm. Yo pwopoze yon distribisyon kontni ki

⁶ Sonje byen , yon sekans se yon seri seyans ki la pou pèmèt ou kontinye travay sou yon pati nan pwogram nan.

kòrèk, yo mete aksan sou lyen ki egziste ant pakou aprantisaj yo, epi yo travay pou amonize vokabilè, chwa pedagogik, ak metòd evalyasyon yo.

Aplikasyon pwogram yo mande yon travay an ekip ak yon bon kolaborasyon ant anseyan yo.

Premyèman, anseyan yo dwe enfòme youn lòt sou pwogresyon yo, sou sitiyasyon yo mete an plas, sou metòd yo itilize, sou obstak yo rankontre, ak sou difikilte yo idantifye. Yo dwe tou fè kontribisyon yo mache ansanm pou sèvi menm konpetans yo, fè apwòch yo ale nan menm direksyon, pataje kèk kontni, epi dakò sou nosyon ak mo yo itilize. Chak anseyan dwe kapab mande yon kòlèg nan yon lòt disiplin pou eksplike yon konsèp, pwopoze yon zouti, prezante yon konesans, oswa ranfòse yon konpetans.

Yo ka bati ansanm kèk sekans aprantisaj epi kolabore pou travay ansanm sou yon menm tèms oswa soti nan yon menm sitiyasyon. Pa egzanp, tèms tankou anviwònman an, kilti lokal, komunikasyon nimerik, oswa repons ak kriz sanitè mande kolaborasyon plizyè anseyan (oswa tout ekip pedagogik la).

Anfen, li enpòtan anpil pou kowòdone evalyasyon konpetans elèv yo devlope yo anrapò ak pwofil sòti yo nan segondè. Yon reyinyon endispansab nan kòmansman ane a pou òganize epi planifye metòd evalyasyon yo, epi yon lòt fèt nan fen chak peryòd pou evalye pwogrè chak elèv, pou prevwa aprantisaj ki dwe ranfòse, ak pou detèmine ki èd pou ofri.

Sitiyasyon aprantisaj yo ak aplikasyon pwogram yo pa limite sèlman nan espas ak tan sal klas la. Konpetans yo atann yo dwe pratike nan tout aktivite ak nan tout moman lavi lekòl la. Sitwayènte, pwoteksyon anviwònman, komunikasyon, prevansyon risk, edikasyon fizik, ak pratik espò enplike tout kominote lekòl la chak jou.

Direktè a ansanm ak tout anseyan yo dwe angaje yo pou fè etablisman an vin yon espas edikatif epi ede chak elèv pwogrese atravè lavi kolektif la. Yo dwe ankouraje epi evalye Konpòtman ak angajman elèv yo. Pifò nan "sa yo konnen " yo atann nan men elèv la pa ka konsidere kòm akizisyon si yo pa aplike nan lakou rekreyasyon ak nan antre lekòl la.

Menm jan an tou, patisipasyon nan lavi kominotè oswa asosiyatif dwe ankouraje ak valorize. Sitiyasyon sa yo ka itilize nan klas la pou ranfòse aprantisaj yo.

Kreyòl

Disiplin nan

Ansèyman kreyòl la òganize yon fason pou li pèmèt elèv la devlope konpetans lengwistik ak metodolojik li bezwen pou l reyalize divès kalite tach, swa oral oubyen ekri, nan divès sitiyasyon kominikasyon. Konsa, pwogram segondè a sèvi non sèlman pou ranfòse konpetans elèv la te devlope nan twazyèm sik fondamantal la, men pou li devlope lòt konpetans ankò nan domèn literati, analiz zèv literè, kominikasyon ak pwodiksyon divès kalte tèks.

Travay sou lang nan fèt nan nivo resepsyon, pwodiksyon ak entèraksyon. Pou elèv yo byen devlope konpetans sa yo, yo dwe mobilize resous tankou gramè, òtograf, vokabilè, teknik tradiksyon, rechèch, analiz ak redaksyon divès kalte tèks. Konsa, y ap metrize plis toujou fonksyonman lang matènèl la gras ak etid divès tip diskou, epi y ap rive sèvi avèk li kòrèkteman nan tout aspè nan lavi yo antanke elèv, epi alavni kòm pwofesyonèl oswa nan lòt domèn ankò nan sosyete y ap viv la. Se pou sa, gen plizyè inite aprantisaj ki pwopoze pou devlope konpetans fonksyonèl tankou ekri yon lèt administratif, elabore yon kesyonè, prezante yon dosye tematik, fè yon rezime yon ekspoze.

Kreyòl la se premye lang sistèm edikatif ayisyèn nan. Elèv yo ap devlope konpetans nan lang manman yo pandan y ap aprann franse, angle ak panyòl. Pwogram nan prevwa yon inisyasyon sou kesyon tradiksyon nan aktivite ansèyman aprantisaj yo. Aktivite sa yo ape de elèv yo devlope pi plis konpetans metalengwistik yo ak repètwa plirileng yo.

Jan pwogram nan òganize

Pwogram kreyòl Segondè a repati sou kat (4) nivo – S1, S2, S3, S4. Chak nivo òganize an senk (4) domèn tematik : I. lang ak kilti kreyòl, II. literati an kreyòl, III. kominikasyon ak sosyete, IV. anviwònman ak teknoloji.

	S1	Segondè II	Segondè III	Segondè IV
I	Lang ak kilti kreyòl	Lang ak kreyòl	Lang ak kilti kreyòl	Lang ak kilti kreyòl
II	Literati an kreyòl	Literati an kreyòl	Literati an kreyòl	Literati an kreyòl
III	Kominikasyon ak sosyete	Kominikasyon ak sosyete	Kominikasyon ak sosyete	Kominikasyon ak sosyete
IV	Anviwònman ak teknoloji	Anviwònman ak teknoloji	Anviwònman ak teknoloji	Anviwònman ak teknoloji

Chak domèn pou chak nivo divize an plizyè soutèm ki koresponn a inite aprantisaj yo. Pa egzanp : pou domèn Lang ak kilti kreyòl, repatisyon an fèt konsa :

LANG AK KILTI KREYOL			
S1	S2	S3	S4
Istwa sosyete ak lang kreyòl	Kreyòl ak lòt lang nan sosyete ayisyèn nan	Idantite ak patrimwàn kiltirèl ayisyen	Lang kreyòl kòm zouti kominikasyon nan tout domèn
Kont ak pwovèb kreyòl	Varyete rejyonal, entèferans	Mizik, chante tradisyonèl	Rejis lang ak sitiyasyon koninikasyon fòmèl

Pwofil sòti – relasyon li ak lòt disiplin yo (ak konpetans transvèsal yo)

Lè li fini suiv pwogram kreyòl nan finisman katriyèm ane segondè a, elèv la tounen yon Ayisyen ki kapab rekonèt, transfòme ak pwodui alekri tankou aloral divès kalte tip tèks nan lang manman l. L ap kabab itilize lang kreyòl la nan tout domèn kominikasyon ak tout domèn aktivite tankou lasyans ak teknik pou li aprann oswa eskri panse l. L ap an kapasite itilize yon kreyòl nivo estanda ak siperyè ki makonnen ak kilti ak idantite pèp ayisyen an san li pa melanje l ak lòt lang lè l ap pale tankou lè l ap ekri. L ap entegre valè ki asosye ak lang ak kilti kreyòl la nan domèn tankou literati, teyat, mizik e latriye. L ap metrize lang kreyòl la nan tout konpozant li (òtograf, fonoloji, vokabilè, sentaks) epi mobilize tout resous yo nan aktivite tradiksyon.

Kèk prensip nan didaktik kreyòl pou nouvo segondè a

→ **Konstriksyon yon konpetans sosyokiltirèl**

Didaktik kreyòl la pèmèt elèv la dekouvri, apresye epi ekspri nan lang matènèl li divès sitiyasyon nan anviwònman l ap viv la, pandan l ap ranmase konesans lokal ki se pwodui milye a menm. Li baze sou dekouvèt ak etid zèvak tèks ki fè pati kilti ayisyen, kreyòl ak karibeyen – an pati ou an antye. Sa kontribiye nan anrichi eksperyans pèsònèl aprenan an epi pèmèt li devlope konpetans kiltirèl nan lang matènèl li.

→ **Devlopman konpetans nan domèn kominikasyon**

Ansèyman-aprantisaj kreyòl la fonde sou prensip apwòch kominikativ ak fonksyonèl yo. Se pou rezon sa a etid lang nan fèt yon fason global nan dimansyon oral, ekri, nan konpreyansyon ak nan pwodiksyon li. Objektif la se pa fikse tout atansyon nou sou metalangaj la, etid gramè a, men se favorize reyalizasyon yon seri travay konkrè ki koresponn ak bezwen kominikasyon elèv la. Konsa, pwofesè a dwe oryante pratik li parapò ak konpetans elèv la bezwen devlope yo. Li dwe planifye ansèyman an parapò ak konesans elèv yo dwe ranmase (sou lang nan ak sou tèm etid yo), parapò ak abilite ak atitid yo dwe genyen (travay kominikasyon elèv yo dwe reyalize).

→ **Distenksyon ant divès kòd ak rejis lang**

Amelyorasyon konpetans yo nan lekti ak ekri dwe okipe yon plas enpòtan, etandone elèv yo deja genyen yon bon nivo metriz lang matènèl yo sou plan oral. Men kanmenm, yo dwe aprann fè diferans ant lang oral yo itilize chak jou a ak lang y ap aprann nan lekòl la ki koresponn ak nivo kouran (estanda) kreyòl ayisyen an. Travay sa a ap reyalize, san dout grasa etid divès rejis lang nan genyen ak diferan sitiyasyon kominikasyon fòmèl ak enfòmèl. Nou jwenn nan aspè sa a tou yon travay sou diferans ant kòd oral ak kòd ekri.

→ **Etid global eleman aprantisaj yo (“deklwazònman didaktik”)**

Pou pwogram nan pi byen aplike, epi suivan didaktik kreyòl la, ansèyman an dwe òganize, chak fwa, sou baz yon pwojè. Anseyan an ap pran yon inite aprantisaj kòm referans pou li konstwi yon pwojè didaktik. Kidonk, aktivite yo p ap izole youn parapò ak lòt, okontrè klas la ap wè rapò yo genyen pami yo apati konpetans li sible yo ak sipò li itilize yo. Pou chak inite aprantisaj, nou seleksyone epi etidye resous lengwistik yo parapò ak kategori tèks la, ak tèm sosyokiltirèl la. Okenn zouti nan lang nan (gramè, vokabilè, òtograf) pa dwe abòde yon fason izole, men pito selon kontèks la, nan yon diskou ki asosye ak yon tèm sosyokiltirèl.

→ **Diferan sipò didaktik**

Nan nivo segondè, elèv yo ap gen posibilite dekouvri zèv literati ak otè peyi yo. Yo ap gen posibilite dekouvri tou lòt fòm ekspresyon atistik ak entèlektiyèl tankou atik laprès, literati syantifik, zèv foto, sinema ak mizik. Diferan sipò sa yo ap pèmèt elèv yo


apwofondi konesans yo sou kilti ayisyèn nan a travè dives tematik epi dekouvri lòt reyalite ak lòt kilti. Anseyan dwe plivilejye sipò otantik ki ekri an kreyòl. Men, li ka itilize tou kèk tèks ki tradui an kreyòl. Analiz imaj yo gen tout plas yo tou nan pwogram nan.

Konpetans nou vize

Ansèyman kreyòl la nan Segondè a ap pèmèt elèv la ekspri panse li ak sa li santi, ni lè l ap pale ni lè l ap ekri, kèlkeswa seri li chwazi a. l ap pèmèt li dekouvri, analize, apresye zèv literati ayisyèn nan lang kreyòl. Anplis l ap pèmèt elèv la :

- Genyen yon lide jeneral sou istwa lang nan, sou fason moun ki pale li yo konsidere li, sou plas li jwe nan inite pèp ayisyen ak sou plas li nan lemonn.
- Konprann jan idantite ayisyèn nan konstui e jan li reflekte nan lang kreyòl la.
- Kominike panse li ni lè l ap pale ni lè l ap ekri san pwoblèm, metrize kèk prensip analiz diferan tip tèks, konnen kèk nouvo mo nan chan metye ak teknoloji.
- Prezante yon evènman konplèks ak patisipe nan yon deba.
- Jwenn prese prese enfòmasyon nan yon tèks li sot li.
- Idantifye epi klase lide yon tèks pou li fè sentèz tèks la.
- Ekri pou li ka bay opinyon li sou nenpòt sijè.
- Patisipe yon fason aktif nan deba sou divès sijè.
- Reponn kesyon sou tèks yo pwopoze li.
- Eksplike yon tèks li koute.
- Itilize lang kreyòl la pou konprann fonksyònman lòt lang nan antouraj li, fè tradiksyon.

Chema prezantasyon tout konpetans yo



Fich ki prezante chak konpetans

Konpetans 1 :

Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral

Prezantasyon konpetans la

Nan nivo segondè a, yo itilize anpil tèks literè (liv, ekstrè vèsyon papyè oswa odyo) pou fasilite devlopman konpetans nan domèn oral. Elèv yo ap ka tandè, li, konprann divès tip tèks epi itilize lang kreyòl la kòm sa dwa pou yo reponn kesyon, eskprime panse yo, pwodui plizyè tip diskou an kreyòl. Konpetans sa a se apwofondisman sa ki te fèt nan Fondamantal twa a ak lòt kalte tèks sou lòt sijè.

Eleman ki konpoze konpetans la

- Byen koute pou konprann yon mesaj oral, yon tèks y ap li, yon diskou.
- Pran bon jan nòt pou restitye yon mesaj long, yon diskou konplèks.
- Prezante lide santral yon diskou oswa yon tèks konplèks.
- Patisipe nan echanj, konvèsasyon nan divès sityasyon kominikasyon.
- Mete nou alèz pou nou eksprime panse nou byen klè lè n ap pale tout pandan n ap respekte règ kreyòl ayisyen an.
- Idantifye estrikti ki pa kòrèk aloral epi korije yo.
- Pale kreyòl san nou pa melanje l ak lòt lang.

Sa nou vize pou fen sik la

Elèv la ap an mezi pou li koute divès kategori tèks literè ak lòt tip diskou e, nan konvèsasyon li genyen ak lòt moun, l ap kapab montre nivo konpreyansyon li lè li reponn kesyon yo poze li oswa lè li eksprime sa li panse. L ap kapab reyalize yon prezantasyon oral, sèvi ak bon jan nòt li te pran pou li repwodui ide esansyèl ki degaje nan yon mesaj nan pwòp tèm pa li. L ap itilize yon kreyòl sans fot ak entèferans, nivo estanda ak siperyè, pou l pwodui diferan tip diskou.

Fason pou n evalye elèv la

- Konpreyansyon tèks oral yo, idantifikasyon jan (kategori) tèks yo ak entansyon kominikasyon yo.
- Bon itilizasyon resous lengwistik yo nan pwodiksyon oral.
- Adaptasyon langaj la ak divès sityasyon kominikasyon.
- Respe divès règ pou pran lapawòl.
- Klate, fasilite pwodiksyon oral yo.
- Nivo langaj (estanda, soutni), vokabilè adapte, absans entèferans ak franse.

Taktik nou mete sou pye pou chak elèv rive devlope konpetans la

- Tande divès tip diskou oral sou plizyè kalte sijè.
- Li, tande anpil tèks literè (zèv konplè oswa ekstrè).
- Travay preparasyon (koutè avèk atansyon, pran bon jan nòt, ekspriye ide yo nan pwòp tèm pa w...). Fè yon rezime oswa ekspriye yon pwennvi pou ka reprann ide esansyèl ki genyen nan yon diskou.
- Etid sou rejis lang yo (familiye, kouran, soutni).
- Teknik ekspresyon oral yo (anrejistremant vwa, bon pwononsyasyon, entonasyon...).

Konpetans 2 :

Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl

Prezantasyon konpetans la

Pou devlope konpetans nan domèn lekti ak ekriti, anpil aktivite fèt a pati de divès kalte tèks e an patikilye tèks literè yo. Sa ap pèmèt elèv yo gen yon bon kilti literè kreyòl epitou travay sou tematik ki konsène anviwònman sosyokiltirèl yo. Grasa etid òganizasyon tèks yo - leksik, rezo sans yo, devlopman lojik ide yo (koyeans), fason eleman yo plase nan lang nan (sentaks) - elèv la ap kapab konstui kapasite li genyen pou li konprann yon lekti. Pou li rive konprann ak entèprete divès enfòmasyon ki nan yon tèks, men tou pou li rive konprann karakteristik jan literè yo ak sa ki ladan yo.

Eleman ki konpoze konpetans la

- Li, konprann epi entèprete zèv nan literati ayisyen ki ekri an kreyòl.
- Jwenn prese prese enfòmasyon nan yon tèks li sot li.
- Dekouvri epi entèprete tèks ki pale sou sijè ki gen rapò ak anviwònman sosyal ak kiltirèl peyi li.
- Dekouvri epi entèprete dokiman ki gen imaj ak grafik ladan.
- Analize diferan pati ak fonksyon yon tèks.
- Reponn kesyon sou tèks yo pwopoze l.

Sa nou vize pou fen sik la

Elèv la ap gen kapasite pou l li, konprann, entèprete ak fasilite zèv literati ayisyen an kreyòl ak lòt kalte tèks. Li ap anmezi pou li distenge divès kategori diskou ak entansyon kominikasyon. Li ap gen kapasite tou pou li reprann ide santral yon tèks yo te li epi pou li fè yon kontrandi sou li.

Fason pou n evalye elèv la

- Konpreyansyon, analiz, entèpretasyon yon tèks, yon zèv literè.
- Konpreyansyon, analiz, entèpretasyon tèm sosyokiltirèl nou te travay nan klas la.
- Refòmilasyon yon tèks nou te li.
- Konpreyansyon ak analiz estrikti gramè lang nan, sentaks ak leksik tèks nou fin li.
- Reyalizasyon fich, rezime, kontrandi lekti.

Taktik nou mete sou pye pou chak elèv rive devlope konpetans la

- Lekti ak analiz divès tip tèks ak zèv literati ayisyèn an kreyòl.
- Etid divès rejis lang yo.
- Etid gramè tèks ak gramè fraz.
- Rechèch sou lèksik ak fòmasyon chan semantik yo.
- Dekouvri divès enfòmasyon (eksplisit ak enplisit) nan yon tèks yo li.
- Idantifye sous yon dokiman, nan ki kontèks li pwodui, ak jan li.
- Entèpretasyon chema, imaj oubyen lòt dokiman grafik ki koresponn ak yon tèks oswa yon sijè presi.
- Elaborasyon plan, rezime, kòmantè sou lekti. Taktik nou mete sou pye pou chak elèv rive devlope konpetans la
- Lekti ak analiz divès tip tèks ak zèv literati ayisyèn an kreyòl.
- Etid divès rejis lang yo.
- Etid gramè tèks ak gramè fraz.
- Rechèch sou lèksik ak fòmasyon chan semantik yo.
- Dekouvri divès enfòmasyon (eksplisit ak enplisit) nan yon tèks yo li.
- Idantifye sous yon dokiman, nan ki kontèks li pwodui, ak jan li.
- Entèpretasyon chema, imaj oubyen lòt dokiman grafik ki koresponn ak yon tèks oswa yon sijè presi.
- Elaborasyon plan, rezime, kòmantè sou lekti.

Konpetans 3 :

Pwodui tèks klè sou yon sijè literè ak tout lòt kalite sijè nan diferan domèn

Prezantasyon konpetans la

Pou pwodiksyon ekri a nan nivo segondè a, elèv la ap bezwen rasanble an menm tan zouti lengwistik yo (òtograf, vokabilè, fonoloji, sentaks...) ak eleman pou tip ak òganizasyon tèks yo. Travay pwodiksyon ekri a baze sou sa ki fèt nan lekti, nan gramè, sentaks (eskèlèt lang nan) an rapò ak zèv literè yo etidye ak tèm sosyokiltirèl yo abòde nan nivo sa a.

Eleman ki konpoze konpetans la

- Pwodui divès kalite tèks ak yon entansyon komunikasyon pandan n ap respekte règ òtograf ak gramè lang kreyòl ayisyen an.
- Itilize yon bon nivo kreyòl (estanda oswa siperyè).
- Ekri tèks pou bay enfòmasyon, espikasyon ak konsiy, pou rakonte yon istwa, ekspri sa ki nan panse nou, santiman nou ak bezwen nou.
- Byen sèvi ak règ ekriti yo pou òganize, transkri e revize yon diskou.

Sa nou vize pou fen sik la

Nan fen sik la, elèv la ap kapab pwodui divès tip tèks byen òganize dapre yon dewoulman lojik e koyeran, epi ki asosye ak yon entansyon komunikasyon. L ap anmezi pou li adapte sa l ap ekri yo ak sityasyon komunikasyon pandan l ap respekte divès règ gramè kreyòl ayisyen an. L ap an kapasite pou l pwodui tèks konplèks sou zèv literè li etidye yo ak tematik sosyokiltirèl yo abòde nan nivo segondè a.

Fason pou nou evalye elèv la

- Itilize kèk taktik pou pwodiksyon tèks yo.
- Refòmilasyon, koyerans nan fraz yo ak nan tèks yo.
- Pwodiksyon ki koresponn ak yon entansyon komunikasyon.
- Pwodiksyon byen prepare.
- Respe règ òtograf, leksik, gramè lang nan.

Taktik nou mete sou pye pou chak elèv rive devlope konpetans la

- Chwazi plizyè tèks k ap sèvi kòm modèl, divès kalite sipò didaktik (teks, imaj, son, sityasyon reyèl oswa imajinè, elatriye).
- Etidye plizyè zèv literè (òganizasyon, chan tematik, strikti lang nan).
- Chwazi kèk sityasyon pou ekri k ap pèmèt nou travay sou gramè, vokabilè, òganizasyon, devlopman lojik tèks la, koyerans li.
- Sèvi ak bouyon, ak chema, elatriye, pou nou prepare ekriti tèks la.
- Egzèsis antrènman pou vin gen metriz sou divès nivo nan ekriti.

Chema ki prezante tout konpetans yo

Pwogresyon pwogram nan

Pwogram kreyòl segondè a suiv yon pwogresyon sikilè (sou fòm sèk), sa vle di gen plizyè konpetans elèv la deja devlope nan klas anvan an li vin jwenn yon lòt fwa ankò nan klas siperyè a. Pa egzanp, li kapab te wè reprezantasyon grafik fraz senp ak fraz konplèks nan premye ane segondèepi li apwofondi konpetans ki asosye a nosyon sa a nan dezyèm ane segondè a e menm nan yon lòt nivo ankò. Kalite pwogresyon sa a pèmèt elèv la pi byen metrize konpetans ki vize yo grasa divès rapèl ki fèt nan nivo diferan.

Tablo sentetik sou evolasyon kontni yo soti nan segondè I pou rive nan segondè IV

	SEGONDÈ I	SEGONDÈ II	SEGONDÈ III	SEGONDÈ IV
I	LANG AK KILTI KREYÒL	LANG AK KILTI KREYÒL	LANG AK KILTI KREYÒL	LANG AK KILTI KREYÒL
	Istwa sosyete ak lang kreyòl	Kreyòl ak lòt lang nan sosyete ayisyèn nan	Idantite ak patrimwàn kiltirèl ayisyèn nan	Lang kreyòl kòm zouti kominikasyon nan tout domèn
	Kreyòl ayisyen ak kreyòl zantiy yo	Varyete rejyonal, entèferans	Mizik ak chan tradisyonèl	Rejis lang ak sitiyasyon kominikasyon
II	LITERATI AN KREYÒL	LITERATI AN KREYÒL	LITERATI AN KREYÒL	LITERATI AN KREYÒL
	Istwa literati ayisyèn nan nan lang kreyòl	Literati ayisyèn nan lang kreyòl ak nan lòt lang	Biyografi, pòtre, otopòtre	Teyat
	Kont, pwovèb, fab, lodyans	Nouvèl	Woman	Pwezi
	Fè kòmantè ak rezime tèks	Analize, prezante yon zèv literè	Reyalize ekspozé oral, patisipe nan yon deba	Reyalize disètasyon
III	KOMINIKASYON AK SOSYETE	KOMINIKASYON AK SOSYETE	KOMINIKASYON AK SOSYETE	KOMINIKASYON AK SOSYETE
	Kominikasyon fòmèl ak enfòmèl	Vwayaj, migrasyon	Viv ansanm nan yon sosyete	Medya ak enfòmasyon
	Ekri divès kalite lèt	Dekri, rakonte yon pwòje, yon aktivite, yon sitiyasyon	Fè rechèch sou yon sijè sosyete, prezante yon dosye	Elabore yon kesyonè, reyalize yon entèvyou
IV	ANVIWONMAN AK TEKNOLOJI	ANVIWONMAN AK TEKNOLOJI	ANVIWONMAN AK TEKNOLOJI	ANVIWONMAN AK TEKNOLOJI
	Pwoteksyon anviwònman	Rejyon ak popilasyon	Entènèt ak rezo sosyal	Pwogrè teknolojik

KONPETANS JENERAL A. Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral B. Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl C. Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
KONPETANS ESPESIFIK			
S1	S2	S3	S4
I. LANG AK KILTI KREYÒL			
Istwa sosyete ak lang kreyòl (12 èdtan)	Kreyòl ak lòt lang sosyete ayisyèn nan (12 èdtan)	Idantite ak patrimwàn kiltirèl ayisyen (12 èdtan)	Lang kreyòl kòm zouti kominikasyon nan tout domèn (12 èdtan)
Konprann istwa ak evolisyon lang kreyòl la nan sosyete a Dekouvri diferans ak resanblans ki genyen nan kreyòl yo pale nan Zantiy yo Aplike prensip tradiksyon ki mande pou respekte sans nan lang sous la Konprann jan idantite w konstui a pati de konesans sou istwa lang, sosyete ak kilti kote w ap viv la	Dekouvri epi karakterize sitiyasyon kote kreyòl ak franse ap evolye kot a kot Konprann sitiyasyon lengwistik peyi Dayiti Dekouvri plas chak lang yo nan sosyete a, nan lekòl, nan lavi ekonomik eks...	Konprann, analize eleman ki konstitye patrimwàn imateryèl peyi Dayiti ak idantite kreyòl la (fèt popilè, manje, tradisyon oral...) Konprann evolisyon sosyete ayisyèn nan ak sa ki fè idantite l Konpare eleman kiltirèl ki karakterize soyete tradisyonèl (epòk lontan) ak sosyete modèn yo (jodya)	Idantifye sitiyasyon kominikasyon kote yo itilize lang kreyòl la nan sosyete a Analize wòl ak fonksyon lang nan diferan domèn kominikasyon fòmèl Konprann e analize lisaj lang kreyòl ak lòt lang ki nan espas ayisyen an (franse, angle, payòl)

Kont ak pwovèb kreyòl (8 èdtan)	Jan ayisyen pale : vayete rejyonal, entèferans (8 èdtan)	Mizik, chan tradisyonèl (8 èdtan)	Rejis lang ak sitiyasyon kominikasyon fòmèl (8 èdtan)
Konprann fòs kilti ayisyèn nan nan tradisyon oral tankou kont pwovèb, lodyans ... Analize yon kont, yon lodyans Konprann mesaj ki veyikile nan yon pwovèb Rakonte yon istwa kout devan yon piblik (kont, blag elatriye) pandan 5 a 10 minit Prepare yon dosye tematik	Dekouvri, konprann varyasyon nan lang kreyòl la Analize fraz ki genyen entèferans franse ladan yo Pwodui fraz korèk aloral ki pa gen okenn entèferans franse ladan yo	Konprann fòs kilti ayisyèn nan nan tradisyon oral tankou kont chan popilè, mizik tradisyonèl... Analize divès kalite chan tradisyonèl kreyòl pou idantifye eleman karakteristik kilti peyi a Idantifye de estil mizik epi klase yo selon yon kategori a pati de karakteristik yo	Distenge diferan rejis lang Idantifye diferans sitiyasyon komunikasyon fòmèl ak non fòmèl Pwodui tèks kòrèk ki koresponn a sitiyasyon komunikasyon Pwodui divès kalite tèks administratifs ak yon entensyon komunikasyon

KONPETANS JENERAL			
A. Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral B. Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl C. Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
KONPETANS ESPESIFIK			
S1	S2	S3	S4
II. LITERATI AN KREYÒL			
Istwa literati ayisyèn nan nan lang kreyòl (8 èdtan)	Literati ayisyèn nan lang kreyòl ak nan lòt lang (8 èdtan)	Otobyografi, pòtre, otopòtre (8 èdtan)	Teyat (8 èdtan)
Tabli paralèl ant istwa literati kreyòl la ak devlopman lang kreyòl la. Idantifye fòm literati kreyòl la pran nan lòd kronolojik Plase yon zèv oswa yon otè nan yon kouran a pati yon seri endis ak eleman karakteristik Idantifye otè yo, sa yo reprezante nan istwa literati kreyòl la. Li, konprann, analize tèks ansyen ekri an kreyòl	Analize relasyon kiltirèl literati kreyòl la genyen ak lòt literati Tabli diferans ant yon tèks literè ak yon tèks non literè Idantifye eleman ki dominan nan yon tèks literè Tabli relasyon ant yon zèv ak yon kouran literè ou atistik Idantiye, konprann, entèprete divès eleman ki antoure pwodiksyon yon zèv	Dekouvri sa yon resi otobiyografik ye, sa ki karakterize l Li, apresye, analize plizyè divès tèks otobiyografik (tèks entegral o ekstrè) Li, analize imaj fiks (otopòtre, sèlfi...) Itilize règ ekriti otobyografi pou pale de tèt ou, de lavi w, de sa ken enterese w ou ki touche w	Dekouvri epi analize tout eleman ki konpoze yon zèv teyatral : entrig, dyalòg, misansèn, deko ... (S4, 20) Li, apresye, analize valè estetik yon zèv teyatral Idantiye diferan rejis jan teyatral la (komik, trajik...) Konprann espesifisite dyalòg nan non pyès teyat Konprann jan yo itilize teyat pou denonse de sitiyasyon sosyal, pwomouvwa de lide...

Kont, pwovèb, fab, lodyans (16 èdtan)	Nouvèl (16 èdtan)	Woman (16 èdtan)	Pwezi (16 èdtan)
Idantifye, li zèv ki asosye a literati oral (pwovèb, kont, fab, lodyans, mit, lejend...) Distenge karakteristik kont, fab, lodyans Idantifye moral yon kont, yon pwovèb, yon lodyans	Distenge karakteristik divès jan literè Konprann sa ki karakterize yon nouvèl, yon woman Idantifye chema naratif, lide presipal, wòl pèsonaj yon resi (nouvèl) Releve endis espasyal ak tanporèl nan yon resi Idantiye vwa naratè a Konprann prensip redaksyon yon disètasyon	Idantifye chema naratif, lide presipal, wòl pèsonaj yon resi Idantifye valè ki gen nan yon woman ak ideyoloji ki ka dèyè l Repere, konprann kontèks istorik yon woman Bay avi pèsonèl ou sou yon tèz, yon sistèm valè, yon ideyoloji Li, analize yon zèv literati inivèsèl ki tradui an kreyòl epi konpare l ak vèsyon orijinal la Fè yon ekzpozè sou yon tèm ki travèse plizyè woman Entegre prensip redaksyon yon disètasyon	Apresye yon zèv literè ekri an kreyòl, pote jijman sou si, reflechi sou valè estetik li Repere fòm pwezi kreyòl la pran depi nan kòmansman jis jody a Repere nan yon powèm kritè ki ka pèmèt ou idantifye nan ki kouran literè oswa atistik li sòti Dekouvri epi analize tout eleman ki konpoze yon zèv powetik Rekonèt e apresye mwayen yon otè itilize pou li pwovoke sou lektè a yon efè estetik apati sason li sèvi ak lang nan /pwezi
Fè kòmantè ak rezime tèks(16 èdtan)	Analize e prezante yon zèv literè (16 èdtan)	Reyalize yon ekspoze, patisipe nan yon deba (16 èdtan)	Reyalize yon kòmantè literè, yon disètasyon (16 èdtan)
Kòmante aloral e alekri yon zèv literati oral Devlope lide yon pwovèb aloral e alekri Refòmile yon diskou ou	Ekri yon istwa ou tande ak pwòp mo pa w Reyalize yon ekspoze sou yon zèv ou li Rekri yon resi defason pou chanje moral otè a te vle	Elabore yon ekspoze aloral pandan 15 a 20 minit pou prezante yon zèv literè ou atistik Defann yon pwendevan aloral Reyalize yon fich lekti	Planifye e redije ekri agimantatif tankou kòmantè, disètasyon an relasyon ak yon zèv ou etidye nan respè gramè ak òtograf lang kreyòl la <u>Kòmantè tèks literè :</u>

tande Pran nòt esansyèl yon ekspoze pou reyalize yon rezime Fè plan yon resi Rezime yon tèks literè	tradui Fè rizime yon nouvèl, yon woman (zèv entegral oswa chapit) Mennen yon etid konpare sou de resi Transfòme yon dyalog an resi Reyalize yon fich lekti Aplike règ disètasyon pou trete yon sijè konplèks	Prezante biyografi yon otè Itilize prensip redaksyon tèks otobyografik pou prezante tèt ou, pale de moman ou evènman nan lavi w Rakonte yon evènman difisil ou viv Aplike règ disètasyon pou trete yon sijè konplèks	Li, konprann yon tèks Elabore yon plan koyeran e lojik Redije yon bouyon (entwodiksyon, devlopman, konklizyon) <u>Disètasyon:</u> Konprann yon sijè Chèche lide Elabore yon plan ki koresponn a yon sijè Itilize agiman pètinan e apwopriye Òdone e devlope agiman yo ak tout egzanp Redije entwodiksyon, devlòman ak konklizyon Defann yon tèz aloral Aplike règ disètasyon pou trete yon sijè konplèks
---	--	--	--

KONPETANS JENERAL A. Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral B. Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl C. Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
KONPETANS ESPESIFIK			
S1	S2	S3	S4
III. KOMINIKASYON AK SOSYETE			
Kominikasyon fòmèl ak enfòmèl (8 èdtan)	Vwayaj, migrasyon (8 èdtan)	Viv ansanm nan yon sosyete (8 èdtan)	Medya ak enfòmasyon (8 èdtan)
Distenge divès sityasyon kominikasyon (oral k ekri) epi adapte diskou nou avèk li suivan kontèks la Rejis (nivo) lang (famile, kouran, soutni) : karakteristik gramatikal ak mleksikal yo Itilize mo ki byen adapte a kontèks kominikasyon an Eksprime lide ak presizyon nan sityasyon kominikasyon oral tankou ekspoze, kontrandi Sèvi ak sipò vizyèl ki byen adapte pou bay kontrandi sou rezilta yon travay nou	Idantiye kèk fòm vwayaj fòse Dekri etap preparasyon yon vwayaj touristik anndan peyi a oswa aletranje Redije yon paragaf sou yon pwojeè vakans Rakonte yon vizit yon vil, yon zòn ou renmen Ranmase enfòmasyon nan divès sous ki disponib pou prezante yon peyi ou ta renmen vizite epi prezante l devan yon gwoup moun	Bay opinyon nou sou tèm ak valè inivèsèl yo yon fason klè e ki konvenk moun lè n ap pale ak lè n ap ekri Patisipe nan konvèsasyon sou sijè konsènan lasosyete tout pandan n ap respekte règ pou pran lapawòl yo ak pwennvi moun n ap pale avèk li a Konprann epi analize divès agiman yo prezante nan yon diskou oral ak ekri Konprann epi aplike divès pwosede pou prezante agiman klè nan langaj pale ak ekri	Idantifye epi note divès enfòmasyon enpòtan ki genyen nan yon diskou. Konprann karakteristik kominikasyon atravè yon jounal nimerik Analize epi mete lòd nan divès enfòmasyon konsènan yon sijè oswa yon kesyon yo poze epi asosye yo ak konsepsyon nou te genyen déjà Chèche, analize epi sèvi ak enfòmasyon yo bay sou entènèt pou anrichi diskou nou Trete enfòmasyon, mete yo an relasyon pou poze yon kesyonman oswa entegre yo nan

te fè ansanm, yon pwojè			yon travay
Ekri divès kalite lèt (12 èdtan)	Dekri, rakonte yon pwojè, yon aktivite, yon sityasyon (12 èdtan)	Fè rechèch sou yon sijè sosyete, prezante yon dosye (12 èdtan)	Elabore yon kesyonè, reyalize yon entèvyou (12 èdtan)
Ekri yon lèt pou bay yon enfòmasyon, voye nouvell Ekri yon lèt pou eksprime yon santiman Sèvi ak sipò vizyèl ki byen adapte pou bay kontrandi sou rezilta yon travay nou te fè ansanm, yon pwojè Ekri divès tip tèks pou enfòmasyon sou yon sijè, yon sityasyon	Dekri yon destinasyon vwayaj anndan peyi oswa aletranje ak yon itinerè detaye Fè yon ekspoze sou diferan mwayen transpò ki disponib pou vwayaj andan peyi a e kisa ki pou ta fèt pou amelyore yo Analize yon domiman ofisyèl Patisipe nan yon deba sou rezon ki fè yon pakèt ayisye vle kite peyi a	Elabore yon ekspoze aloral pandan 15 a 20 minit pou prezante rezilta yon rechèch sou yon tematik oubyen yon sijè sosyete Prepare yon fich lekti sou yon pledwaye ou tande Tradui an kreyòl plizè atik dekarasyon inivèsèl dwa moun	Reyalize yon entèvyou Prepare yon kesyonè Sèvi ak sipò vizyèl ki byen adapte pou bay kontrandi sou rezilta yon travay nou te fè ansanm, yon pwojè Ekri divès tip tèks pou bay enfòmasyon sou yon sijè oubyen sou yon sityasyon.

KONPETANS JENERAL			
A. Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral B. Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl C. Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
KONPETANS ESPESIFIK			
S1	S2	S3	S4
IV. ANVIWONMAN AK TEKNOLOJI			
Pwoteksyon anviwonman (16 èdtan)	Rejyon ak popilasyon (16 èdtan)	Entènèt ak rezo sosyal yo (16 èdtan)	Pwogre teknolojik (16 èdtan)
Idantifye jès senp ki pèmèt yo pwoteje anviwonman an Eksplike koz polisyon nan yon vil Fè yon brèf ekspoze sou avantaj rebwazman Prepare yon afich sou pwoteksyon anviwonman	Idantifye de pratik sosyal ak kiltirèl ki pwòp a popilasyon yon rejyon, yon vil Konpare de anviwonman diferan (egzanp lavil/andeyò ; nan mòn/bòdmè) pou idantiye diferans ak resanblans sou anviwonman a ak jan moun yo viv Fè deskripsyon yon zòn, yon anviwonman, yon vil, yon rejyon	Reyalize yon entèvyou Chèche, analize, epi sèvi ak enfòmasyon yo bay sou entènèt pou anrichi nou Redije yon paj sou yon rezo sosyal pou prezante yon atis oswa yon pèsonaj istorik ou renmen Pwodui yon refleksyon sou itilizasyon nouvel teknoloji pou devlopman peyi a nan diferan domèn	Li, konprann, apresye divès kalite dokiman ak repòtaj sou pwogre teknolojik Sèvi ak referans syantifik (etid, done, travo...) pou apiye yon refleksyon, defann yon pozisyon Rezime yon tèks syantifik

2.2.6 Pwogresyon

2.2.6.1 Pwopozisyon konsènan fason « inite aprantisaj yo » dwe distribye pandan ane akademik la

Pwogram detaye pou chak nivo ki repati an plizyè inite aprantisaj. Chak inite aprantisaj prezante nan : Konpetans jeneral yo, abilitè ak atitid ki dwe mete an plas (konpetans espesifik), resous lengwistik, resous dokimantè ak metodolojik, pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou sitiyasyon.

Nan pwogram segondè a, pou chak nivo, gen 8 inite aprantisaj (IA) ki repati sou 4 peryòd ki koresponn a kalandriye eskolè a.

Peryòd	Kantite semèn	Kantite lè
1	6	24
2	5	20
3	8	32
4	9	36

Chak peryòd ap gen ladann yon de (2) inite aprantisaj. Chak inite aprantisaj gen plizyè seyans, chak seyans ap dire 3 zè pa semèn.

Dènye seyans nan chak inite aprantisaj yo ap rete pou reyalizasyon yon mini pwojè. Aktivite sa yo ap mete elèv la nan sitiyasyon pou l kominike ak kanmarad li. Konsa, klas la ap kapab reyalize yon travay enpòtan nan tèt ansanm k ap mande pou elèv yo sèvi ak plizyè konpetans yo te rive devlope pandan sekans la.

Inite palye a (IP) ki se yon inite ki plase nan fen peryòd la pou reyalizasyon pwojè ak lòt disiplin yo, ak evalyasyon tout sa elèv la te aprann nan peryòd la. Modèl sa a, ap sèvi pou tout nivo nan segondè a.

Peryòd 1 6 semèn – 18 èdtan	Peryòd 2 5 semèn – 15 èdtan	Peryòd 3 8 semèn - 24 èdtan	Peryòd 4 9 semèn – 27 èdtan
LANG AK KILTI KREYÒL IA 1 = 9 èdtan Semèn 1 = 3 èdtan Semèn 2 = 3 èdtan Semèn 3* = 3 èdtan *Mini pwojè (Itilizasyon konpetans yo pou lòt bezwen ankò, entegrasyon)	LITERATI AN KREYÒL IA 3 = 6 èdtan Semèn 1 = 3 èdtan Semèn 2* = 3 èdtan *Mini pwojè (Itilizasyon konpetans yo pou lòt bezwen ankò, entegrasyon)	LITERATI AN KREYÒL IA 5 = 12 èdtan Semèn 1 = 3 èdtan Semèn 2 = 3 èdtan Semèn 3 = 3 èdtan Semèn 4* = 3 èdtan *Mini pwojè (Itilizasyon konpetans yo pou lòt bezwen ankò, entegrasyon)	LITERATI AN KREYÒL IA 7 = 12 èdtan Semèn 1 = 3 èdtan Semèn 2 = 3 èdtan Semèn 3 = 3 èdtan Semèn 4* = 3 èdtan *Mini pwojè (Itilizasyon konpetans yo pou lòt bezwen ankò, entegrasyon)
LANG AK KILTI KREYÒL IA 2 = 8 èdtan Semèn 1 = 3 èdtan Semèn 2* = 3 èdtan *Mini pwojè (Itilizasyon konpetans yo pou lòt bezwen ankò, entegrasyon)	KOMINIKASYON AK SOSYETE IA 4 = 6 èdtan Semèn 1 = 3 èdtan Semèn 2* = 3 èdtan *Mini pwojè (Itilizasyon konpetans yo pou lòt bezwen ankò, entegrasyon)	KOMINIKASYON AK SOSYETE IA 6 = 9 èdtan Semèn 1 = 3 èdtan Semèn 2 = 3 èdtan Semèn 3* = 3 èdtan *Mini pwojè (Itilizasyon konpetans yo pou lòt bezwen ankò, entegrasyon)	ANVIWONNMAN AK TEKNOLOJI IA 8 = 12 èdtan Semèn 1 = 3 èdtan Semèn 2 = 3 èdtan Semèn 3 = 3 èdtan Semèn 4* = 3 èdtan *Mini pwojè (Itilizasyon konpetans yo pou lòt bezwen ankò, entegrasyon)
IP 1 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 2 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 3 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 4 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon

Pwogram detaye suivan inite aprantisaj yo

SEGONDÈ 1			
Peryòd 1 6 semèn – 18 èdtan	Peryòd 2 5 semèn – 15 èdtan	Peryòd 3 8 semèn - 24 èdtan	Peryòd 4 9 semèn – 27 èdtan
LANG AK KILTÌ KREYÒL IA 1 = 9 èdtan Istwa sosyete ak lang kreyòl	LITERATI AN KREYÒL IA 3 = 6 èdtan Istwa literati ayisyen nan nan lang kreyòl	LITERATI AN KREYÒL IA 5 = 12 èdtan Kont, pwovèb, fak, lodyans	LITERATI AN KREYÒL IA 7 = 12 èdtan Kòmantè ak rezime tèks
LANG AK KILTÌ KREYÒL IA 2 = 8 èdtan Kreyòl ayisyen ak kreyòl Zantiy yo	KOMINIKASYON AK SOSYETE IA 4 = 6 èdtan Kominikasyon fòmèl ak enfòmèl	KOMINIKASYON AK SOSYETE IA 6 = 9 èdtan Ekri divès kalite lèt (koresponsans)	ANVIWONNMAN AK TEKNOLOJI IA 8 = 12 èdtan Pwoteksyon anviwònman
IP 1 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 2 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 3 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 4 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon

S1 | Période 1 : LANG AK KILTI KREYÒL

Inite aprantisaj 1 : Istwa sosyete ak lang kreyòl(9 èdtan)

Konpetans nou vize :

- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral
- Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl
- Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn

<i>Abilite ak atitid nou dwe mete an plas</i>	<i>Resous</i>		<i>Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon</i>
	<i>Lengwistik</i>	<i>Dokimantè ak metodolojik</i>	
Konprann istwa ak evolisyon lang kreyòl nan sosyete a Konprann jan idantite w konstwui a pati de konesans sou istwa lang, sosyete ak kilti kote w ap viv la	Analiz premye tèks ki ekri an kreyòl (eg: Lisette quitté la plaine) Konpare kèk ekstrè ak kreyòl yo pale nan epòk n ap viv la Estrikti kreyòl ansyen ak kreyòl kontanporen (vokabilè, gramè, òtograf)	Tèks ansyen an kreyòl ayisyen Nòt sou istwa fòmasyon lang kreyòl la (kontèks ak epòk fòmasyon lang nan, brasay popilasyon ak lang, metisaj kiltirèl, evolisyon lang nan/kreyolizasyon...) Kat jewografik pou elèv yo idantifye peyi ki pale kreyòl nan lemond. Lis peyi ki pale kreyòl nan lemond Lis kreyòl ki gen fransè kòm baz leksikal (kreyòl zantiy ak Lareyinyon, Sechèl..)	Elèv yo ap fè rechèch sou entènèt sou: - diferan peyi ki pale kreyòl nan lemond - Istwa ak fòmasyon lang kreyòl ayisyen Y ap prezante rechèch la sou fòm dosye ekri ak ekspoze Elèv yo ap prepare afich sou eleman ki karakterize kilti kreyòl la (kizin, mizik tradisyonèl, fèt popilè, jan moun yo viv...), pa opozisyon ak lòt peyi tankou Repiblik Dominikèn oswa Lèzetazini.

Fason pou n evalye elèv la:

- Kesyon jeneral sou fòmasyon lang kreyòl yo: kontèks, epòk, karakteristik...
- Kesyon jeneral sou eleman karakteristik kilti kreyòl la (tradisyon popilè, mizik, manje..)

Inite aprantisaj 2 : **Kreyòl ayisyen ak kreyòl Zantiy yo** (8 èdtan)

Konpetans nou vize :

- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral
- Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl
- Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn

Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodolojik	
Dekouvri diferans ak resanblans ki genyen nan kreyòl yo pale nan Zantiy yo Konprann sa ki fè idantite kreyòl la Aplike prensip tradiksyon ki mande pou respekte sans nan lang sous la	Kèk eleman konparezon leksik kreyòl ayisyen ak kreyòl zantiy: ni/ genyen, kriye/ rele, ou/ zòt, ti manmay/ti moun, el... Alfabè kreyòl zantiy ak alfabè kreyòl ayisyen Detèminan kreyòl Zantiy yo Detèminan kreyòl ayisyen Pwonon kreyòl Zantiy yo Pwonon kreyòl ayisyen Kèk eleman sentaks kreyòl Zantiy (Matinik, Gwadeloup, Giyan..) ak kreyòl ayisyen	Sipò odyo oswa ekri ki prezante kreyòl zantiy yo (Matinik, Gwadeloup): chan popilè, kont, ekstrè jounal... Resous tekstyèl : sit entènèt potomitan, montay kreyòl Sipò odyo oswa ekri pou montre diferans ak resanblans kreyòl ayisyen ak kreyòl Zantiy yo Tradiksyon: - Tèks ansyen an kreyòl kontanporen - kreyòl Zantiy yo an kreyòl ayisyen	Elèv yo ap tradui tèks kreyòl Zantiy an kreyòl ayisyen Rechèch sou eleman kilti kreyòl la, sa ki espesifik a chak teritwa...

Fason pou n evalye elèv la:

- Identiye yon tèks ki ekri nan youn nan kreyòl Zantiy yo
- Tradui yon ekstrè tèks ansyen an kreyòl ayisyen
- Tradui kèk fraz ki ekri an kreyòl Zantiy yo an kreyòl ayisyen

S1 | Période 2 : LITERATI AN KREYÒL - KOMINIKASYON AK SOSYETE

Inite aprantisaj 3 : Istwa literati ayisyèn nan nan lang kreyòl (6 èdtan)

Konpetans nou vize :

- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral
- Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl
- Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn

Abilite ak atitud nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokiman ak metodolojik	
Tabli paralèl ant istwa literati kreyòl la ak devlopman lang kreyòl la Idantifye fòm literati kreyòl la pran nan lòd kronolojik Plase yon zèv oswa yon otè nan yon kouran a pati yon seri endis ak eleman karakteristik Idantifye otè yo, sa yo reprezante nan istwa literati kreyòl la Li, konprann, analize tèks ansyen ekri an kreyòl	Zèv literè ki ekri an kreyòl (Lisette quitté la plaine, Evahim et Aza, choukoun) Fòm pwonon ak deteminan kreyòl ansyen (<u>Mo</u> perdi bonheur à <u>moué</u> = Mwen pèdi bonè mwen) Powèm, vè, estwòf ak rim Chema naratif / chema aktansyèl Sans pwòp / sans figire Pwonon pèsone yo ak wòl yo jwe nan fraz yo Lekti pou moun tandè (pwononsiyasyon, ritm, debi, atikilasyon...) Dikte an kreyòl	Nòt ak dokiman ki eksplike kòman literati kreyòl la te kòmanse parèt nan tèks ansyen (Lisette quitté la plaine, Evahim ak Aza..) Evolisyon literati kreyòl la (twa gwo peryòd: 1750-1950, 1950-1980, 1980-jiska jodi a) Kouran ak mouvman literè ayisyen ekspresyon franse ak kreyòl Istwa literati kreyòl atravè etid zèv diferan otè Dekouvri tèm ki abòde nan premye zèv literè kreyòl yo Evolisyon lang kreyòl la nan zèv literè ki la depi lontan (Choukoun, Lisette quitté la plaine ..) Konpare estrikti leksikal, sentaksifik òtografik tèks ansyen yo ak estrikti kreyòl jodi a Tradui kèk ektrè tèks ansyen an kreyòl kontanporen epi an franse	Prepare yon ontoloji sou yon peryòd literati ayisyèn nan an kreyòl (kouran, zèv, otè) Prezante yon otè oswa yon tèks klasik literati ayisyèn nan an kreyòl (dosye tematik, ekspoze) Afich prezantasyon yon gran otè kontanporen ki ekri an kreyòl (biyografi, zèv li, tematik li abòde...)

Fason pou n evalye elèv la:

- Analiz yon zèv literè (epòk, kouran, tematik, otè...)
- Prezante etap evolisyon lang ak literati kreyòl la

<i>Inite aprantisaj 4 : Kominikasyon fòmèl ak enfòmèl (6 èdtan)</i>			
Konpetans nou vize :			
- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitud nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sitiyasyon
	Lengwistik	Dokiman ak metodologik	
Distenge divès sitiyasyon kominikasyon (oral ak ekri) epi adapte diskou nou avèk li suivan kontèks la Rejis (nivo) lang (familye, kouran, soutni) : karakteristik gramatikal ak leksikal yo Itilize mo ki byen adapte a kontèks kominikasyon an	Tip ak fòm fraz Chan leksikal Konparezon leksikal : rejis familye, kouran ak soutni Konparezon gramatikal diferan rejis (kontraksyon, strikti entowogativ...) Vokalilè teknik, administratif, syantifik nan diferan domèn Mo konstwi / afiksasyon (dechouke, kawoutchoumann, teyatmann...) Siglezon ak abreviyasyon nan lang kreyòl la	Prezante bay elèv yo divès kalte sitiyasyon kominikasyon tankou nouvel nan radyo osinon televizyon, piblisite, blag, dyalòg zanmitay epi mande yo idantifye a ki rejis yo koresponn e poukisa Aprann yo dekouvri entansyon ki dèyè chak tip kominikasyon selon vokabilè ak fraz ki ladan yo Sèvi ak dokiman odyo ki reyèl pou fè yo distenge divès kalte rejis lang Rasanble enfòmasyon ki nesèsè pou patisipe nan yon sitiyasyon kominikasyon Prepare plan ki ka sèvi pou prezante kominikasyon nan respè règ ki tabli nan chak sitiyasyon kominikasyon. Pwopoze elèv yo divès kalte sitiyasyon kominikasyon kote yo genyen oswa pou yo bay opinyon yo, oswa pou yo enfòme, oswa pou yo agimante Bay chak elèv nan klas la okazyon pou li pran lapawòl e ede li dekouvri patikilarite diskou oral li pwodui a Elèv yo ap kòmanje imaj ki ka genyen plizyè siyifikasyon.	Elèv yo ap idantifye sitiyasyon kominikasyon nan tèks yo li Travay an gwoup: pwofesè a ka pwopoze yon ou 2 tèm bay elèv yo. L ap mande yo defini yon sitiyasyon kominikasyon e chwazi yon rejis pou yo prezante yon dyalog oswa yon tèks. Pou chak prezantasyon, pwofesè ap mande rès klas la idantifye eleman ki pèmèt yo idantifye sitiyasyon kominikasyon an ak rejis yo anplòye Elèv yo ap fè rechèch sou chan leksikal nan diferan domèn teknik ak syantifik. Après, y ap fòme fraz ak plizyè nan yo
Fason pou n evalye elèv la:			
- Transfòme yon tèks rejis familye an rejis standa oswa soutni - Ekri yon tèks administratif (nòt enfòmasyon, anons evenman nan lekòl la ...)			

S1 Période 3 : LITERATI AN KREYÒL - KOMINIKASYON AK SOSYETE			
Inite aprantisaj 5 : Kont, pwovèb, fab, lodyans (12 èdtan) Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodolojik	
Idantifye zèv ki asosye a literati oral (pwovèb, kont, fab, lodyans, mit, lejand...) Konprann fòs kilti ayisyèn nan nan tradisyon oral tankou kont pwovèb, lodyans ... Distenge karakteristik kont, fab, lodyans Idantifye moral yon kont, yon pwovèb, yon lodyans Analize yon kont, yon lodyans Konprann mesaj ki veyikile nan yon pwovèb Rakonte yon istwa kout devan yon publik (kont, blog elatriye) pandan 5 a 10 minit	Fraz yo ak gwoup ki konpoze yo (gwoup nominal sijè, gwoup predika) Diskou dirèk, diskou endirèk nan yon resi (analiz, pwodiksyon) Konstriksyon diskou rapòte Mo lyezon fraz ak paragraf nan yon resi (fòm ak sans yo genyen) Eleman ki dekri yon aksyon, yon pèsonej Chema naratif Lekti ekspresiv yon fab Makè tan yo : prezan, pase, fiti Advèb tan yo (lwen, pre, isi,	Etidye evolisyon literati oral an kreyòl (pwovèb, kont chante...) Angaje elèv yo nan rechèch sou fòm ak jan literè yo jwenn nan literati kreyòl la Paregzanp replase Georges Sylvain nan epòk li, depi li ekri Cric Crac (1901) Dekri karakteristik peryòd literè sa a, fason li ekri fab li yo Tabli relasyon ki egziste ant Cric Crac ak les Fables de Lafontaine Nòt sou karakteristik fòm ak jan literè. Egzanp : fab (resi kout, kontni enplisit, moral...) Chema naratif nan kont : sityasyon inisyal, eleman gate sa, peripesi, sityasyon final	Rekri yon fab pou chanje moral otè ki ekri l la te ba li Deba/agimantasyon sou moral yon fab (dakò, pa dakò) Prezante yon otè fab, lodyans (tabli rapò ant mesaj li vle fè pase yo ak kontèks sosyal epòk li la) Plizyè gwoup elèv ap kolekte yon lis 10 pwovèb yon konnen oswa yo chèche nan lantouraj yo. Chak gwoup ap prezante pwovèb yo. Si posib, yo ka ilistre yo ak desen oswa foto. Apresa, yo va afiche yo nan klas Elèv yo ka imajine yon istwa ansanm (gwoup 5 a 6 moun). Y ap vin prezante l devan klas la Jwe yon kont oswa yon lodyans sou fòm sèn. Y ap chwazi yon elèv kòm naratè e lòt elèv ap jwe wòl pèsonej yo

	la, lòtbò...) Mo lyezon yo nan konstriksyon yon istwa (donk, poutan, malgre, konsa...) Diskou dirèk, diskou endirèk (entèvansyon pèsonaj yo nan yon istwa) Ponktiwayon (diskou dirèk, diskou endirèk) Chan leksikal yon istwa Eleman pou dekri yon aksyon, yon pèsonaj (adjektif kalifikatif, pwopozisyon relatif, advèb...)	Lide prensipal ki travèse yon zèv literè Kòpis pwovèb kreyòl Sipò odyo oswa ekri lodyans Maurice Sixto, Korallen... Sitiyasyon inisyal ak sitiyasyon final yon istwa Ton, wotè, vwa, jès pale ak oditwa a, vitès ak volim vwa, entonasyon, respirasyon Okipasyon espas la: depasman, pozisyon devan piblik la Fason pou aprann pakè	(sa gen ladan l bèt ak pyebwa) Konkou blag a pati de konsiy pwofesè a bay
Fason pou n evalye elèv la: - Idantifye yon jan literè atravè yon tèks - Rapòte yon istwa ou tande - Eksplike sans yon pwovèb - Rakonte yon istwa a pati yon imaj - Rakonte yon istwa ak yon chema naratif - Fè rezime yon istwa ou tande (fab, lodyans, kont) - Rakonte yon istwa alekri selon kèk konsiy (fè pèsonaj yo pale, respektè chema naratif yon resi...) - Prezante aloral yon istwa ou tande			

<i>Inite aprantisaj 6 : Ekri divès kalite lèt (korespondans) (9 èdtan)</i> Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	lengwistik	Dokimantè ak metodolojik	
Ekri yon lèt pou bay yon enfòmasyon, pou eksprime yon santiman Sèvi ak sipò vizyèl ki byen adapte pou bay kontrandi sou rezilta yon travay nou te fè ansanm, yon pwojè Ekri divès tip tèks pou enfòmasyon moun sou yon sijè, yon sityasyon	Fòmil salitasyon ak orevwa Fòmil pou remèsye Mo lyezon non yon lèt Chan leksikal Vokabilè administratif, komèsyal, syantifik selon kontèks la Fraz senp, fraz konplèks Fraz ak ekstansyon (gwoup nominal, gwoup vèbal) Mòd, tan, aspè	Diferans ant yon tèks administratif ak yon tèks òdinè Korespondans administratif (lèt, rapò, nòt administratif, kontrandi, pwosèvèbal, sikilè...) Relasyon ant entansyon kominikasyon (sa vou vle di, mesaj ou vle fè pase ak tip tèks ki asosye a entansyon an) Entansyon kominikasyon yon lèt (enfòmasyon, reklamasyon, deklarasyon, felisitasyon, kondoleyans...) Prensip redaksyon yon lèt a pati de plizyè egzant (prezantasyon, fòm, estrikti, kontni...) Plan detaye (lide prensipal ak lide segondè) Prezantasyon sou pawèpwent	Plizyè gwoup elèv nan klas la ka pote yon dokiman administrati diferan, a pati de rechèch yo fè sou entènèt oswa nan sekretarya lekòl la. Après, pwofèsè a ap fè yon seleksyon pou li afiche pi bon modèl yo nan klas la Ekri divès kalite lèt (papyè oswa mel), pa egzant: - pou mande direksyon an otorizasyon pou envite yon ekriven vin rankontre elèv yo nan klas la - fè reklamasyon yon nòt ki pa egzak - pou swete yon zanmi w kondoleyans - pou akonpaye yon dosye kandidati pou yon bous etid Prezante yon travay sou sipò pawèpwent. Egzant : - yon otè (pakou l, zèv li, kouran literè li, kontèks sosyal li pwodui zèv li yo... - yon dosye sou lang ak kilti kreyòl
Fason pou n evalye elèv la: - Ekri divès kalite lèt ak yon entansyon kominikasyon - Prezante yon pwojè oswa yon travay ak yon sipò pawèpwent - Ekri yon nòt enfòmasyon			

S1 Période 4 : LITERATI AN KREYÒL - ANVIWÒNMAN AK TEKNOLOJI			
<i>Inite aprantisaj 7 : Fè kòmantè ak rezime tèks (12 èdtan)</i> Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodolojik	
Kòmante aloral e alekri yon zèv literati oral Devlope lide yon pwovèb aloral e alekri Refòmile yon yon mesaj efri ou oral Pran nòt esansyèl yon ekspoze pou reyalize yon rezime Fè plan yon resi Rezime yon tèks literè	Diferans ant lang oral ak lang ekri Fraz nominal Fraz vèbal Refòmilasyon, redondans Rediksyon ak devlòmmman fraz Figi estil Pwonon, detèminan demonstratif e posesif kòm anafò	Teknik kòmantè yon tèks literè Estrateji lekti ak analiz tèks : chèche lide enpòtan, lide jeneral, pèsonaj, endis, lyen lojik ak fonksyon langaj ki pi enpòtan yo, ilustrasyon.. Dekouvri entansyon otè a, figi estil, valè pwogresyon pa tèm Teknik pou pran nòt (ekri abreje, senbòl, nominalizasyon...) Rekonèt tèm ak soutèm yon prezantasyon oral oswa ekri Plan detaye (lide prensipal, lide segondè) Aranjman tèks (rezime, kòmansman, rapò ant divès pati yo, rezime, konklizyon) Anons plan ak konklizyon Eleman ki fasilite konpreyansyon yon sijè (egzanp, sipò vizyèl, estatistik, dokimantasyon...)	Reprann oralman oswa kopye sou papye lide yon ekzpozè oswa yon istwa ou tande Prezante aloral yon istwa Travay an gwoup : Chak gwoup a ap travay anvan sou yon zèv yo chwazi epi y ap vin prezante l devan klas la - prezantasyon sou sipò pawèpwent - rezime ekri
Fason pou n evalye elèv la: - Rapòte oswa refòmile yon diskou, yon tèks literè - Fè rezime yon zèv literè - Fè kòmantè yon zèv literè			

<i>Inite aprantisaj 8 : Pwoteksyon anviwònman(16 èdtan)</i>			
Konpetans nou vize :			
- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodoloji	
Idantifye jès senp ki pèmèt yo pwoteje anviwonman an Eksplike koz polisyon nan yon vil Fè yon brèf ekspoze sou avantaj rebwazman Prepare yon afich sou pwoteksyon anviwònman Fè rezime yon atik ki pale de pwoteksyon anviwònman	Etid ak pwodiksyon fraz konplèks: kowòdinasyon, sibòdinasyon Ekspresyon koz, konesans, bi Figi retorik ak gramè : antonimi, sinonimi, omonimi, paronimi Chan leksikal anviwònman Etid tèks enfòmatif, eksplikatif, agimantatif Fraz enjonktif (egzamp : pa jete fatra nan lari, fòk nou plante pyebwa)	Itilize tèks ak sipò ki pale de pwoteksyon anviwònman, devlopman dirab Analiz tèks enfòmatif, eksplikatif, agimantatif sou tèm (afich, dokiman syantifik...) Pwodiksyon fraz ak tèks enfòmatif, eksplikatif, enjonktif sou sijè a Itilizasyon sipò vizyèl (dekriptaj, analiz, pwodiksyon oral ak ekri) Prezantasyon dosye tematik sou sipò pawèpwent	Brase lide sou kesyon pwoteksyon anviwònman (bon aksyon, move aksyon) Ekspoze a pati de rechèch sou tèks entènasyonal sou devlopman dirab ak pwoteksyon planèt la Rechèch sou sa leta ayisyen di e fè sou zafè pwotekyon anviwònman Dosye tematik sou sa ki gen a wè ak anviwònman. Pa egzanp ewosyon, debwazman/rebwazman, jesyon fatra...)
Fason pou n evalye elèv la: - Redaksyon fraz ak tèks enfòmatif, eksplikatif, enjonktif sou tèm pwoteksyon anviwònman - Rechèch ak ekspoze sou sijè a			

SEGONDÈ 2

Peryòd 1 6 semèn – 18 èdtan	Peryòd 2 5 semèn – 15 èdtan	Peryòd 3 8 semèn - 24 èdtan	Peryòd 4 9 semèn – 27 èdtan
LANG AK KILTI KREYÒL IA 1 = 9 èdtan Kreyòl ak lòt lang nan sosyete ayisyèn nan	LITERATI AN KREYÒL IA 3 = 6 èdtan Literati Ayisyèn nan lang kreyòl ak nan lòt lang	LITERATI AN KREYÒL IA 5 = 12 èdtan Nouvèl	LITERATI AN KREYÒL IA 7 = 12 èdtan Analyze, prezante yon zèv literè
LANG AK KILTI KREYÒL IA 2 = 8 èdtan Varyete rejyonal- Entèferans	KOMINIKASYON AK SOSYETE IA 4 = 6 èdtan Vwayaj, migrasyon	KOMINIKASYON AK SOSYETE IA 6 = 9 èdtan Dekri, rakonte yon pwojè, yon aktivite, yon sitiasyon	ANVIWONNMAN AK TEKNOLOJI IA 8 = 12 èdtan Rejyon ak popilasyon
IP 1 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 2 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 3 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 4 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon

S2 Période 1 : LANG AK KILTI KREYOL <i>Inite aprantisaj 1 : Kreyòl ak lòt lang nan sosyete ayisyèn nan</i> (9 èdtan) <i>Konpetans nou vize :</i> - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
<i>Abilite ak atitid nou dwe mete an plas</i>	<i>Resous</i>		<i>Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon</i>
	<i>Lengwistik</i>	<i>Dokimantè ak metodolojik</i>	
Dekouvri epi karakterize sityasyon kote kreyòl ak franse ap evolye kot a kot Konprann sityasyon lengwistik peyi Dayiti Dekouvri plas chak lang yo nan sosyete a, nan lekòl, nan lavi ekonomik eks...	Kontraksyon eleman gramatikal/leksikal Asimilasyon Òtograf mo konpoze Analiz kontrastiv kreyòl-franse (leksik, sentaks) Tradiksyon tèks franse-kreyòl/ kreyòl-franse tankou konsiy, mòd anplwa...	Nòt sou istwa, devlopman ak evolisyon lang kreyòl la depi orijin li jis jodi a Plas ak estati kreyòl ak franse la nan konstitisyon ayisyèn nan Analiz sityasyon kote 2 lang ofisyèl yo, kreyòl ak franse, evolye kòt a kòt Analiz plas lang yo : nan sosyete, nan lekòl, nan lavi ekonomik... (angle, panyòl) Analiz plas ak wòl kreyòl ak franse nan lekòl Prensip ak teknik tradiksyon	Idantifye sou kak jewografik peyi ki pale kreyòl nan karayib la, ann Afrik ak oseyan endyen Idantifye kote 2 lang yo melanje epi fè koreksyon Fonksyon de lang yo nan kominikasyon pèsònèl chak elèv Tradui dokiman administratif an kreyòl ou franse Idantifye ki kote, nan ki domèn yo itilize angle ak panyòl nan sosyete a
<i>Fason pou n evalye elèv la:</i> - Kesyon sou estati ak wòl kreyòl ak franse nan sosyete a - Koreksyon tèks ak diskou an kreyòl ki gen entèferans franse ladan oswa lenvès - Tradiksyon tèks ak dokiman kominikasyon			

Inite aprantisaj 2 : Varyete rejyonal, entèferans (8 èdtan) Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodolojik	
Dekouvri, konprann varyasyon nan lang kreyòl la Analize fraz ki genyen entèferans franse ladan yo Pwodui fraz korèk aloral ki pa gen okenn entèferans franse ladan yo	Varyasyon nan itilizasyon lang Varyasyon rejyonal : kreyòl nan Nò, Kreyòl nan Sid Mo prete ki sòti nan franse ale nan kreyòl Fraz ki gen entèferans franse ladan yo Konpleman sikonstansyèl an kreyòl ak konpleman sikonstansyèl an franse	Pèmèt elèv yo dekouvri divès kalite lang ki itilize nan sosyete a dapre kondisyon sosyal, ekonimik... Nan lekti tèks yo oswa diskou n ap analize ak elèv yo, envite yo pote obsèvasyon sou leksik ak tout lòt fòm pale ki diferan de sa yo abitye itilize. Fè yo tabli tout diferans yo dekouvri nan varyasyon rejyonal yo (leksikal, sentaksik, pwononsiyasyon...). Egzamp : frè m/ frè an m; fè / kannistè; pa m / pa y Analiz diskou nou jwenn nan pale ak chante ki genyen entèferans angle ladan yo	Elèv yo ap travay an gwoup sou tip entèferans destinatè/objè yo abitye tandè nan radyo oswa nan kominote yo a (egzanp: *M ap bay yon kado ak papa m nan plas M ap bay bay papa m yon kado) Elèv yo ap travay an atelye sou lis vèb sa yo ak lòt vèb ki fonksyone menm jan an. Elèv yo ap bay fraz korèk an franse ak an kreyòl ki genyen pè vèb sa yo. Travay an atelye sou pè mo tankou: frekan / frequent ; pakèt / paquet ; kale / caler ; kanpe / camper...Elèv yo ap konpare divès sans mo sa yo genyen nan de lang yo
Fason pou n evalye elèv la: - Analiz ak konparezon leksikal, sentaksik varyete rejyonal - Refòmilasyon, koreksyon fraz an kreyòl ki melanje ak lòt lang			

S2 | Période 2 : LITERATI AN KREYÒL - KOMINIKASYON AK SOSYETE

Inite aprantisaj 3 : Literati ayisyèn nan lang kreyòl ak nan lòt lang (6 èdtan)

Konpetans nou vize :

- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral
- Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl
- Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn

Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodolojik	
Analize relasyon kiltirèl literati kreyòl la genyen ak lòt literati Tabli diferans ant yon tèks literè ak yon tèks non literè Idantifye eleman ki dominan nan yon tèks literè Tabli relasyon ant yon zèv ak yon kouran literè ou atistik Idantiye, konprann, entèprete divès eleman ki antoure pwodiksyon yon zèv	Konparezon lang oral, lang ekri Distenksyon tèks literè, tèks non literè Fraz entewogativ: Kesyon sou lavi yon otè, epòk, mouvman, tandans ak tout lòt enfòmasyon ki ka ede konprann eleman literè ki antoure pwodiksyon yon tèks literè Chan leksikal ak chan semantik (tèks, zèv literè)	Friz kwonolojik devlòman literati kreyòl la ak plizyè kolòn syèk, non mouvman an, kontèks istorik ak sosyal, mo kle, ekriyen...) Enfliyans lang oral la sou ekri literè yo an kreyòl, a pati de travay kèk ekriyen tankou Georges Castera, Félix Morisseau Leroy Konpare kouran literati ayisyèn nan ak literati franse Analiz tèks literè ak tèks non literè	Lekti ak kesyon sou zèv literè (ekstrè oswa tèks entegral) Travay an gwoup: ekspoze sou devlopman literati ayisyèn nan nan lang kreyòl ak nan lang franse Prezante yon fich zèv : prezantasyon otè a, kontèks li ekri, kouran literè ak tandans epòk la, tematik, kalite lang an, ekstrè...

Fason pou n evalye elèv la:

- Analize yon tèks literè : prezantasyon otè, kontèks li ekri, kouran literè ak tandans epòk la, tematik, kalite lang an, ekstrè...
- Plase yon sèv nan epòk li epi prezante karakteristik li
- Redije yon dyalog sou yon sijè oswa yon zèv literè

<i>Inite aprantisaj 4 : Vwayaj, migrasyon (6 èdtan)</i> Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
<i>Abilite ak atitid nou dwe mete an plas</i>	<i>Resous</i>		<i>Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon</i>
	<i>Lengwistik</i>	<i>Dokimantè ak metodologik</i>	
Idantiye kèk fòm vwayaj fòse Dekri etap preparasyon yon vwayaj touristik anndan peyi a oswa aletranje Redije yon paragraf sou yon pwojè vakans Rakonte yon vizit yon vil, yon zòn ou renmen Ranmase enfòmasyon nan divès sous ki disponib pou prezante yon peyi ou ta renmen vizite epi prezante l devan yon gwoup moun	Chan leksikal tematik Òtograf non peyi (mo konpoze, ...) Deskripsyon peyizaj, anviwònman) Narasyon Mo lyezon	Inite aprantisaj sa a makonnen ak yon pati pwogram jeyografi. Anseyan ka eksplwate sa ki fèt nan disiplin sa a pou li fè elèv yo devlope konpetans ki vize yo. Travay sou tèm migrasyon popilasyon, egzil Vwayaj pou chèche lavi miyo oswa fui lagè, yon sityasyon sosyal difisil (Eg. Ayisyen k ap k ap pati Repiblik Dominikèn, Brezil, Chili..., Ikrenyen k ap kite peyi yo) Vwayaj pou vakans, pou vizite yon peyi, yon vil Vwayaj etid Teknik redaksyon deskripsyon a pati de yon sipò visyèl (obsèvasyon premye plan, dezyèm plan...; atikilasyon lide; enpresyon...) Teknik redaksyon narasyon ak deskripsyon	Dosye tematik Ekspoze, afich Deskripsyon (vil, peyizaj) a pati de yon sipò vizyèl Kontrandi Travay an gwoup: rechèch ak ekspoze Prezante yon egzile selèb (aktivite, rezon ki fè l te kite peyi l, aktivite l nan peyi kote l ale a, relasyon l ak peyi kote l sòti... Pwofesè a ap fòme plizyè gwoup. Chak gwoup ka travay sou yon moun diferan. Li dwe ankouraje elèv you varye pwofil yo e sitou respekte parite (pa gason sèlman) Rechèch sou chante kreyòl ki pale de wwayaj, migrasyon, egzil. Eg : Leve Cécilia, Batey/ Yole Desrose, Ayiti cheri, pi bèl peyi pase ou nanpwen...)
<i>Fason pou n evalye elèv la:</i> - Prezantasyon yon vil, yon peyi ou ale oswa ou ta renmen al vizite - Rakonte yon pwojè vakans - Dekri sityasyon yon moun ki oblije kite peyi l			

S2 Période 3 : LITERATI AN KREYÒL - KOMINIKASYON AK SOSYETE			
Inite aprantisaj 5 : Nouvèl (12 èdtan) Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokiman ak metodolojik	
Distenge karakteristik divès jan literè Konprann sa ki karakterize yon nouvel, yon woman Idantifye chema naratif, lide presipal, wòl pèsonaj nan yon resi (nouvel) Releve endis espasyal ak tanporèl nan yon resi Idantiye vwa naratè a Konprann prensip redaksyon yon disètasyon	Strikti yon resi (nouvel) Chema naratif Lide prensipal ak segondè yon resi Tan resi Endis espasyal ak tanporèl ki pèmèt ou sitiye istwa a : advèb, makè tan, konpleman sikonstansyèl ... Eleman deskripsyon yon pèsonaj, yon kote (sentag nominal, adjektif kalifikatif...) Konstriksyon plan	Karakteristik divès jan literè (obsèvasyon, analiz, nòt pou rezime) Diferans ant nouvel, woman, fab, pwezi Òganizasyon yon resi (sityasyon tan ak espas, chema aktansyèl, rapò ant pèsonaj yo, aksyon, vwa naratè a, moral ou mesaj...) Endis enplisit ak eksplisit Chwa nouvel pou tout klas la li Teknik disètasyon	Pwofesè a ka mande chak elèv pote yon tèks literè e idantifye jan literè a (tèks ki sòti nan woman, pwezi, teyat, nouvel...). Li ka fè yon seleksyon, regwoupe yo pa jan epi afiche yo nan klas la Elèv yo ap fè rechèch sou yon otè ki ekri nouvel epi prezante rezime youn nan nouvel yo devan klas la Elèv yo ap ekri yon istwa a pati de yon chema naratif Nan k ad yon mini pwojè, pwofesè a ka òganize yon konkou nouvel entèklas (fòmè plizyè gwoup pa klas. Chak gwoup ka kreye yon nouvel epi prezante l selon konsiy pwofesè a ba yo
Fason pou n evalye elèv la: - Fè rezime yon nouvel - Retrase chema naratif yon istwa - Kesyon sou karakteristik yon jan literè - Prezante yon istwa aloral - Redaksyon resi			

<i>Inite aprantisaj 6 : Dekri yon pwojè, yon aktivite, yon sityasyon (9 èdtan)</i>			
Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokiman ak metodolojik	
Dekri yon destinasyon vwayaj anndan peyi oswa aletranje ak yon itinerè detaye Fè yon ekspoze sou diferan mwayen transpò ki disponib pou vwajaje andan peyi a e kisa ki pou ta fèt pou amelyore yo Dekouvri oswa konprann enfòmasyon ki nan yon dokiman vwayaj Patisipe nan yon deba sou rezon ki fè yon pakèt ayisyen vle kite peyi a	Apwofondisman sa ki fèt nan inite aprantisaj anvan yo Chan leksikal vwayaj ak depasman Sig ak abreviyasyon Plan detaye Deskripsyon Narasyon	Itilizasyon kat jeyografik Itilizasyon itinerè sou entènèt Diskisyon ak aktivite sou mwayen depasman elèv yo e, an jeneral, jan Ayisyen depase nan peyi a ou nan rejyon an Konprann itilite yon dokiman vwayaj (paspò, biyè davyon). Travay sou dokiman otantik Analize enfòmasyon ki nan yon dokiman vwayaj Itiize gougèl m ap pou trase yon itinerè	Travay an gwoup sou mwayen transpò an Ayiti Ekspoze sou moun migrasyon: k ap kite peyi a, moun k ap rantre vin travay nan peyi a Enkèt vwazinay sou jan moun nan antouraj elèv yo depase: ki difikilte yo rankontre e kisa ki pou ta fèt pou amelyore sityasyon transpò nan zòn yo ye a Dosye ak plizyè dokiman vwayaj (tikè bis, paj paspò, kat idantite, biyè davyon, tikè tren, bato, plan wout, plan metro...)
Fason pou n evalye elèv la: - Deskripsyon yon vwajaj anndan peyi a - Deskripsyon yon itinerè transpò a pati de yon plan - Prezantasyon oral (mwayen transpò nan zòn kote w ap viv la)			

S2 Période 4 : LITERATI AN KREYÒL - ANVIWÒNMAN AK TEKNOLOJI			
<i>Inite aprantisaj 7 : Analize, prezante yon zèv literè(16 èdtan)</i> Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
<i>Abilite ak atitid nou dwe mete an plas</i>	<i>Resous</i>		<i>Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon</i>
	<i>Lengwistik</i>	<i>Dokimantè ak metodolojik</i>	
Ekri yon istwa ou tande oswa li ak pwòp mo pa w Reyalize yon ekspoze sou yon zèv ou li Rekri yon resi defason pou chanje moral otè a te vle tradui Fè rizime yon nouvèl, yon woman (zèv entegral oswa chapit) Mennen yon etid konpare sou de resi Reyalize yon fich lekti Aplike règ disètasyon pou trete yon sijè konplèks	Refòmilasyon fraz ak paragaf Sinonim, antonim Diskou rapòte Pwosede stilistik Sans kontekstyèl, sans pwòp, sans figire Enfòmasyon sou yon zèv (tit, otè, lane piblikasyon, edisyon, chapit...)	Rapèl sou karakteristik yon zèv literè, diferans ant divès jan literè yo Endis ki pèmèt yo sitiye kouran literè a, tematik otè a abòde, kontèks sosyopolitik la, mesaj otè a vle fè pase, pwosede stilistik ki itilize Pèmèt elèv yo sèvi ak tout zouti ki ka pèmèt yo konstui sans tèks yo ap li a : gramè, griy lekti elatriye Teknik reyasizasyon yon fich lekti Teknik disètasyon Travay prezantasyon sèv literè a ap fèt a pati de plizyè chwa lekti pwofesè a fè pou klas la defason pou l kapab konpare pwodiksyon yo epi fè tout elèv yo enplike nan koreksyon yo	Travay endividyèl : - Re-ekri yon pati yon istwa - Transfòme yon dialog an resi - Reyalize yon fich lekti - Konplete yon istwa ki kòmanse - Fè rezime yon zèv Travay an gwoup : - Prezante yon zèv yon otè - Chwazi yon tèm sosyete e konpare kouman 2 otè abòde yo
<i>Fason pou n evalye elèv la:</i> - Prezantasyon (oral, ekri) yon zèv literè a pati de konsiy spesifik - Rezime yon zèv oswa yon ekstrè - Fè yon disètasyon sou yon sijè ki gen a wè a yon zèv literè			

<i>Inite aprantisaj 8 : Rejyon ak popilasyon (12 èdtan)</i> Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lenguistik	Dokimantè ak metodolojik	
Idantifye de pratik sosyal ak kiltirèl ki pwòp a popilasyon yon rejyon, yon vil Konpare de anviwònman diferan (egzanp lavil/andeyò ; nan mòn/bòdmè) pou idantiye diferans ak resanblans sou anviwònman a ak jan moun yo viv Fè deskripsyon yon zòn, yon anviwònman, yon vil, yon rejyon	Chan leksikal sou tèm inite aprantisaj la Òganizasyon fraz Karakteristik ak etid tèks agimantatif, enfòmatif Paratèks (ti, soutit, desen, imaj, paj kouvèti ...)	Pèmèt elèv yo fè anpil pratik lekti sou divès kalite tèks. Montre yo enpòtans enfòmasyon ki alantou yon tèks (paratèks) Itilize divès sipò pou abòde tèm nan: sipò odyo, videyo, tèks. Pa egzanp, repòtaj jou yon vil ak yon popilasyon, dokimantasyon sou entènèt, paj wikipedya, manyèl istwa ak jeyografi. A pati de sipò sa yo, reyalize yon travay sou lang nan (vokabilè, sentkas, tipoloji tekstyèl elatriye, anchènman fraz ak paragraf yo...) Li enpòtan pou pwofesè a fokalize l tou sou tèm sosyokiltirèl yo. Pa egzanp, fè elèv yo reyalize de aktivite sou fèt chanpèt, kanaval nan zòn kote yo sòti, ak tout lòt pratik kiltirèl tradisyonèl ak mòdèn ki nan anviwònman yo	Travay an gwoup sou pratik sosyal ak kiltirèl elèv yo idantifye nan anviwònman yo Deskripsyon yon zòn, yon rejyon a pati de yon sipò visyèl (desen, tablo, foto) Ankèk sou pratik kiltirèl yon rejyon, yon vil pwovens, yon lokalite (fèt chanpèt, kanaval, bann rara, fèt katye, koumbit...)
Fason pou n evalye elèv la: -Deskripsyon yon lokalite (anviwònman, popilasyon, patrimwàn, spesifisite kiltirèl) - Prezantasyon aloral e alekri pratik kiltirèl yon rejyon			

SEGONDÈ 3

Peryòd 1 6 semèn – 18 èdtan	Peryòd 2 5 semèn – 15 èdtan	Peryòd 3 8 semèn - 24 èdtan	Peryòd 4 9 semèn – 27 èdtan
LANG AK KILTI KREYÒL IA 1 = 9 èdtan Idantite ak patrimwàn kiltirèl ayisyèn nan	LITERATI AN KREYÒL IA 3 = 6 èdtan Biyografi, pòtre, otopòtre	LITERATI AN KREYÒL IA 5 = 12 èdtan Woman	LITERATI AN KREYÒL IA 7 = 12 èdtan Reyalize ekspoze oral, patisipe nan yon deba
LANG AK KILTI KREYÒL IA 2 = 8 èdtan Mizik, chan tradisyonèl	KOMINIKASYON AK SOSYETE IA 4 = 6 èdtan Viv ansanm nan yon sosyete	KOMINIKASYON AK SOSYETE IA 6 = 9 èdtan Fè rechèch sou yon sijè sosyete, prezante yon dosye	ANVIWONNMAN AK TEKNOLOJI IA 8 = 12 èdtan Entènèt ak rezo sosyal yo
IP 1 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 2 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 3 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 4 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon

S3 Période 1 : LANG AK KILTI KREYOL <i>Inite aprantisaj 2 : Idantite ak patrimwàn kiltirèl ayisyèn nan(8 èdtan)</i> <i>Konpetans nou vize :</i> - <i>Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral</i> - <i>Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl</i> - <i>Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn</i>			
<i>Abilite ak atitid nou dwe mete an plas</i>	<i>Resous</i>		<i>Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon</i>
	<i>Lengwistik</i>	<i>Dokimantè ak metodolojik</i>	
Idantifye tout eleman ki karakterize patrimwàn kiltirèl materyèl ak imateryèl peyi Dayiti Konprann enpòtans patriwàn kiltirèl nan yon peyi Dekouvri patrimwàn kèk lòt peyi nan Karayib la, sa ki diferan ak sa ki sanble ak patrimwàn kiltirèl ayisyèn nan	Chan leksikal ak semantik patrimwàn kiltirèl materyèl Chan leksikal ak semantik patrimwàn imateryèl Figi estil Analiz fraz senp, graz konplèks Prensip tradiksyon Analiz tèks bileng kreyòl – franse (im nasyonal, dokiman ofisyèl...)	Tèks pou idantifye tip fraz (senp, konplèks) Analiz atik ak lòt tip tèks ki ekri sou patrimwèn materyèl ak imateryèl peyi a Analiz im nasyonal peyi a (vèsyon kreyòl ak vèsyon franse) Prensip rekdaksyon kontrandi (rapèl)	Ekspoze sou yon eleman patrimwàn materyèl ou imateryèl peyi a Kontrandi vizit yon sit istorik Dosye tematik sou sijè a Rechèch sou eleman kilti ayisyèn nan ki antre nan patrimwàn mondyal (eg. : soup joumou)
<i>Fason pou n evalye elèv la:</i> - <i>Reyalizasyon ekspoze, dosye tematik sou sijè a</i> - <i>Analiz sentaksik ak semantik tèks yo pou idantifye figi retorik, tip ak fòm fraz, fraz konplèks</i> - <i>Tradiksyon tèks kreyòl an franse</i> - <i>Pwodiksyon tèks</i> - <i>Aplike kèk figi estil nan yon tèks</i>			

Inite aprantisaj 2 : Mizik, chan tradisyonèl (8 èdtan)

Konpetans nou vize :

- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral
- Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl
- Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn

Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokiman ak metodolojik	
Konprann fòs kilti ayisyen nan nan tradisyon oral tankou kont chan popilè, mizik tradisyonèl... Analize divès kalite chan tradisyonèl kreyòl pou idantifye eleman karakteristik kilti peyi a Idantifye de estil mizik epi klase yo selon yon kategori a pati de karakteristik yo	Modalizasyon enplisit (souzantandi, presipoze) ak eksplisit nan etid yon tèks mizikal Sentaksik yon tèks mizikal: tip, fòm fraz (senp e konplèks) Figi estil yo prensipalman sa yo plis itilize nan tèks chante yo Anafò ak repriz anaforik Chan leksikal / Chan semantik	Dokiman sou analiz mizik (analiz leksikal, semantik ak sentaksik) Dokiman odyo-vizyèl osinon ekri ki prezante anpil tèks mizikal ayisyen ak kont popilè ayisyen Mizik tradisyonèl (rasin), konpa, rap... Tèks pou idantifye tip, fòm ak fraz konplèks yo.. Ekspoze sou jan ak ritm mizikal ayisyen yo (rasin, konpa,) Ekspoze sou diferan gwoup mizikal ayisyen an yo pou montre sa yo pote nan devlopman kilti ayisyen an Analiz kont popilè Analiz ak konmantè tèks mizikal.. Analiz ak komantè kont popilè	Ekspoze sou jan mizikal ayisyen yo Prezantasyon sou diferan gwoup mizikal ayisyen yo pou montre sa yo pote nan devloman kilti ayisyen an Analiz mizik ak kont popilè pou idantifye ladan yo elemman ki karakterize kilti ayisyen nan Idantye chan leksikal dominan ki nan mizik ki anliz Fè yon analiz sentaksik pou idantifye: figi retorik, tip ak fòm fraz, fraz konplèks ki dominan yo, eksplike wòl yo nan valè estetik zèv mizikal sa yo

Fason pou n evalye elèv la:

- Analiz ak komantè tèks mizikal ak kont popilè
- Analiz sentaksik ak semantik tèks yo pou idantifye figi retorik, tip ak fòm fraz, fraz konplèks
- Eksplike valè estetik yon zèv mizikal

S3 | Période 2 : LITERATI AN KREYÒL - KOMINIKASYON AK SOSYETE

Inite aprantisaj 3 : Otopiyografi, pòtre, otopòtre (6 èdtan)

Konpetans nou vize :

- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral
- Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl
- Pwodi yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn

Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokiman ak metodolojik	
Dekouvri sa yon resi otopiyografik ye, sa ki karakterize l Li, apresye, analize plizyè divès tèks otopiyografik (tèks entegral oswa ekstrè) Li, analize imaj fiks (otopòtre, sèlf...)) Itilize règ ekriti otopiyografi pou pale de tèt ou, de lavi w, de sa ken enterese w ou ki touche w	Fonksyon mo yo nan yon fraz: Sijè, predika, Konpleman. Pwonon ki dominan nan biyografi ak otopiyografi Advèb, endis pasyal ak tanporèl nan yon zèv literè Vokabilè ekspesyalize (tèminoloji) Chan leksikal, chan semantik Rezo leksikal nan yon zèv literè (resi)	Direferan otè ki ekri resi ki prezante sou fòm biyografi oswa otopiyografi. Egzanp Ti Jak/ Carrié Paultre, Tifi/ Saika Ceus; Agase Lesperans/ Lyonnel Trouillot. Dokiman sou analiz yon tèks literè, prensipalman biyografi ak otopiyografi (kreyòl alèkile) Biyografi ekriyen ki ekri resi (biyografi/otopiyografi) nan kreyòl ayisyen sou sit:https://ile-en-ile.org Gid nimerik pou ansèyman kreyòl ayisyen an Rezime, analiz ak sentèz diferan ekstrè nan zèv ki trete menm tematik yo Lekti aktiv, komantè, ak disètasyon sou zèv sa yo Lekti aktiv dokiman ak egzèsis pratik sou nosyon gramè, otograf ak leksik yo	Analiz ak kòmantè tèks literè yo tankou biyografi ak otopiyografi Prezantasyon pèsone chak elèv nan diferan kontèks (bay yon gwoup zanmi osinon nan yon kontèks ki pli fòmèl) Pwodiksyon otopiyografi (otopòtrè) Pwodiksyon diferan tip tèks ki respektè prensip tèks literè yo Disètasyon sou diferan tematik zèv yo etidye yo trete Egzèsis pratik sou nosyon gramè, leksik ak otograf yo

Fason pou n evalye elèv la:

- Analiz literè, kòmantè tèks ak disètasyon sou diferan zèv yo etidye yo
- Pwodiksyon tèks literè pèsone sou baz modèl yo etidye yo
- Egzèsis pratik ak prodiksyon sou nosyon gramè, leksik ak otograf

<i>Inite aprantisaj 4 : Viv ansanm nan yon sosyete (6 èdtan)</i> Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodolojik	
Bay opinyon nou sou tèm ak valè inivèsèl yo yon fason klè e ki konvenk moun lè n ap pale ak lè n ap ekri Patisipe nan konvèsasyon sou sijè konsènan lasosyete tout pandan n ap respekte règ pou pran lapawòl yo ak pwennvi moun n ap pale avèk li a Konprann epi analize divès agiman yo prezante nan yon diskou oral ak ekri Konprann epi aplike divès pwosede pou prezante agiman klè nan langaj pale ak ekri	Agimantasyon ak rezònman Diferan tip agiman yo òganizasyon yon tèks agimantatif Diferan tip rezònman yo (endiktik, dediktif, rezònman konsesif, rezònman analogik) Konektè lojik yo nan yon agimantasyon Vokabilè ki lye ak demokrasi ak respè dwa moun	Tèks ak lòt dokiman odyo-vizyèl sou nosyon solidarite ak respè dwa moun Deklasyon dwa moun ak sitwayen (1789) Deklarasyon inivèsèl dwa moun ak sitwayen (1948) Analiz ak sentèz tèks Ekspoze ak deba sou tèm tankou solidarite, respè dwa moun ak viv ansam	Analiz ak kòmante tèks agimantif Ekspoze sou tèm: solidarite, respè dwa moun, jistis sosyal Pwosè fiktif sou menm tèm sa yo Agimantasyon pour defann pwennvi ak pozisyon w sou youn nan tematik sa yo
Fason pou n evalye elèv la: - Analize yon tèks agimantatif - Defann byenn pozisyon nan yon tèks agimantatif osinon nan yon diskou oral - Prezante yon dosye tematik sou youn yon sijè sosyete			

<i>Inite aprantisaj 7 : Woman(12 èdtan)</i> <i>Konpetans nou vize :</i> - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
<i>Abilite ak atitid nou dwe mete an plas</i>	<i>Resous</i>		<i>Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon</i>
	<i>Lengwistik</i>	<i>Dokimantè ak metodologik</i>	
Idantifye chema naratif, lide presipal, wòl pèsonaj yon resi (nouvèl) Idantifye valè ki gen nan yon woman ak ideyoloji ki ka dèye l Repere, konprann kontèks istorik yon woman Bay avi pèsonèl ou sou yon tèz, yon sistèm valè, yon ideyoloji Li, analize yon zèv literati inivèsèl ki tradui an kreyòl epi konpare l ak vèsyon orijinal la Fè yon ekzpozè sou yon tèm ki travèse plizyè woman Entegre prensip redaksyon yon disètasyon	Diskou rapòte : - diskou rapòte dirèk - diskou rapòte endirèk - diskou rapòte endirèk lib - diskou narativize Etid vèb : tan, mòd ak aspè Tan ki dominan yo nan yo resi : pase, prezan narasyon Vokabilè ki lye ak tèmkil nan yon resi Chan leksikal ki dominan yo Chan semantik	Dokiman sou analiz yon resi (chema naratif, chema aktansyèl, fokalizasyon...) Diferan woman ak nouèl ki ekri nan kreyòl ayisyen an: Tijak, Dezafi, Lanmou pa gen baryè, Bèbè gòlgota, Nan lonbray inosans, Agase lesperans, Ti fi elt. Lekti, teknik analiz ak kòmantè resi Prezantasyon ak ekspozè sou romansye ayisyen ki ekri an kreyòl ak zèv prensipal yo ekri yo Teknik disètasyon sou tematik zèv sa yo trete... Fich lekti Rezime kèk woman Sentèz sou woman ki trete menm tematik yo	Lekti diferan zèv ki trete menm tematik la Ekspozè sou otè ki ekri woman, nouèl an kreyòl ak zèv prensipal yo Reyalizasyon fich lekti sou zèv yo Analiz epi kòmante zèv literè sa yo pou idantifye kontèks yo pwodui, sijè yo abòde ak ideyoloji yo degaje Disètasyon ak kòmantè literè Idantifye diferan fòm diskou rapòte ki nan resi sa yo eksplike kontèks itilizasyon yo. Jwenn rezo leksikal pou plizyè zèv ki trete menm tematik la
<i>Fason pou n evalye elèv la:</i> - Analiz literè - Kòmantè tèks ak disètasyon sou diferan zèv yo etidye yo - Pwodiksyon tèks literè pèsonèl sou baz modèl yo etidye yo - Egzèsis pratik ak prodiksyon sou nosyon gramè, leksik ak otograf yo etidye yo			

<i>Inite aprantisaj 6 : Reyalize yon rechèch, prezante yon dosye tematik(12 èdtan)</i>			
Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodolojik	
Elabore yon ekspoze aloral pandan 15 a 20 minit pou prezante rezilta yon rechèch sou yon tematik oubyen yon sijè sosyete Prepare yon fich lekti sou yon pledwaye ou tande Tradui an kreyòl plizè atik dekarasyon inivèsèl dwa moun	Teknik , prensip ak pwosede tradiksyon yo Pwovèb ak ekspresyon idyomatik yo Analiz kontrasttiv Franse/kreyòl Vokabilè ki lye ak anviwònman epi devlopman teknoloji	Dokiman sou prensip ak teknik tradiksyon Teknik pou byen pran nòt Ekstrè tèks sou anviwònman ak devlopman teknoloji Deklarasyon dwa moun, 1789 Deklarasyon inivèsèl dwa, 1948. Teknik rezime, analiz ak sentèz tèks Ekspoze sou tematik	Pwodiksyon tèks pou fè pledwaye sou sou yon sijè sosyete Analiz tèks sou devlopman teknoloji Ekspoze ak dosye tematik sou yon sijè sosyete
Fason pou n evalye elèv la: - Analiz, kòmantè ak pwodiksyon tèks sou tematik presi -Tradiksyon tèks, pwovèb ak ekspresyon idyomatik - Fè kontrandi yon prezantasyon oswa yon deba			

S3 Période 3 : LITERATI AN KREYÒL - KOMINIKASYON AK SOSYETE			
<i>Inite aprantisaj 7 : Fè yon ekspoze oral, patisipe non yon deba(12 èdtan)</i> <i>Konpetans nou vize :</i> - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
<i>Abilite ak atitid nou dwe mete an plas</i>	<i>Resous</i>		<i>Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon</i>
	<i>Lengwistik</i>	<i>Dokimantè ak metodolojik</i>	
Elabore yon ekspoze aloral pandan 15 a 20 minit pou prezante yon zèv literè ou atistik Defann yon pwendevi aloral Reyalize yon fich lekti Prezante biyografi yon otè Itilize prensip redaksyon tèks otobyografik pou prezante tèt ou, pale de moman ou evènman nan lavi w Rakonte yon evènman difisil ou viv Aplike règ disètasyon pou trete yon sijè konplèks	Kategori mofosentaks: adjektif diferan tip adjektif, etid konparatif: egalite, enferyorite, siperyorite, sipèlatif) yo ak pwonon (diferan pwonon) yo. Fonksyon adjektif ak pwonon yo nan yon enonse Relasyon ant mo Vokabilè emosyon, santiman Metòd kreyasyon mo: neyolojis yo nan yon zèv literè Itilizasyon mo yo nan diferan kontèks (chan semantik)	Ekspoze ak prezantasyon sou divès tèks literè osinon atistik Lekti ak analiz woman oswa tèks otobyografik Lekti, analiz ak kòmantè tèks literè Sentèz divès tèks ki trete menm tematik la Reyalizasyon fich lekti Disètasyon sou tematik tèks sa yo trete	Prezantasyon biyografi yon otè Prezantasyon otobyografik nan yon tèks literè ki suiv modèl yo etidye yo Pwodiksyon resi pou rakonte evènman ki make lavi yo Defann yon pwennvi aloral sou yo zèv osinon yo otè ou etidye
<i>Fason pou n evalye elèv la:</i> - Analiz literè - Kòmantè teks ak disetasyon sou diferan zèv yo etidye yo - Pwodiksyon tèks literè pèsònèl sou baz modèl yo etidye yo (otobyografi) - Egzèsis pratik ak prodiksyon sou nosyon gramè, leksik ak òtograf yo etidye yo.			

S3 Période 4 : LITERATI AN KREYOL - ANVIWÒNMAN AK TEKNOLOJI Inite aprantisaj 8 : Entènèt ak rezo sosyal yo(12 èdtan) Konpetans nou vize : - <i>Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral</i> - <i>Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl</i> - <i>Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn</i>			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lenguistik	Dokiman ak metodolojik	
Reyalize yon entèvyou Chèche, analize, epi sèvi ak enfòmasyon yo bay sou entènèt pou anrichi nou Redije yon paj sou yon rezo sosyal pou prezante yon atis oswa yon pèsonaj istorik ou renmen Pwodui yon refleksyon sou itilizasyon nouvel teknoloji pou devlopman peyi a nan diferan domèn	Tip ak fòm fraz yo Diferan tip entèwogasyon pou reyalize yon entèvyou Vokabilè ki lye ak entènèt ak rezo sosyal Tan yo ak valè itilizasyon yo nan yon enonse Karakteristik tèks agimantatif (rapèl)	Tèks ak dokiman odyo-vizyèl sou entènèt ak rezo sosyal Tèks ak dokiman odyovizyèl, desen sou nouvel teknoloji enfòmasyon ak komunikasyon Analiz, komantè ak sentèz tèks sou entènèt ak rezo sosyal Ekspoze sou tèm entènèt ak rezo sosyal (feknyouz, imaj degradan men tou, itilite ak bon itilizasyon rezo yo)	Echanj sou itilizasyon entènèt ak rezo sosyal (kote positif, kote negatif) Elabore yon mini leksik (200 mo) sou entènèt ak rezo sosyal Pwodui yon tèks pou montre enpòtan nouvel teknoloji enfòmasyon ak komunikasyon Bay pozisyon sou itilizasyon rezo sosyal yo nan sistèm eskolè ayisyen
Fason pou n evalye elèv la: - <i>Analiz, kòmantè ak pwodiksyon tèks sou entènèt ak rezo sosyal yo</i> - <i>Elabore yon kesyonè sou fò entèvyou</i> - <i>Prezante agiman sou bon ak move itilizasyon rezo sosyal yo</i>			

SEGONDÈ 4

Peryòd 1 6 semèn – 18 èdtan	Peryòd 2 5 semèn – 15 èdtan	Peryòd 3 8 semèn - 24 èdtan	Peryòd 4 9 semèn – 27 èdtan
LANG AK KILTI KREYÒL IA 1 = 9 èdtan Lank kreyòl kòm zouti kominikasyon nan tout domèn	LITERATI AN KREYÒL IA 3 = 6 èdtan Teyat	LITERATI AN KREYÒL IA 5 = 12 èdtan Pwezi	LITERATI AN KREYÒL IA 7 = 12 èdtan Reyalize yon disètasyon
LANG AK KILTI KREYÒL IA 2 = 8 èdtan Rejis lang, sitiyasyon kominikasyon nan tout domèn	KOMINIKASYON AK SOSYETE IA 4 = 6 èdtan Medya ak enfòmasyon	KOMINIKASYON AK SOSYETE IA 6 = 9 èdtan Elabore yon kesyonè, reyalize yon entèvyou	ANVIWONNMAN AK TEKNOLOJI IA 8 = 12 èdtan Pwogrè teknolojik
IP 1 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 2 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 3 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 4 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon

S4 Période 1 : LANG AK KILTI KREYÒL			
<i>Inite aprantisaj 1 : Lang kreyòl kòm zouti kominikasyon nan tout domèn</i> (9 èdtan) <i>Konpetans nou vize :</i> - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
<i>Abilite ak atitid nou dwe mete an plas</i>	<i>Resous</i>		<i>Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon</i>
	<i>Lengwistik</i>	<i>Dokimantè ak metodolojik</i>	
Idantifye sitiyaasyon kominikasyon kote yo itilize lang kreyòl la nan sosyete a Analize wòl ak fonksyon lang nan diferan domèn kominikasyon fòmèl Konprann e analize lisaj lang kreyòl ak lòt lang ki nan espas ayisyen an (franse, angle, panyòl)	Diferan tip kominikasyon Chema kominikasyon klasik la Korespondans administratif : lèt, kontrandi, rapò nòt administratif elt Mak tan ak aspè tan ki dominan nan diskou enfòmatif) Chan leksikal kominikasyon Entèferans (leksikal, fonolojik, sentaksik) ki kapab genyen nan itilizasyon lang kreyòl parapò ak lòt lang li an kontak (fransè, anglè, panyòl) Metòd kreyasyon mo: anpwen leksikal (mo kreyòl pran nan men lòt lang	Dokiman odyo ak videyo kote y ap itilize lang kreyòl nan divès sitiyaasyon kominikasyon diferan (lekòl, laprès, nan mache, nan lari, nan zantimantay...) Lekti aktif, rezime, analiz ak kòmantè tèks Teknik redaksyon lèt ak dokiman administratif	Analiz ak sentèz tèks sou lang ak kilti kreyòl Idantifye diferan eleman ki nan yon chema kominikasyon epi presize wol chak eleman sa yo Sèvi ak lang kreyòl la pou prezante w nan diferan kontèks kominikasyon Pwodui diferan tip tèks administratif
Fason pou n evalye elèv la: - Pwodiksyon divès kalite tèks fòmèl pou kominike (lèt, dokiman administratif, nòt ekri...) - Idantifye pwodui divès tip ak fòm fraz yo - konprann divès metòd pou fòme mo nan kreyòl ayisyen an			

Inite aprantisaj 2 : Rejis lang ak sitiyaasyon kominikasyonfòmèl (8 èdtan) Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokiman ak metodolojik	
Distenge diferan rejis lang Idantifye diferans sitiyaasyon kominikasyon fòmèl ak non fòmèl Pwodui tèks kòrèk ki koresponn a sitiyaasyon kominikasyon Pwodui divès kalite tèks administratif ak yon entensyon kominikasyon	Kominikasyon ak enonsiyasyon... Sitiyaasyon enonsiyasyon Diferan tip enonse Endis enonsiyasyon (pwonon, advèb...) Endis tan: etid vèb ak valè tan vèb yo nan diferan tip enonse Endis lye (advèb lye yo ak lòt konektè espasyal yo) Vokabilè espesifik ki lye ak chak rejis lang yo Rejis relache Rejis familye Rejis kouran Rejis soutni Varyasyon (leksikal, sentaksik, fonolojik) ak rejis lang	Tèks ekri (jounal bòn nouvel) ak oral (Ayibopost, Lavwadlamarik...) ki prezante divès sitiyaasyon kominikasyon fòmèl Dokiman ekri ak oral pou idantifye diferan rejis lang yo Dokiman odyo ak videyo sou diferan fòm pale ayisyen yo parapò ak rejyon yo soti (Nò, Lwès, Sid) Tèks pou idantifye tip ka fom fraz yo Premye rezolizyon òtograf kreyòl Ayisyen, kademi kreyòl Ayisyen(Jen 2017) Dezyèm rezolizyon òtograf kreyòl Ayisyen, kademi kreyòl Ayisyen (Septanm 2023) Sikilè ministè edikasyon nasyonal sou fason yo dwe ekri kreyòl (31 Janvyè 1980) Rezime, analize, sentèz epi konpare tèks yo Lekti dokiman yo Egzèsis pratik sou nosyon teyorik yo	Analiz tèks ki prezante divès sitiyaasyon kominikasyon pou ou kapab idantifye diferan rejis lang yo ak diferan tip varyasyon lengwistik yo. Idantifye diferan fraz konplèks yo nan yo nan yon dokiman ekri oswa oral Koriye yon tèks kreyòl ki gen fot òtograf
Fason pou n evalye elèv la: - Analize pwodiksyon divès sitiyaasyon kominikasyon pou idantifye rejis lang yo - Idantifye epi pwodui diferan tip ak fom fraz yo - Ekri nenpòt tèks nan kreyòl ayisyen an epi kapad transkri yon tèks kreyòl nan alfabè fonetik entènasyonal la			

S4 | Période 2 : LITERATI AN KREYÒL - KOMINIKASYON AK SOSYETE

Inite aprantisaj 3 : Teyat (6 èdtan)

Konpetans nou vize :

- *Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral*
- *Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl*
- *Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn*

<i>Abilite ak atitid nou dwe mete an plas</i>	<i>Resous</i>		<i>Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon</i>
	<i>Lengwistik</i>	<i>Dokimantè ak etodolojik</i>	
Dekouvri epi analize tout eleman ki konpoze yon zèv teyatral : entrig, dyalòg, misansèn, dekdò ...	Diskou rapòte Diferan fòm diskou nan yon pyès teyat	Antigòn adapsyon felix Morisseau Leroy TizouteT(theodore Beaubrun)	Gade oswa li diferan pyès teyat ki pwopoze yo, idantifye diferan eleman teyorik nou etidye yo epi fè prezantasyon senik youn ladan yo
Li, apresye, analize valè estetik yon zèv teyatral	Konstriksyon yon dyalòg	Kraze lanfè (Raphael Stines)	Analize epi reprezante sou fòm grafik kèk fraz nan pyès teyat sa yo
Idantiye diferan rejis jan teyatral la (komik, trajik...)	Modalizasyon :souzantandi ak presipoze	Travay sou pyès teyat ak sketch otè aktyèl : tankou Gaëlle Bien-Aimé, dezirab, tonton bicha elt	Li dokiman sou analiz ak reprezantasyon grafik fraz otograf mo konpoze yo nan kreyòl ayisyen
Konprann espesifisite dyalòg nan non pyès teyat	Reprezantasyon grafik fraz (fòm pyebwa, fòm bwat...)	Dokiman sou analiz yon pyès teyat/tèks ki prezante diferan figi retorik yo	Li dokiman sou diferan figi retorik yo
Konprann jan yo itilize teyat pou denonse de sityasyon sosyal, pwomouvwa de lide...	Etid diferan figi retorik yo prensipalman sa yo plis itilize nan tèks dramatik yo Etid pwovèb yo ak enpotans itilizasyon yon an zèv literè tankou teyat	Analize, kòmantè pyès teyat sa yo epi fè disètasyon sou divès tematik yo trete yo Figi retorik nan yon pyès teyat	Fè egzèsis pratik sou nosyon sa yo

Fason pou n evalye elèv la:

- *Gade yon pyès teyat, fè rezime l epi analize l a pati de griy analiz anseyan pwopoze a*
- *Idantifye diferan figi retorik ki nan yon pès tèks. Pwodui kèk enonse ki genyen menm figi estil sa yo*
- *Analize epi fè reprezantasyon grafik kèk fraz ki nan pyès teyat sa yo*
- *Ekri yon dyalòg pou yon pyès teyat*

Inite aprantisaj 4 : Medya ak enfòmasyon (6 èdtan)

Konpetans nou vize :

- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral
- Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl
- Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn

Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokiman ak metodologik	
Idantifye epi note divès enfòmasyon enpòtan ki genyen nan yon diskou. Konprann karakteristik kominikasyon atravè yon jounal nimerik Analize epi mete lòd nan divès enfòmasyon konsènan yon sijè oswa yon kesyon yo poze epi asosye yo ak konsepsyon nou te genyen déjà	Etid kategori mòfòsentaks yo òganizasyon fraz (lòd nan yon fraz kreyòl) òganizasyon tèks (koyezyon ak koyèrans tèks/ refòmilyasyon lide) Relasyon ant mo yo: sinonimi, omonimi, antonimi, pawonimi. Chan leksikal/chan semantik Etid nosyon anbigite nan yon enonse (anbigite leksikal/anbigite sentaksik)	Dokiman odyo-vizyèl ak ekri y ap ajwenn divès medya ki itilize lang kreyòl. y ap kapab jwenn tèks sa yo, nan jounal bon nouvel, AyiboSport, lawadlamerik (Jounal kreyòl) osinon lòt medya tradisyonel yo tankou radyo karyib, televizyon nasyonal elt Dokiman sou nosyon gramè, leksik ak òtograf ki mache ak tematik la. Analiz, rezime ak sentèz kontni ki soti nan diferan medya ki trete yon menm sijè : tankou respè dwa moun, yon evènman nasyonal elatriye	Analize ekstrè ki soti nan jounal (ekri/odyo-vizyèl), korije entèferans ki ladan yo epi mete yo nan rejis fòmèl Sou baz modèl yo etidye yo, pwodui kèk atik jounal sou tematik dwa moun osinon lòt pwoblèm sosyo-ekonomik peyi a ap sibi Fè kontrandi sou reyinyon ou lòt aktivite yo suiv Prepare kèk entèvyou Analize diskou oral osinon ekri ki pwodui nan divès sityasyon kominikasyon diferan
Fason pou n evalye elèv la: - Analize, rezime epi fe sentèz diferan tèks enfomatik ki trete menm tematik la - Jwenn yon rezo leksikal nan yon tèks - Idantifye kèk enonse ki gen anbigite, presize ki tip anbigite yo genyen			

S4 | Période 3 : LITERATI AN KREYÒL - KOMINIKASYON AK SOSYETE

Inite aprantisaj 5 : **Pwezi**(12 èdtan)

Konpetans nou vize :

- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral
- Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl
- Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn

Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokiman ak etodolojik	
Apresye yon zèv literè ekri an kreyòl, pote jijman sou si, reflechi sou valè estetik li Repere fòm pwezi kreyòl la pran depi nan kòmansman jis jody a Repere nan yon powèm kritè ki ka pèmèt ou idantifye nan ki kouran literè oswa atistik li sòti Dekouvri epi analize tout eleman ki konpoze yon zèv powetik Rekonèt e apresye mwayen yon otè itilize pou li pwovoke sou lektè a yon efè estetik apati sason li sèvi ak lang nan /pwezi	Fonetik: rim, asonans, aliterasyon Envèsyon, repetisyon yon menm estrikti, repatisyon sengilye pliryèl Chan leksikal Polisemi Konotasyon Konparezon Metafò Alegori	Fonksyon powetik atravè jwèt fonetik yo (rim, asonans, alitarasyon) Konesans sous istwa pwezi kreyòl an Ayiti Jwèt gramatikal yo ak sentaksik (envèsyon, repetisyon yon menm estrikti, repatisyon sengilye pliryèl...) Jwèt leksikal yo (paralelis ak opozisyon, repetisyon, pèsonifikasyon, chan leksikal, polisemi, konotasyon, konparezon, metafò...) Jwèt ritmik (koup, kadans, anjanbman...) Aktivite sou yon ansanm tèks ki baze sou yon tèm tankou : lanmou pou lapatri, lapè, linyon, tèt ansanm, vi sosyal...	Travay an gwoup: Fè rechèch sou lavi 4 powèt diferan ki ekri nan kreyòl ayisyen an. Nan yon premye tan elèv yo ap fè rechèch nan bibliyotèk oswa entènèt sou pou chèche enfòmasyon sou yon powèt ayisyen (byografi, zèv li ...). Gwoup yo ap konpare tout enfòmasyon yo genyen sou otè yo. Après, yo ap chwazi tèks pou yo li devan klas la. Aprè travay sa a, yo ka analize yon tèks yo chwazi dapre kritè analiz pwofesè a ba yo oswa fè reprezantasyon senik kèk tèks powetik

	Rapèl sou : - fonksyon mo yo (sijè, predika, konpleman...) - diferan figi retorik yo prensipalman sa yo plis itilize lè y ap fè pwezi - wòl pwovèb yo nan yon tèks literè tankou pwezi	Griy analiz tèk powetik Kèk referans/ resous : - Anthologie bilingue de la poésie créole haitienne de 1980 à nos jours, Atelier Jeudi soir / Actes Sud (Auteur Collectif, 192 p, 2015) - Sit entènèt https://ile-en-ile.org - Diferan publikasyon powèt tankou Georges Castera, FranckEtienne, Illeus papillon, Bonel Auguste, Rene Philoctete elt ki ekri pwezi nan kreyol ayisyen an	
Fason pou n evalye elèv la: - Sitiye yon tèks nan kontèks evolisyon istwa pwezi kreyòl an Ayiti - Li yon tèks powetik pou fè pase yon emosyon - Analize, kòmante tèks powetik ki prezante sou divès fòm (lib, fiks). Fè disètasyon sou tematik powèm sa yo trete. - Jwenn diferan figi estil ki nan yon tèks			

<i>Inite aprantisaj 6 : Elabore yon kesyonè, reyalize yon entèvyou (9 èdtan)</i> Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
<i>Abilite ak atitid nou dwe mete an plas</i>	<i>Resous</i>		<i>Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon</i>
	<i>Lengwistik</i>	<i>Dokimantè ak etodolojik</i>	
Reyalize yon entèvyou Prepare yon kesyonè Sèvi ak sipò vizyèl ki byen adapte pou bay kontrandi sou rezilta yon travay nou te fè ansanm, yon pwojè Ekri divès tip tèks pou bay enfòmasyon sou yon sijè oubyen sou yon sityasyon	Fraz entèwogatif/ diferan tip entèwogasyon yo Kesyon pou redije yon atik pou bay enfòmasyon oubyen chèche enfòmasyon nan yon piblikasyon: Kilès, kilè, kibò, poukisa, kouman Koyerans ak koyezyon kesyon/repons Chan leksikal Konpleman non, advèb, adjektif kalifikatif ki pote yon presizyon sou yon antite Nominalizasyon (transfòmasyon yon fraz vèbal an fraz nominal. Egzanp : pri pwodui yo ogmante depi pase dis lane : ogmantasyon pri produi yo depi pase 10 lane Refòmilasyon fraz (senplifikasyon, rediksyon, sinonim...)	Obsèvasyon òganizasyon yon tèks enfòmatif (travay sitou sou jounal papyè ki byen ekri). Fè elèv yo chèche prensipal enfòmasyon yo a pati de 5 kesyon (kilès, kilè, kibò...). Yo ka chèchè lòt enfòmasyon nan tèks yo tou a pati de lòt endis. Lòt sipo ki ka itilize : videyo, odyo, desen (karikati) ki pibliye nan divès medya ki sèvi ak lang kreyòl la tankou Ayibopost, Lavwadlamerik ak lòt medya tradisyonèl yo Travay la dwe fèt tou sou tit atik oswa tèks yo ap ekri yo. Egzèsis ki chita sou fraz nominal yo ap itil pou travay tit tèks yo gen pou presante yo Egzèsis refòmilasyon fraz	A pati de yon sijè presi, elèv yo ka prepare yon kesyonè pou yo reyalize yon entèvyou, rakonte yon evènman ki pase nan lekòl la, nan katye yo. Yo ka imajine yon evènman tou. Sa ki pi enpòtan, se kòman yo ap elabore kesyonè epi prezante yon enfòmasyon (reyèl ou imajinè) Entèvyou atis, manb administrasyon lekòl la, yon pwofesyonèl nan lantouraj yo, yon pèsonalite piblik (si yo gen posiblite a) Itilize sipò nimerik tankou gougèl fòm pou reyalize yon kesyonè Travay sa yo ka fèt an gwoup ak yon repatisyon tach Lòt aktivite ki ka fèt, se reyalize yon jounal ak plizè ribrik ladann an fonksyon de sant enterè yo (yon mini pwojè ki ka asosye a lòt disiplin yo tankou franse, ITAP, Istwa)
<i>Fason pou n evalye elèv la:</i> - Elabore yon kesyonè pou jwenn enfòmasyon sou yon sijè, yon evènman... - Prezante yon enfòmasyon sou divès fòm (entèvyou, atik, nòt eksplikatif...)			

S4 Période 4 : LITERATI AN KREYÒL - ANVIWÒNMAN AK TEKNOLOJI			
<u>Inite aprantisaj 7 : Pwodui yon disètasyon</u>(12 èdtan) Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak etodolojik	
Planifye e redije ekri agimantatif tankou kòmantè, disètasyon an relasyon ak yon zèv ou etidye nan respè gramè ak òtograf lang kreyòl la <u>Kòmantè tèks literè :</u> Li, konprann yon tèks Elabore yon plan koyeran e lojik Redije yon bouyon (entwodiksyon, devlopman, konklizyon) <u>Disètasyon:</u> Konprann yon sijè Chèche lide Elabore yon plan ki koresponn	Rive nan S4, elèv yo sipoze genyen yon bon nivo metriz gramè ak òtograf kreyòl la. Pou asire mizannèv konpetans sa yo nan nivo sa a, anseyan an ap favorize aprantisaj gramè fraz tankou grapè tèks dwe fèt anmèmtan. Se nan moman elèv la ap pratike lekti osinon ekriti pou envite li obsève estrikti lang lan, konstriksyon sentaksik yo. Li dwe pwofite pou li evalye sans fraz la e wòl li jwe nan tèks la parapò a pwogresyon enfòmasyon ak koyerans tèks la. Aprann elèv yo dekouvri sans mo yo dapre fonksyon yo nan fraz la. Ede elèv yo tou dekouvri nan tèks lekti yo diskou rapòte yo (dirèk ou endirèk) ak tout mak ki	<u>Kòmantè tèks</u> Teknik lekti yon tèks pou fè kòmantè Lekti lineyè (nètale) Lekti analitik Idantifikasyon tip tèks Metòd apwoch plan tèks Klasman lide Teknik pou redaksyon Koyerans, gramè, òtograf <u>Disètasyon</u> Diferan tip disètasyon Teknik pou redaksyon:	Travay an gwoup : A pati de yon sijè, elèv yo ap reflechi ansanm sou yon pwoblematik ak yon plan detaye (plan dyalektik tèt/antitèt). Yo ka rasanble tout konsepsyon yo gen sou sijè a. Après, chak elèv ap redije bò kote pal disètasyon an. Menm demach preparasyon sa a ka fèt tou pou kòmantè literè a

a yon sijè Itilize agiman pètinan e apwopriye Òdone e devlope agiman yo ak tout egzanp Redije entwodiksyon, devlòman ak konklizyon Defann yon tèz aloral Aplike règ disètasyon pou trete yon sijè konplèks	karakterize yo (vèb ki entwodui yo, ponktiyasyon, fraz ki dekoupe ladan yo. Òganizasyon ak fonksyonman gramè fraz tankou gramè tèks Divès tip ak fòm fraz nan yon kontèks: Tip: deklarativ, entèwogativ, eksklamativ, enperativ Fòm: afimativ, negativ, anfatik Fraz ki pèmèt eksprime kondisyon, kòz, konsekans, bi, konsesyon... Makè ki sèvi pou marye lide nan yon tèks : fraz sibòdone relativ, konpletiv, sikonstansyèl, tan, koz...	entwodiksyon, devlòpman, konklizyon Diferan tip plan Asosyasyon plan ak sijè Ajansman enfòmasyon Paragraf ak alineya Konektè lojik Koyerans Gramè, òtograf	
<i>Fason pou n evalye elèv la:</i> - Fè yon kòmantè tèks literè - Fè yon disètasyon sou tematik zèv literè sa yo trete			

Inite aprantisaj 8 : Pwogrè teknolojik(12 èdtan)

Konpetans nou vize :

- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral
- Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl
- Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn

Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengistik	Dokimantè ak metodolojik	
Li, konprann, apresye divès kalite dokiman ak repòtaj sou pwogrè teknolojik Sèvi ak referans syantifik (etid, done, travo...) pou apiye yon refleksyon, defann yon pozisyon Rezime yon tèks syantifik	Chan leksikal ak chan semantik plizyè domèn teknolojik Vokabilè teknik nan diferan domèn an (matematik, medsin, entènèt ak rezo sosyo...) Fòmilasyon ipotèz Fraz konplèks Tradiksyon tèm teknik Ekpresyon pase, prezan, fiti Tèminoloji: etid vokabilè ki lye	Rechèch sou vokabilè spesyalize an kreyòl (konsilte travay akademi kreyòl ayisyen an) Analiz tèks inivèsitè ou syantifik nan yon domèn patikisye (konsilte kèk piblikasyon an kreyòl inivèsitè ayisyen, tankou piblikasyon Fakiltè lengwistik ayisyen. Objektif la se montre elèv yo kòman yo ka itilize lang kreyòl la nan domèn syantifik epitou abòde tèm devlopman teknolojik la a travè tèks sa yo. Youn nan aktivite ki ka fèt pou pèmèt elèv yo rantre nan tèm pwogrè teknolojik la se fè yo konpare, nan yon domèn presi : 1. Sa ki pat egziste nan lane 1990 yo 2. Sa ki evolye (sa ki genyen	Fè rechèch pou prezante yon domèn aktivite ki devlope gras a pwogrè teknolojik (pa egzamp : transpò, lasante, kominikasyon...) Itilize egzamp, ilustrasyon ak done estatistik pou montre evolisyon yon domèn Fòmile ipotèz sou pwogrè ki ka fè nan 20 a 30 lane nan diferan domèn Prezante agiman pou montre impak progrè teknolojik sou lavi moun (amelyorasyon kalite lavi, danje...) Tout travay sa yo ka fèt an gwoup pou fasilite pataj ak refleksyon

	ak pwogrè teknolojik Anpwen leksikal (mo ki lye ak pwogrè teknolojik kreyòl la prete nan men lòt lang. Mo konpoze (fòmasyon ak òtograf mo savan yo) Chan leksikal(rezo leksikal ki lye ak pwogrè teknolojik) Tradui de ekstrè tèks syantifik ki ekri an franse oswa angle an kreyòl	kounye a) 3. Sa yo ka imagine nan menm domèn sa nan 10 oswa 20 ans Pou twazyèm pwen sa a, yo ka fòmile ipotèz (estrikti ki apwopriye), a pati de imajinasyon yo. Egzèsis sa a ka fèt sou fòm tablo Avan-Kounye a- Nan 20 an Pou chak tan/peryòd, yo ka redije yon tèks prezantasyon kote y ap itilize tèm teknik epòk la, tan ki koresponn a peryòd la (prezan, pase, fiti) elatriye.	
Fason pou n evalye elèv la: - Analize, komantè, rezime yon tèks konplè - Prezante yon dosye sou yon sijè aloral et a lekri - Elabore yon agimantasyon - Fòmile ipotèz sou sa k ap vini			

S3 Période 2 : LITERATI AN KREYÒL - KOMINIKASYON AK SOSYETE			
<i>Inite aprantisaj 3 : Otobyografi, pòtre, otopòtre (6 èdtan)</i> Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sitiyasyon
	Lengwistik	Dokiman ak metodolojik	
Dekouvri sa yon resi otobyografik ye, sa ki karakterize l Li, apresye, analize plizyè divès tèks otobyografik (tèks entegral oswa ekstrè) Li, analize imaj fiks (otopòtre, sèlfi...) Itilize règ ekriti otobyografi pou pale de tèt ou, de lavi w, de sa ken enterese w ou ki touche w	Fonksyon mo yo nan yon fraz: Sijè, predika, Konpleman. Pwonon ki dominan nan biyografi ak otobyografi Advèb, endis pasyal ak tanporèl nan yon zèv literè Vokabilè ekspesyalize (tèminoloji) Chan leksikal, chan semantik Rezo leksikal nan yon zèv literè (resi)	Direferan otè ki ekri resi ki prezante sou fòm biyografi oswa otobyografi. Egzanp Ti Jak/ Carrié Paultré, Tifi/ Saïka Ceus; Agase Lesperans/ Lyonnel Trouillot. Dokiman sou analiz yon tèks literè, prensipalman biyografi ak otobyografi (kreyòl alèkile) Biyografi ekri ki ekri resi (biyografi/otobyografi) nan kreyòl ayisyen sou sit:https://ile-en-ile.org Gid nimerik pou ansèyman kreyòl ayisyen an Rezime, analiz ak sentèz diferan ekstrè nan zèv ki trete menm tematik yo Lekti aktiv, komantè, ak disètasyon sou zèv sa yo Lekti aktiv dokiman ak egzèsis pratik sou nosyon gramè, otograf ak leksik yo	Analiz ak kòmantè tèks literè yo tankou biyografi ak otobyografi Prezantasyon pèsone chak elèv nan diferan kontèks (bay yon gwoup zanmi osinon nan yon kontèks ki pli fòmèl) Pwodiksyon otobyografi (otopòtre) Pwodiksyon diferan tip tèks ki respektè prensip tèks literè yo Disètasyon sou diferan tematik zèv yo etidye yo trete Egzèsis pratik sou nosyon gramè, leksik ak otograf yo
Fason pou n evalye elèv la: - Analiz literè, kòmantè tèks ak disètasyon sou diferan zèv yo etidye yo - Pwodiksyon tèks literè pèsone sou baz modèl yo etidye yo - Egzèsis pratik ak pwodiksyon sou nosyon gramè, leksik ak otograf			

<i>Inite aprantisaj 4 : Viv ansanm nan yon sosyete (6 èdtan)</i> Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodolojik	
Bay opinyon nou sou tèms ak valè inivèsèl yo yon fason klè e ki konvenk moun lè n ap pale ak lè n ap ekri Patisipe nan konvèsasyon sou sijè konsènan lasosyete tout pandan n ap respekte règ pou pran lapawòl yo ak pwennvi moun n ap pale avèk li a Konprann epi analize divès agiman yo prezante nan yon diskou oral ak ekri Konprann epi aplike divès pwosede pou prezante agiman klè nan langaj pale ak ekri	Agimantasyon ak rezonman Diferan tip agiman yo òganizasyon yon tèks agimantatif Diferan tip rezonman yo (endiktik, dediktif, rezonman konsesif, rezonman analogik) Konektè lojik yo nan yon agimantasyon Vokabilè ki lye ak demokrasi ak respè dwa moun	Tèks ak lòt dokiman odyo-vizyèl sou nosyon solidarite ak respè dwa moun Deklasyon dwa moun ak sitwayen (1789) Deklarasyon inivèsèl dwa moun ak sitwayen (1948) Analiz ak sentèz tèks Ekspoze ak deba sou tèms tankou solidarite, respè dwa moun ak viv ansam	Analiz ak kòmante tèks agimantif Ekspoze sou tèms: solidarite, respè dwa moun, jistis sosyal Pwosè fiktif sou menm tèms sa yo Agimantasyon pour defann pwennvi ak pozisyon w sou youn nan tematik sa yo
<i>Fason pou n evalye elèv la:</i> - Analize yon tèks agimantatif - Defann byenn pozisyon nan yon tèks agimantatif osinon nan yon diskou oral - Prezante yon dosye tematik sou youn yon sijè sosyete			

<i>Inite aprantisaj 7 : Woman(12 èdtan)</i> <i>Konpetans nou vize :</i> - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodologik	
Idantifye chema naratif, lide presipal, wòl pèsonaj yon resi (nouvèl) Idantifye valè ki gen nan yon woman ak ideyoloji ki ka dèyè l Repere, konprann kontèks istorik yon woman Bay avi pèsone l ou sou yon tèz, yon sistèm valè, yon ideyoloji Li, analize yon zèv literati inivèsèl ki tradui an kreyòl epi konpare l ak vèsyon orijinal la Fè yon ekspoze sou yon tèms ki travèse plizyè woman Entegre prensip redaksyon yon disètasyon	Diskou rapòte : - diskou rapòte dirèk - diskou rapòte endirèk - diskou rapòte endirèk lib - diskou narativize Etid vèb : tan, mòd ak aspè Tan ki dominan yo nan yo resi : pase, prezan narasyon Vokabilè ki lye ak tèmski nan yon resi Chan leksikal ki dominan yo Chan semantik	Dokiman sou analiz yon resi (chema naratif, chema aktansyèl, fokalizasyon...) Diferan woman ak nouvèl ki ekri nan kreyòl ayisyen an: Tijak, Dezafi, Lanmou pa gen baryè, Bèbè gòlgota, Nan lonbray inosans, Agase lesperans, Ti fi elt. Lekti, teknik analiz ak kòmantè resi Prezantasyon ak ekspoze sou romansye ayisyen ki ekri an kreyòl ak zèv prensipal yo ekri yo Teknik disètasyon sou tematik zèv sa yo trete Fich lekti Rezime kèk woman Sentèz sou woman ki trete menm tematik yo	Lekti diferan zèv ki trete menm tematik la Ekspoze sou otè ki ekri woman, nouvèl an kreyòl ak zèv prensipal yo Reyalizasyon fich lekti sou zèv yo Analiz epi kòmante zèv literè sa yo pou idantifye kontèks yo pwodui, sijè yo abòde ak ideyoloji yo degaje Disètasyon ak kòmantè literè Idantifye diferan fòm diskou rapòte ki nan resi sa yo eksplike kontèks itilizasyon yo. Jwenn rezo leksikal pou plizyè zèv ki trete menm tematik la
Fason pou n evalye elèv la: - Analiz literè - Kòmantè tèks ak disètasyon sou diferan zèv yo etidye yo - Pwodiksyon tèks literè pèsone l sou baz modèl yo etidye yo - Egzèsis pratik ak prodiksyon sou nosyon gramè, leksik ak òtograf yo etidye yo			

<i>Inite aprantisaj 6 : Reyalize yon rechèch, prezante yon dosye tematik (12 èdtan)</i> <i>Konpetans nou vize :</i> - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
<i>Abilite ak atitid nou dwe mete an plas</i>	<i>Resous</i>		<i>Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon</i>
	<i>Lengwistik</i>	<i>Dokimantè ak metodolojik</i>	
Elabore yon ekspoze aloral pandan 15 a 20 minit pou prezante rezilta yon rechèch sou yon tematik oubyen yon sijè sosyete Prepare yon fich lekti sou yon pledwaye ou tande Tradui an kreyòl plizè atik dekarasyon inivèsèl dwa moun	Teknik , prensip ak pwosede tradiksyon yo Pwovèb ak ekspresyon idyomatik yo Analiz kontrasttiv Franse/kreyòl Vokabilè ki lye ak anviwònman epi devlopman teknoloji	Dokiman sou prensip ak teknik tradiksyon Teknik pou byen pran nòt Ekstrè tèks sou anviwònman ak devlopman teknoloji Deklarasyon dwa moun, 1789 Deklarasyon inivèsèl dwa, 1948. Teknik rezime, analiz ak sentèz tèks Ekspoze sou tematik	Pwodiksyon tèks pou fè pledwaye sou sou yon sijè sosyete Analiz tèks sou devlopman teknoloji Ekspoze ak dosye tematik sou yon sijè sosyete
<i>Fason pou n evalye elèv la:</i> - Analiz, kòmantè ak pwodiksyon tèks sou tematik presi -Tradiksyon tèks, pwovèb ak ekspresyon idyomatik - Fè kontrandi yon prezantasyon oswa yon deba			

S3 Période 3 : LITERATI AN KREYÒL - KOMINIKASYON AK SOSYETE			
Inite aprantisaj 7 : <i>Fè yon ekspoze oral, patisipe non yon deba</i> (12 èdtan) Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodolojik	
Elabore yon ekspoze aloral pandan 15 a 20 minit pou prezante yon zèv literè ou atistik Defann yon pwendevi aloral Reyalize yon fich lekti Prezante biyografi yon otè Itilize prensip redaksyon tèks otobyografik pou prezante tèt ou, pale de moman ou evènman nan lavi w Rakonte yon evènman difisil ou viv Aplike règ disètasyon pou trete yon sijè konplèks	Kategori mofosentaks: adjektif diferan tip adjektif, etid konparatif: egalite, enferyorite, siperyorite, sipèlatif yo ak pwonon (diferan pwonon) yo. Fonksyon adjektif ak pwonon yo nan yon enonse Relasyon ant mo Vokabilè emosyon, santiman Metòd kreyasyon mo: neyolojis yo nan yon zèv literè Itilizasyon mo yo nan diferan kontèks (chan semantik)	Ekspoze ak prezantasyon sou divès tèks literè osinon atistik Lekti ak analiz woman oswa tèks otobyografik Lekti, analiz ak kòmantè tèks literè Sentèz divès tèks ki trete menm tematik la Reyalizasyon fich lekti Disètasyon sou tematik tèks sa yo trete	Prezantasyon biyografi yon otè Prezantasyon otobyografik nan yon tèks literè ki suiv modèl yo etidye yo Pwodiksyon resi pou rakonte evènman ki make lavi yo Defann yon pwennvi aloral sou yo zèv osinon yo otè ou etidye
Fason pou n evalye elèv la: - Analiz literè - Kòmantè teks ak disètasyon sou diferan zèv yo etidye yo - Pwodiksyon tèks literè pèsonel sou baz modèl yo etidye yo (otobyografi) - Egzèsis pratik ak prodiksyon sou nosyon gramè, leksik ak òtograf yo etidye yo.			

S3 | Période 4 : LITERATI AN KREYOL - ANVIWÒNMAN AK TEKNOLOJI

Inite aprantisaj 8 : Entènèt ak rezo sosyal yo (12 èdtan)

Konpetans nou vize :

- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral
- Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl
- Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn

Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengistik	Dokimantè ak metodolojik	
Reyalize yon entèvyou Chèche, analize, epi sèvi ak enfòmasyon yo bay sou entènèt pou anrichi nou Redije yon paj sou yon rezo sosyal pou prezante yon atis oswa yon pèsonaj istorik ou renmen Pwodui yon refleksyon sou itilizasyon nouvel teknoloji pou devlopman peyi a nan diferan domèn	Tip ak fòm fraz yo Diferan tip entèwogasyon pou reyalize yon entèvyou Vokabilè ki lye ak entènèt ak rezo sosyal Tan yo ak valè itilizasyon yo nan yon enonse Karakteristik tèks agimantatif (rapèl)	Tèks ak dokiman odyo-vizyèl sou entènèt ak rezo sosyal Tèks ak dokiman odyovizyèl, desen sou nouvel teknoloji enfòmasyon ak komunikasyon Analiz, komantè ak sentèz tèks sou entènèt ak rezo sosyal Ekspoze sou tèm entènèt ak rezo sosyal (feknyouz, imaj degradan men tou, itilite ak bon itilizasyon rezo yo)	Echanj sou itilizasyon entènèt ak rezo sosyal (kote positif, kote negatif) Elabore yon mini leksik (200 mo) sou entènèt ak rezo sosyal Pwodui yon tèks pou montre enpòtan nouvel teknoloji enfòmasyon ak komunikasyon Bay pozisyon sou itilizasyon rezo sosyal yo nan sistèm eskolè ayisyen
Fason pou n evalye elèv la: - Analiz, kòmantè ak pwodiksyon tèks sou entènèt ak rezo sosyal yo - Elabore yon kesyonè sou fò entèvyou - Prezante agiman sou bon ak move itilizasyon rezo sosyal yo			

SEGONDÈ 4

Peryòd 1 6 semèn – 18 èdtan	Peryòd 2 5 semèn – 15 èdtan	Peryòd 3 8 semèn - 24 èdtan	Peryòd 4 9 semèn – 27 èdtan
LANG AK KILTI KREYÒL IA 1 = 9 èdtan Lank kreyòl kòm zouti kominikasyon nan tout domèn	LITERATI AN KREYÒL IA 3 = 6 èdtan Teyat	LITERATI AN KREYÒL IA 5 = 12 èdtan Pwezi	LITERATI AN KREYÒL IA 7 = 12 èdtan Reyalize yon disètasyon
LANG AK KILTI KREYÒL IA 2 = 8 èdtan Rejis lang, sitiyasyon kominikasyon nan tout domèn	KOMINIKASYON AK SOSYETE IA 4 = 6 èdtan Medya ak enfòmasyon	KOMINIKASYON AK SOSYETE IA 6 = 9 èdtan Elabore yon kesyonè, reyalize yon entèvyou	ANVIWONNMAN AK TEKNOLOJI IA 8 = 12 èdtan Pwogrè teknolojik
IP 1 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 2 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 3 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon	IP 4 = 3 èdtan Pwojè ant disiplin ak disiplin + evalyasyon

S4 Période 1 : LANG AK KILTI KREYÒL			
<i>Inite aprantisaj 1 : Lang kreyòl kòm zouti kominikasyon nan tout domèn</i> (9 èdtan) Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodolojik	
Idantifye sityasyon kominikasyon kote yo itilize lang kreyòl la nan sosyete a Analize wòl ak fonksyon lang nan diferan domèn kominikasyon fòmèl Konprann e analize lisaj lang kreyòl ak lòt lang ki nan espas ayisyen an (franse, angle, panyòl)	Diferan tip kominikasyon Chema kominikasyon klasik la Korespondans administratif : lèt, kontrandi, rapò nòt administratif elt Mak tan ak aspè tan ki dominan nan diskou enfòmatif) Chan leksikal kominikasyon Entèferans (leksikal, fonolojik, sentaksik) ki kapab genyen nan itilizasyon lang kreyòl parapò ak lòt lang li an kontak (fransè, anglè, panyòl) Metòd kreyasyon mo: anpwen leksikal (mo kreyòl pran nan men lòt lang	Dokiman odyo ak videyo kote y ap itilize lang kreyòl nan divès sityasyon kominikasyon diferan (lekòl, laprès, nan mache, nan lari, nan zantimantay...) Lekti aktif, rezime, analiz ak kòmantè tèks Teknik redaksyon lèt ak dokiman administratif	Analiz ak sentèz tèks sou lang ak kilti kreyòl Idantifye diferan eleman ki nan yon chema komnikasyon epi presize wol chak eleman sa yo Sèvi ak lang kreyòl la pou prezante w nan diferan kontèks kominikasyon Pwodui diferan tip tèks administratif
Fason pou n evalye elèv la: - Pwodiksyon divès kalite tèks fòmèl pou kominike (lèt, dokiman administratif, nòt ekri...) - Idantifye pwodui divès tip ak fòm fraz yo - konprann divès metòd pou fòme mo nan kreyòl ayisyen an			

Inite aprantisaj 2 : Rejis lang ak sityasyon kominikasyonfòmèl(8 èdtan) Konpetans nou vize : - <i>Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral</i> - <i>Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl</i> - <i>Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn</i>			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokiman ak etodolojik	
Distenge diferan rejis lang Idantifye diferans sityasyon kominikasyon fòmèl ak non fòmèl Pwodui tèks kòrèk ki koresponn a sityasyon kominikasyon Pwodui divès kalite tèks administratif ak yon entensyon kominikasyon	Kominikasyon ak enonsiyasyon Sityasyon enonsiyasyon Diferan tip enonse Endis enonsiyasyon (pwonon, advèb...) Endis tan: etid vèb ak valè tan vèb yo nan diferan tip enonse Endis lye (advèb lye yo ak lòt konektè espasyal yo) Vokabilè espesifik ki lye ak chak rejis lang yo Rejis relache Rejis familye Rejis kouran Rejis soutni Varyasyon (leksikal, sentaksik, fonolojik) ak rejis lang	Tèks ekri (jounal bòn nouvèl) ak oral (Ayibopost, Lavwadlamarik...) ki prezante divès sityasyon kominikasyon fòmèl Dokiman ekri ak oral pou idantifye diferan rejis lang yo Dokiman odyo ak videyo sou diferan fòm pale ayisyen yo parapò ak rejyon yo soti (Nò, Lwès, Sid) Tèks pou idantifye tip ka fom fraz yo Premye rezolizyon òtograf kreyòl Ayisyen, kademi kreyol Ayisyen(Jen 2017) Dezyèm rezolizyon òtograf kreyòl Ayisyen, kademi kreyòl Ayisyen (Septanm 2023) Sikilè ministè edikasyon nasyonal sou fason yo dwe ekri kreyòl (31 Janvyè 1980) Rezime, analize, sentèz epi konpare tèks yo Lekti dokiman yo Egzèsis pratik sou nosyon teyorik yo	Analiz tèks ki prezante divès sityasyon kominikasyon pou ou kapab idantifye diferan rejis lang yo ak diferan tip varyasyon lengwistik yo. Idantifye diferan fraz konplèks yo nan yo nan yon dokiman ekri oswa oral Koriye yon tèks kreyòl ki gen fot òtograf
Fason pou n evalye elèv la: - <i>Analize pwodiksyon divès sityasyon kominikasyon pou idantifye rejis lang yo</i> - <i>Idantifye epi pwodui diferan tip ak fom fraz yo</i> - <i>Ekri nenpòt tèks nan kreyòl ayisyen an epi kapad transkri yon tèks kreyòl nan alfabè fonetik entènasyonal la</i>			

S4 Période 2 : LITERATI AN KREYÒL - KOMINIKASYON AK SOSYETE Inite aprantisaj 3 : Teyat (6 èdtan) Konpetans nou vize : - <i>Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral</i> - <i>Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl</i> - <i>Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn</i>			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodolojik	
Dekouvri epi analize tout eleman ki konpoze yon zèv teyatral : entrig, dyalòg, misansèn, dekò ... Li, apresye, analize valè estetik yon zèv teyatral Idantiye diferan rejis jan teyatral la (komik, trajik...) Konprann espesifisite dyalòg nan non pyès teyat Konprann jan yo itilize teyat pou denonse de sityasyon sosyal, pwomouvwa de lide...	Diskou rapòte Diferan fòm diskou nan yon pyès teyat Konstriksyon yon dyalòg Modalizasyon :souzantandi ak presipoze Reprezantasyon grafik fraz (fòm pyebwa, fòm bwat...) Etid diferan figi retorik yo prensipalman sa yo plis itilize nan tèks dramatik yo Etid pwovèb yo ak enpotans itilizasyon yon an zèv literè tankou teyat	Antigòn adapasyon felix Morisseau Leroy TizouteT(theodore Beaubrun) Kraze lanfè (Raphael Stines) Travay sou pyès teyat ak sketch otè aktyèl : tankou Gaëlle Bien-Aimé, dezirab, tonton bicha elt Dokiman sou analiz yon pyès teyat/tèks ki prezante diferan figi retorik yo Analize, kòmantè pyès teyat sa yo epi fè disètasyon sou divès tematik yo trete yo Figi retorik nan yon pyès teyat	Gade oswa li diferan pyès teyat ki pwopoze yo, idantifye diferan eleman teyòrik nou etidye yo epi fè prezantasyon senik youn ladan yo Analize epi reprezante sou fòm grafik kèk fraz nan pyès teyat sa yo Li dokiman sou analiz ak reprezantasyon grafik fraz otograf mo konpoze yo nan kreyòl ayisyen Li dokiman sou diferan figi retorik yo Fè egzèsis pratik sou nosyon sa yo
Fason pou n evalye elèv la: - <i>Gade yon pyès teyat, fè rezime l epi analize l a pati de griy analiz anseyan pwopoze a</i> - <i>Idantifye diferan figi retorik ki nan yon pès tèks. Pwodui kèk enonse ki genyen menm figi estil sa yo</i> - <i>Analize epi fè reprezantasyon grafik kèk fraz ki nan pyès teyat sa yo</i> - <i>Ekri yon dyalòg pou yon pyès teyat</i>			

<i>Inite aprantisaj 4 : Medya ak enfòmasyon (6 èdtan)</i> Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodologik	
Idantifye epi note divès enfòmasyon enpòtan ki genyen nan yon diskou. Konprann karakteristik kominikasyon atravè yon jounal nimerik Analize epi mete lòd nan divès enfòmasyon konsènan yon sijè oswa yon kesyon yo poze epi asosye yo ak konsepsyon nou te genyen déjà	Etid kategori mòfosentaks yo òganizasyon fraz (lòd nan yon fraz kreyòl) òganizasyon tèks (koyezyon ak koyerans tèks/ refòmilasyon lide) Relasyon ant mo yo: sinonimi, omonimi, antonimi, pawonimi. Chan leksikal/chan semantik Etid nosyon anbigite nan yon enonse (anbigite leksikal/anbigite sentaksik)	Dokiman odyo-vizyèl ak ekri y ap ajwenn divès medya ki itilize lang kreyòl. y ap kapab jwenn tèks sa yo, nan jounal bon nouvèl, AyiboSport, lawadlamerik (Jounal kreyòl) osinon lòt medya tradisyonel yo tankou radyo karyib, televizyon nasyonal elt Dokiman sou nosyon gramè, leksik ak òtograf ki mache ak tematik la. Analiz, rezime ak sentèz kontni ki soti nan diferan medya ki trete yon menm sijè : tankou respè dwa moun, yon evènman nasyonal elatriye	Analize ekstrè ki soti nan jounal (ekri/odyo-vizyèl), korije entèferans ki ladan yo epi mete yo nan rejis fòmèl Sou baz modèl yo etidye yo, pwodui kèk atik jounal sou tematik dwa moun osinon lòt pwoblèm sosyo-ekonomik peyi a ap sibi Fè kontrandi sou reyinyon ou lòt aktivite yo suiv Prepare kèk entèvyou Analize diskou oral osinon ekri ki pwodui nan divès sityasyon kominikasyon diferan
Fason pou n evalye elèv la: - Analize, rezime epi fe sentèz diferan tèks enfomatik ki trete menm tematik la - Jwenn yon rezo leksikal nan yon tèks - Idantifye kèk enonse ki gen anbigite, presize ki tip anbigite yo genyen			

S4 | Période 3 : LITERATI AN KREYÒL - KOMINIKASYON AK SOSYETE

Inite aprantisaj 5 : **Pwezi**(12 èdtan)

Konpetans nou vize :

- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral
- Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl
- Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn

Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokiman ak etodolojik	
Apresye yon zèv literè ekri an kreyòl, pote jijman sou si, reflechi sou valè estetik li Repere fòm pwezi kreyòl la pran depi nan kòmansman jis jodya Repere nan yon powèm kritè ki ka pèmèt ou idantifye nan ki kouran literè oswa atistik li sòti Dekouvri epi analize tout eleman ki konpoze yon zèv powetik Rekonèt e apresye mwayen yon otè itilize pou li pwovoke sou lektè a yon efè estetik apati sason li sèvi ak lang nan /pwezi	Fonetik: rim, asonans, aliterasyon Envèsyon, repetisyon yon menm estrikti, repatisyon sengilye pliryèl Chan leksikal Polisemi Konotasyon Konparezon Metafò Alegori Rapèl sou : - fonksyon mo yo (sijè, predika, konpleman...) - diferan figi retorik yo prensipalman sa yo plis itilize	Fonksyon powetik atravè jwèt fonetik yo (rim, asonans, alitarasyon) Konesans sous istwa pwezi kreyòl an Ayiti Jwèt gramatikal yo ak sentaksik (envèsyon, repetisyon yon menm estrikti, repatisyon sengilye pliryèl...) Jwèt leksikal yo (paralelis ak opozisyon, repetisyon, pèsonifikasyon, chan leksikal, polisemi, konotasyon, konparezon, metafò...) Jwèt ritmik (koup, kadans, anjanbman...) Aktivite sou yon ansanm tèks ki baze sou yon tèm tankou : lanmou pou lapatri, lapè, linyon, tèt ansanm, vi sosyal...	Travay an gwoup: Fè rechèch sou lavi 4 powèt diferan ki ekri nan kreyòl ayisyen an. Nan yon premye tan elèv yo ap fè rechèch nan bibliyotèk oswa entènèt sou pou chèche enfòmasyon sou yon powèt ayisyen (byografi, zèv li ...). Gwoup yo ap konpare tout enfòmasyon yo genyen sou otè yo. Après, yo ap chwazi tèks pou yo li devan klas la. Aprè travay sa a, yo ka analize yon tèks yo chwazi dapre kritè analiz pwofesè a ba yo oswa fè reprezantasyon senik kèk tèks powetik

	lè y ap fè pwezi - wòl pwovèb yo nan yon tèks literè tankou pwezi	Griy analiz tèk powetik Kèk referans/ resous : - Anthologie bilingue de la poésie créole haitienne de 1980 à nos jours, Atelier Jeudi soir / Actes Sud (Auteur Collectif, 192 p, 2015) - Sit entènèt https://ile-en-ile.org - Diferan publikasyon powèt tankou Georges Castera, FranckEtienne, Illeus papillon, Bonel Auguste, Rene Philoctete elt ki ekri pwezi nan kreyol ayisyen an	
Fason pou n evalye elèv la: - Sitiye yon tèks nan kontèks evolisyon istwa pwezi kreyòl an Ayiti - Li yon tèks powetik pou fè pase yon emosyon - Analize, kòmante tèks powetik ki prezante sou divès fòm (lib, fiks). Fè disètasyon sou tematik powèm sa yo trete. - Jwenn diferan figi estil ki nan yon tèks			

<i>Inite aprantisaj 6 : Elabore yon kesyonè, reyalize yon entèvyou (9 èdtan)</i> Konpetans nou vize : - Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral - Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl - Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn			
Abilite ak atitud nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodolojik	
Reyalize yon entèvyou Prepare yon kesyonè Sèvi ak sipò vizyèl ki byen adapte pou bay kontrandi sou rezilta yon travay nou te fè anvanm, yon pwojè Ekri divès tip tèks pou bay enfòmasyon sou yon sijè oubyen sou yon sityasyon	Fraz entèwogatif/ diferan tip entèwogasyon yo Kesyon pou redije yon atik pou bay enfòmasyon oubyen chèche enfòmasyon nan yon piblikasyon: Kilès, kilè, kibò, poukisa, kouman Koyerans ak koyezyon kesyon/repons Chan leksikal Konpleman non, advèb, adjektif kalifikatif ki pote yon presizyon sou yon antite Nominalizasyon (transfòmasyon yon fraz vèbal an fraz nominal. Egzanp : pri pwodui yo ogmante depi pase dis lane : ogmantasyon pri produi yo depi pase 10 lane Refòmilasyon fraz (senplifikasyon, rediksyon, sinonim...)	Obsèvasyon òganizasyon yon tèks enfòmatif (travay sitou sou jounal papyè ki byen ekri). Fè elèv yo chèche prensipal enfòmasyon yo a pati de 5 kesyon (kilès, kilè, kibò...). Yo ka chèchè lòt enfòmasyon nan tèks yo tou a pati de lòt endis. Lòt sipo ki ka itilize : videyo, odyo, desen (karikati) ki pibliye nan divès medya ki sèvi ak lang kreyòl la tankou Ayibopost, Lavwadlamerik ak lòt medya tradisyonèl yo Travay la dwe fèt tou sou tit atik oswa tèks yo ap ekri yo. Egzèsis ki chita sou fraz nominal yo ap itil pou travay tit tèks yo gen pou presante yo Egzèsis refòmilasyon fraz	A pati de yon sijè presi, elèv yo ka prepare yon kesyonè pou yo reyalize yon entèvyou, rakonte yon evènman ki pase nan lekòl la, nan katye yo. Yo ka imajine yon evènman tou. Sa ki pi enpòtan, se kòman yo ap elabore kesyonè epi prezante yon enfòmasyon (reyèl ou imajinè) Entèvyou atis, manb administrasyon lekòl la, yon pwofesyonèl nan lantouraj yo, yon pèsonalite piblik (si yo gen posiblite a) Itilize sipò nimerik tankou gougèl fòm pou reyalize yon kesyonè Travay sa yo ka fèt an gwoup ak yon repatisyon tach Lòt aktivite ki ka fèt, se reyalize yon jounal ak plizè ribrik ladann an fonksyon de sant enterè yo (yon mini pwojè ki ka asosye a lòt disiplin yo tankou franse, ITAP, Istwa)
Fason pou n evalye elèv la: - Elabore yon kesyonè pou jwenn enfòmasyon sou yon sijè, yon evènman... - Prezante yon enfòmasyon sou divès fòm (entèvyou, atik, nòt eksplikatif...)			

S4 | Période 4 : LITERATI AN KREYÒL - ANVIWÒNMAN AK TEKNOLOJI

Inite aprantisaj 7 : Pwodui yon disètasyon(12 èdtan)

Konpetans nou vize :

- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral
- Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl
- Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn

Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sitiyasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak etodolojik	
Planifye e redije ekri agimantatif tankou kòmantè, disètasyon an relasyon ak yon zèv ou etidye nan respè gramè ak òtograf lang kreyòl la <u>Kòmantè tèks literè :</u> Li, konprann yon tèks Elabore yon plan koyeran e lojik Redije yon bouyon (entwodiksyon, devlopman, konklizyon) <u>Disètasyon:</u> Konprann yon sijè Chèche lide	Rive nan S4, elèv yo sipoze genyen yon bon nivo metriz gramè ak òtograf kreyòl la. Pou asire mizannèv konpetans sa yo nan nivo sa a, anseyan an ap favorize aprantisaj gramè fraz tankou grapè tèks dwe fèt anmèntan. Se nan moman elèv la ap pratike lekti osinon ekriti pou envite li obsève estrikti lang lan, konstriksyon sentaksik yo. Li dwe pwofite pou li evalye sans fraz la e wòl li jwe nan tèks la parapò a pwogresyon enfòmasyon ak koyerans tèks la. Aprann elèv yo dekouvri sans mo yo dapre fonksyon yo nan fraz la. Ede elèv yo tou dekouvri nan tèks lekti yo diskou rapòte yo (dirèk ou endirèk) ak tout mak ki	<u>Kòmantè tèks</u> Teknik lekti yon tèks pou fè kòmantè Lekti lineyè (nètale) Lekti analitik Idantifikasyon tip tèks Metòd apwoch plan tèks Klasman lide Teknik pou redaksyon Koyerans, gramè, òtograf <u>Disètasyon</u> Diferan tip disètasyon Teknik pou redaksyon:	Travay an gwoup : A pati de yon sijè, elèv yo ap reflechi ansanm sou yon pwoblematik ak yon plan detaye (plan dyalektik tèt/antitèt). Yo ka rasanble tout konsepsyon yo gen sou sijè a. Après, chak elèv ap redije bò kote pal disètasyon an. Menm demach preparasyon sa a ka fèt tou pou kòmantè literè a

Elabore yon plan ki koresponn a yon sijè Itilize agiman pètinan e apwopriye Òdone e devlope agiman yo ak tout egzanp Redije entwodiksyon, devlòman ak konklizyon Defann yon tèz aloral Aplike règ disètasyon pou trete yon sijè konplèks	karakterize yo (vèb ki entwodui yo, ponktiwayon, fraz ki dekoupe ladan yo. Òganizasyon ak fonksyonman gramè fraz tankou gramè tèks Divès tip ak fòm fraz nan yon kontèks: Tip: deklarativ, entèwogativ, eksklamativ, enperativ Fòm: afimativ, negativ, anfatik Fraz ki pèmèt eksprime kondisyon, kòz, konsekans, bi, konsesyon... Makè ki sèvi pou marye lide nan yon tèks : fraz sibòdone relativ, konpletiv, sikonstansyèl, tan, koz...	entwodiksyon, devlòpman, konklizyon Diferan tip plan Asosyasyon plan ak sijè Ajansman enfòmasyon Paragraf ak alineya Konektè lojik Koyerans Gramè, òtograf	
Fason pou n evalye elèv la: - Fè yon kòmantè tèks literè - Fè yon disètasyon sou tematik zèv literè sa yo trete			

Inite aprantisaj 8 : Pwogrè teknolojik(12 èdtan)

Konpetans nou vize :

- Koute, konprann, apresye yon tèks literè ak lòt kalite diskou oral
- Li, konprann, analize, entèprete divès kalite tèks literè, tèks non literè ak dokiman vizyèl
- Pwodui yon tèks sou yon sijè literè ak tout lòt sijè nan diferan domèn

Abilite ak atitid nou dwe mete an plas	Resous		Pwopozisyon aktivite pou aprantisaj oswa pou yon sityasyon
	Lengwistik	Dokimantè ak metodolojik	
Li, konprann, apresye divès kalite dokiman ak repòtaj sou pwogrè teknolojik Sèvi ak referans syantifik (etid, done, travo...) pou apiye yon refleksyon, defann yon pozisyon Rezime yon tèks syantifik	Chan leksikal ak chan semantik plizyè domèn teknolojik Vokabilè teknik nan diferan domèn an (matematik, medsin, entènèt ak rezo sosyo...) Fòmilasyon ipotèz Fraz konplèks Tradiksyon tèk teknik Ekipresyon pase, prezan, fiti Tèminoloji: etid vokabilè ki lye	Rechèch sou vokabilè spesyalize an kreyòl (konsilte travay akademi kreyòl ayisyen an) Analiz tèks inivèsitè ou syantifik nan yon domèn patikisye (konsilte kèk publikasyon an kreyòl inivèsitè ayisyen, tankou publikasyon Fakilte lengwistik ayisyen. Objektif la se montre elèv yo kòman yo ka itilize lang kreyòl la nan domèn syantifik epitou abòde tèk devlopman teknolojik la a travè tèks sa yo. Youn nan aktivite ki ka fèt pou pèmèt elèv yo rantre nan tèk pwogrè teknolojik la se fè yo konpare, nan yon domèn presi : 1. Sa ki pat egziste nan lane 1990 yo 2. Sa ki evolye (sa ki genyen kounye a)	Fè rechèch pou prezante yon domèn aktivite ki devlope gras a pwogrè teknolojik (pa egzamp : transpò, lasante, kominikasyon...) Itilize egzamp, ilustrasyon ak done estatistik pou montre evolasyon yon domèn Fòmile ipotèz sou pwogrè ki ka fè nan 20 a 30 lane nan diferan domèn Prezante agiman pou montre impak progrè teknolojik sou lavi moun (amelyorasyon kalite lavi, danje...) Tout travay sa yo ka fèt an gwoup pou fasilite pataj ak refleksyon

	ak pwogrè teknolojik Anpwen leksikal (mo ki lye ak pwogrè teknolojik kreyòl la prete nan men lòt lang. Mo konpoze (fòmasyon ak òtograf mo savan yo) Chan leksikal(rezo leksikal ki lye ak pwogrè teknolojik) Tradui de ekstrè tèks syantifik ki ekri an franse oswa angle an kreyòl	3. Sa yo ka imagine nan menm domèn sa nan 10 oswa 20 ans Pou twazyèm pwen sa a, yo ka fòmile ipotèz (estrikti ki apwopriye), a pati de imajinasyon yo. Egzèsis sa a ka fèt sou fòm tablo Avan-Kounye a- Nan 20 an Pou chak tan/peryòd, yo ka redije yon tèks prezantasyon kote y ap itilize tèk teknik epòk la, tan ki koresponn a peryòd la (prezan, pase, fiti) elatriye.	
Fason pou n evalye elèv la: - Analize, komantè, rezime yon tèks konplè - Prezante yon dosye sou yon sijè aloral et a lekri - Elabore yon agimatasyon - Fòmile ipotèz sou sa k ap vini			